

VIH/SIDA

abstinans  
= pa fè sèks ditou

# «Genre» oswa sèks: pou ki moun Sa gen enpòtans ?

Yon metòd fòmasyon sou « genre » ak sante repwodiksyon pou jenn ti fi/jenn ti gason ak tout moun k ap travay ak yo

Ak yon louvri je espesyal sou vyalans,  
gwo sèks moun pran san yo pa vle (gwo sèks malè)  
ak avòtman nan move kondisyon


Gwo sèks malè

kapòt



Se yon òganizasyon k ap travay denpi 30 lane nan plizyè kontinan anba planet lan pou pote amelyorasyon nan kondisyon lavi fanm.

300 Market Street, Suite 200. Chapel Hill, NC 27516. EEUU  
e-mail:ipas@pas.org  
Sit entènèt:<http://www.ipas.org>



122 Route des Dalles, Carrefour Feuilles,  
Port-au-Prince, Haïti (W.I)  
Tél : (509) 221-3420  
e-mail : [aprosifa@transnethaiti.com](mailto:aprosifa@transnethaiti.com)

Sit entènèt: <http://www.forefrontleaders.org/aprosifa/aprosifa.htm>



FOKAL: 143, Avenue Christophe,  
B.P. 2720 Port-au-Prince, Haiti, W.I.  
Phone: (509) 224-1509, (509) 224-5421  
(509) 224-1507  
Fax: (509) 224-1507  
Sit entènèt :<http://www.fokal.org>



32, Rue Jean-Baptiste, Canapé-Vert  
Port-au-Prince, Haiti, W.I.  
Phones: (509) 245-2157, 244-4059  
e-mail : [caidhaiti@directway.com](mailto:caidhaiti@directway.com)

« Genre » oswa sèks:  
Pou ki moun  
Sa gen enpòtans ?

Yon metòd fòmasyon sou « genre » ak sante repwodiksyon pou jenn ti fi/jenn ti gason ak tout moun k ap travay ak yo

Ak yon louvri je espesyal sou vyolans, gwosès moun pran san yo pa vle (gwosès malè) ak avòtman nan move kondisyon

Dawout 2004



# Remèsiman

**APROSIFA** vle dabò remèsys ekip **IPAS** ki aksepte ban nou otorizasyon pou n adapte zouti sa a pou pèmèt jèn yo pa bò isit benefisyè bèle travay sa a.

Nou p ap janm sispann apresye solidarite **FOKAL, CHRISTIAN AID, OXFAM GB, ICCO, PUBLIC WELFARE** ki kwè batay chanjman kondisyon sosyal popilasyon an makònèn ak pratik louvri je pou n desitire fil arenyen ki tache nan mantalite yo e ki kanpe an kwa kont byennèt yo.

Nou di **Jean Wilner Steve** mèsi tou davwa li toujou ofri disponibilite I, ak anpil dezenteresman, bay APROSIFA pou travay tradiksyon ki mande tan.

Yon mèsi espesyal pou Guy Renaud pou b`I travay desen li adapte pou metòd sa a.

# Men sa n ap jwenn nan metòd la :

<b>Kisa</b>	<b><u>ki paj</u></b>
Prezantasyon	1
<b>PREMYE PATI: MESYE DAM LASOSYETE, ONÈ!</b>	<b>5</b>
Pou ki moun yo prepare metòd fòmasyon sa a	5
Ki chapant li genyen ?	5
Poukisa zouti sa a nesesè ?	5
Sou ki gwo lide koze ki nan metòd la chita ?	7
<b>DEZYÈM PATI: PREPARASYON AK PLANIFIKASYON</b>	<b>9</b>
Ki eksperyans animatè/z yo dwe genyen?	9
Gid k ap montre n kijan n pou n sèvi ak metòd la	13
Kijan pou n bati yon orè, pou n travay ak metòd la	16
Kisa k pou fèt apre atelye a ?	19
<b>TWAZYÈM PATI : PLAN ATELYE A POU N KÒMANSE</b>	<b>20</b>
Ouvèti atelye a	20
<b>KISA « GENRE » VLE DI? KISA SÈKS VLE DI?</b>	<b>23</b>
Aktivite 1A : Sèks ak « genre » : ki sans mo sa yo genyen ?	23
Aktivite 1B: Konplete pwovèb oswa lòt pawòl paspatou	25
Aktivite 2: Lè m te piti	27
Aktivite 3 : Se « genre », se pa sèks	29
Rezime tout aktivite yo (1-3) pou animatè/z yo	32
<b>REFLEKSYON SOU « GENRE » AK SÈKS</b>	<b>34</b>
Kòmansman travay ak ti gwooup yo	34
Aktivite 4: Ti jwèt sou "genre"	35
Aktivite 5: Pawòl sou sèks	37
Aktivite 6 : Konesans sou koze sèks	41
Aktivite 7 : Refleksyon sou imaj nou jwenn nan reklam	42
Rezime tout aktivite yo (4-7) pou animatè/z yo	44
<b>APLIKASYON LIDE « GENRE » NAN SANTE SEKSYÈL AK SANTE REPWODIKSYON (SSR)</b>	<b>45</b>
Pou n kòmanse	45
Aktivite 8 : Kisa yo rele vyolans ?	45
Aktivite 9 : Eksperyans vyolans	48
Aktivite 10 : Istwa diferan etap nan lavi a	50
Aktivite 11 : Ti jwèt teyat : poukisa ?	52
Aktivite 12 : « Pye » pwoblèm lan	55
Aktivite 13 : Modèl klinik SSR kote jèn yo ka santi yo alèz	59
Rezime tout aktivite yo (8-13) pou animatè/z yo	61
Konklizyon ak evalyasyon	62

<b>DEVWA POU LAKAY</b>	<b>62</b>
Prejije sou « genre » ak sansiblite sou kesyon « genre »	
nan kilti pèp nou an	63
Kisa manman n ak papa n te aprann sou koze sèks ?	63
Ann fè yon modèl reklam ki sansib sou kesyon « genre »	64
Ann mete sou pye kèk pwogram k ap fè klinik SSR yo vin pi bon	64
<b>KATRIYÈM PATI : MATERYÈL SIPÒ</b>	<b>65</b>
Definisyon tèm ki gen rapò ak sèks	65
Definisyon tèm ki gen rapò ak « genre »	66
Definisyon tèm ki gen rapò ak sante seksyèl ak sante repwodiksyon	69
Enfòmasyon sou vyolans	72
Enfòmasyon sou gwochè twò bonè, gwochè malè ak avòtman	74
Enfomasyon sou VIH/EST ak SIDA	75
Kesyonè sou tèm ki gen arevwa ak SSR	77
Ankèt sou sansiblite moun sou koze « genre »	80
<b>SENKYÈM PATI : LÒT AKTIVITE ANDIPLIS</b>	<b>83</b>
Ki atitud ak prensip nou genyen ? Yon aktivite pou animatè/z yo	83
Dega vye kwayans malatyong ka lakòz	84
Fanm/Gason : youn ap gade bèl kalite lòt la genyen	85
Refleksyon sou vye prejije moun genyen	86
N ap sèvi ak ti istwa pou n fouye zo nan kalalou « genre » ak kalalou SSR	88
<b>SIZYÈM PATI : REFERANS AK RESOUS</b>	<b>89</b>
Referans	89
Resous	91



# Prezantasyon

Genre » oswa sèks : Pou ki moun sa gen enpòtans ? Nou tout ta dwe enterese konnen diferans ant « genre » ak sèks epi konnen tou kijan kesyon « genre » lan aji sou sante moun, sitou sante ti jenn fi ak ti jenn gason ki gen yon latrìye rekòt kafe pou yo wè ankò nan lavi yo. Metòd fòmasyon sa a, ki gen ladan I yon liv, kèk fich k ap ede n fè aktivite yo ansanm ak kèk feyè/materyèl sipò, ap ban nou zouti pou n kòmanse etidye kesyon « genre » ak sante seksyèl plis sante repwodiksyon (SSR). Se Ipas ak Health & Development ki te prepare materyèl sa a ak konkou teknik Enstiti pou Edikasyon ak Lasante nan Lima, peyi Pewou, epitou ak Oganisayon Mondyal Lasante (OMS) . Nan lide pou pèmèt plis refleksyon brase sou koze «genre» ak Sèks an Ayiti, APROSIFA adapte materyèl sa a an kreyòl.

Malgre, nan 4 kwen sou latè, gen yon pakèt materyèl louvri je k ap ede moun konprann kesyon « genre » lan menm jan ak kesyon ki gen arevwa ak sante seksyèl plis sante repwodiksyon – tankou VIH/SIDA, enfeksyon seksyèlmam transmisib (EST) (sètadi enfeksyon moun trape nan fè sèks) ak batay kont vyolans, se yon ti kantite dokiman tou piti pwofesyonèl ak volontè, k ap travay ak jèn yo, jwenn pou yo abòde kesyon « genre » lan ak konsekans li genyen sou SSR. Materyèl louvri je n ap prezante la a vin konble vid sa a ak :

- 1) yon metòd fòmasyon ki gen ladan I konsèy ak reyakson divès òganizasyon k ap feraye toupatou sou latè, sa k ap pèmèt li ajiste fasilman ak kilti kèlkilanswa pèp la, li te mèt pèp k ap viv nan malsite ;
- 2) yon plan pou devlope ladrès nou lan travay ak jèn yo, yon plan k ap chita sitou sou ranfòsman kapasite yo genyen pou yo jwi lavi yo yon mannyè ki pa depaman ni ak lasante, ni ak reskonsablite yo genyen pou yo fè eksperyans kòrèk, kit se nan domèn seksyèl, kit se nan domèn repwodiksyon .

Metòd fòmasyon sa a pa la pou l pran plas lòt materyèl louvri je ki egziste déjà e ki ka pote pou patisipan nan pwogram nou yo enfòmasyon ak konesans nesesè (tankou, paregzanp, sou sistèm repwodiksyon an, sou zafè sèks ak VIH/SIDA) epi tou ki ankorajé n mete sou pye yon seri aktivite k ap ede jèn yo ranfòse kapasite yo genyen pou yo pran pozisyon nan sa k konsène yo, ak ladrès yo genyen pou yo negosye ak moun parèy yo<sup>1</sup>. Men metòd sa a vle konplete materyèl louvri je ki egziste déjà yo, nan fason I ap ban nou : yon zouti travay ak prensip patisipasyon k ap pèmèt nou fè diferans ant « genre » ak sèks epi k ap pèmèt nou wè tou kijan reyalite « genre » lan aji sou SSR.

## **Travay ki te fèt, pou metòd la te ka anfòm nèt**

Ak konkou plizyè animatè/z lokal ki t ap pote kole youn ak lòt, yo te prezante epi teste metòd fòmasyon sa a nan diferan fòm li te parèt yo. Travay sa a te fèt ak 443 patisipan lan 6 kongrè entènasyonal :

- ◊ 4<sup>ème</sup> kongrè entènasyonal sou SIDA nan kontinan Azi ak nan zile Pasifik yo, Filipin, oktòb 1997 : 95 patisipan
- ◊ 6<sup>ème</sup> Konferans Panamerikèn sou SIDA, Brezil, sektanm 1999 : 65 patisipan
- ◊ 10<sup>ème</sup> Kongrè entènasyonal sou VIH/SIDA nan kontinan Azi ak nan zile Pasifik yo, peyi Malezi, oktòb 1999 : 134 patisipan
- ◊ 12<sup>ème</sup> Konferans Entènasyonal sou VIH/SIDA, Afrikdisid, jiye 2000 : 99 patisipan
- ◊ 11<sup>ème</sup> Kongrè Seksoloji ak Edikasyon Seksyèl, Pewou, oktòb 2000 : 26 patisipan

Moun ki te patisipe nan atelye ki te fèt nan gwo reyinyon sa yo - granmoun ansanm ak jenn moun ki gen ant 24 ak 30 lane – te soti nan peyi Afrikdisid, Ajantin, Babad, Benngladèch, Bimani, Bolivi, Brezil, Kanbòdj, Chili, Ekwatè, End, Endonezi, Etazini, Filipin, Gana, Hong-Kong (Lachin), Irigwe, Jamayik, Kenya, Kolonbi, Kostarika, Lachin Popilè, Lawòs, Lesoto, Malawi, Malezi, Mali, Mongoli, Mozanbik, Namibi , Nepal, Nijerya, Ondiras, Ostrali, Ouganda, Pakistan, Pewou, Pòtoriko, Sendomeng, Senegal, Sengapou, Srilanka, Swaziland, Tayland, Tinizi, Trinidad-Tobego, Vyettam, Wannda, Zanbi ak Zimbabwe. Moun ki te patisipe yo se moun k ap travay lan : ONG , nan domèn ki gen arevwa ak VIH/SIDA, sante jèn yo ak SSR ; lan inivèsite, nan sant sante ak lopital ; nan deputman ministeryèl ; ak nan kèk branch Nasyonzini, tankou PNUD ak UNIFEM.

« Se douvan je Enstiti pou Edikasyon ak la Sante (IES) metòd sa a grandi... yo te sètoblje fè kèk ti chanjman tanzantan ladan, pou yo te ka mete l dakò ak bezwen divès lokalite kote atelye yo t ap dewoule... Jounen jodi a, nou kwè jan l ye a, li pa vag sou diferans ki genyen nan kilti pèp yo ; se poutèt sa, y ap ka sèvi avè l nan divès kominote. Dapre nou, sa k fè l bon pou tout kalte kominote, se paske kesyon « genre » lan ak lide ki vle pou 2 « genre » yo gen menm pwa nan balans lan ap boujonnen nan tout kilti, nan tout jenerasyon. »(Peyi Pewou)

« Yo wè metòd travay yo bay yo, tankou paregzanp, lapli lide k ap tonbe (brainstorming), ti pyès teyat popilè, chita-koze, elatriye, nou ka sèvi ak yo pou nou reflechi sou kesyon ki difisil anpil. Se pi gwo avantaj nou te ka jwenn nan atelye a ; sa pi enpòtan pase si yo te chita ap boure tèt nou ak konesans moun ka blyie trapde. » (Peyi Tannzani)

« Atelye sa a ap ede n amelyore travay nou tout jan, poutèt li fè n vin gen plis dokiman sou kesyon VIH/SIDA ; konsa, li fè vokabilè n vin pi rich. Li bay jèn yo plis ouvèti tou : li pèmèt yo konprann epitou aksepte gen moun ki diferan, gen moun ki pa p viv menm jan ak yo... » (Peyi Zanbi)

« Reyakson patisipan yo pandan ak apre atelye a te pozitif anpil... atelye sa a pote gwo benefis pou patisipan yo nan sa k gen arevwa ak rapò moun ak moun, atitud ak konpòtman yo epitou konsekans bagay sa yo genyen sou domèn sante repwodiksyon. » (Kosovo)

« Atelye a, nan tout longè li, pote anpil enfòmasyon e li chita sou prezantasyon kòrèk yon seri lide ki byen klè. Metòd fòmasyon an itil anpil pou eklesiisman li pote sou pwen kle ki gen rapò ak « genre » ak sèks. Eksperryans [nou] nan aktivite louvri je sa a montre n lan ki moul pou n prepare lòt atelye n ap fè sou tèm ki makònèn ak reyalite peyi Filipin. Nou bat bravo pou lide ki vle pou, nan tout aktivite yo, tout moun mete men, tout moun patisipe. Gen kèk nan patisipan yo ki di yo rive aprann bagay yo pa t konnen, pandan yo t ap amize yo tèt kale. » (Peyi Filipin)



« Tout patisipan, fanm kou gason, deklare yo rive ranmase anpil enfòmasyon yo pa t ap janm jwenn nan liv. Yo panse atelye a vini ak yon metòd enteresan pou moun meble lespri yo nan domèn sante repwodiksyon, yon metòd ki pèmèt tout moun dyaloge epi jwe yon wòl aktif, olye yo rete chita ap li nan liv sèlman. Dapre sa yo tout di, atelye a ba yo okazyon pou yo fouye zo gwo jounen nan kalalou epi reflechi sou koze, nòmalman, moun pè pale nan lasosyete, koze swadizan « maledve ». Okòmansman, patisipan yo te yon ti jan timid, men firanmezi aktivite yo t ap deplòtonnen, yo te santi yo pi alèz. Yon lòt bò, yo wè li enpòtan pou moun toujou pare pou yo fè chita koze sou kesyon sa yo, paske se sa k ka ede sosyete a delivre anba pwoblèm sa yo. Anpil ladan yo ta renmen ankouraje zanmi, paran oswa lòt moun patisipe nan yon atelye konsa. » (Peyi Malezi)

21 ONG deja teste swa tout metòd la, swa yon pati ladan. Se konsa, yo rive bay 970 fann ak gason, ki gen ant 13 ak 65 lane, yon bon jan fòmasyon. Mesye Dam sa yo se moun peyi Brezil, Etazini, Filipin, Gwatemala, Kosovo, Malawi, Malezi, Meksik, Mozambik, Nijerya, Pewou, Tanzani, ak Zanbi . APROSIFA pran angajman pou sèvi ak materyèl sa a nan travay louvri je l ap fè ak jèn yo, an menm tan, li enterese pataje l ak diferan òganizasyon k ap travay kont diskriminasyon «genre».

N ap kontan resevwa reyakson chak òganizasyon sou itilizasyon metòd la lò li fin sikile nan mitan baz k ap travay ak jèn yo, pou n ka anrichi materyèl la pi douvan.

Premye pati :

# Mesye dam lasosyete, onè!

## **Pou ki moun yo prepare metòd fòmasyon sa a ?**

Metòd fòmasyon n ap prezante a fèt pou 2 kalte biblik. Premye a se gwooup pwofesyonèl ak volontè k ap travay ak jenn ti fi/jenn ti gason sou kesyon ki gen rapò ak SSR, tankou paregzanz moun k ap travay lan ONG, pwomotè/z jèn, pwofesè ak pwofesyonèl lasante k ap travay ak popilasyon jèn yo. Dezyèm biblik la gen ladan I adolesan ak jenn moun ki gen ant 13 ak 24 lane. Eksperryans ki te fèt sou teren montre kijan aktivite yo ka fèt trè byen ak jèn ki nan laj sa yo epi tou ak jèn ki viv divès kalte sitiyasyon. Adolesan ak jèn ki te viv eksperryans vyolans sosyal (Kosovo), jenn fanm ak jenn gason k ap viv kote enfeksyon VIH ap vale teren (Malawi, Nijerya, Zanbi) tankou jèn k ap viv nan malsite (zòn andeyò peyi Tanzani, katye pòv peyi Etazini) te aprann anpil pandan yo t ap amize yo tèt kale nan atelye ki te fèt ak metòd fòmasyon sa a.

## **Kijan chapant li òganize ?**

Metòd fòmasyon an gen 3 pati: liv sa a, yon seri fich ak kèk feyè/materyèl sipò k ap ede n devlope aktivite yo. Liv la gen 6 pati:

- ◊ Premye pati: mesye dam lasosyete, onè!
- ◊ Dezyèm pati: materyèl sipò pou preparasyon ak planifikasyon
- ◊ Twazyèm pati: aktivite ki nan metòd la
- ◊ Katriyèm pati: materyèl sipò animatè/z yo ka itilize kòm gid derechany
- ◊ Senkyèm pati: lòt aktivite (pou animatè/z yo, pou yo òganize, paregzanz, aktivite swivi yo)
- ◊ Sizyèm pati: referans ak resous.

Pandan atelye yo, animatè/z yo ka sèvi ak fich ki vini ak metòd fòmasyon an kòm gid rapid, pou yo pa pèdi tan. Fich yo gen ladan yo egzanz repons pou diferan aktivite. Feyè yo, nou gen dwa fotokopye yo epi distribye yo kòm yon pati nan materyèl sipò a.

## **Pou kisa zouti sa a nesesè ?**

Nan 1.1 milya adolesan (jenn moun ki gen ant 10 ak 19 lane) ak 1.5 milya jenn fanm ak jenn gason (ki gen ant 10 ak 24 lane) k ap viv sou latè, prèske 85% ap viv nan peyi k ap debat pou wè si yo ka devlope. Pandan y ap travèse peryòd sa a ki, kòm kwadire, se yon pon k ap mennen yo pi devan, jèn sa yo gen pou yo meble lespri yo ak prensip, ladrès ak konpòtman ki ka itil yo demen kòm travayèz/travayè, moun k ap dirije yon fanmi, manman, papa, sitwayen ki itil lasosyete. Tanzantan, gen yon latriye reskonsablite k ap tonbe sou zepòl yo – byen bonè, pafwa – tankou okipe timoun, fè travay lan kay, travay pou pote lajan lakay. Peryòd entèmedyè sa a, k ap mennen nan lavi granmoun, se tou yon etap nòmal, kote jèn yo ap fè eksperryans, yon etap ki bon tou, kote yo kòmanse gen pwòp opinyon pa yo, pran pwòp desizyon pa yo epi vin pi endepandan, sètadi, reskonsab pwòp tèt yo.

Malerezman, anpil anpil jèn ap viv tou nan yon seri sitiyasyon ki ka mete SSR yo nan plis danje, tankou sitiyasyon vyolans, VIH/EST, gwochè malè ak avòtman nan move kondisyon. Yo prèske pa gen posiblite

pou yo koresponn ak kèk lan sitiyasyon y ap viv, tankou paregzanp sitiyasyon malsite. Malgre sa, jenn fanm ak jenn gason ka fè soustraksyon sou kèk lan danje k ap menase yo , si yo devlope entèlijans yo pou yo ka rekonèt danje sa yo epi fè fas kare ak yo. Prejije sou kesyon « genre » se youn nan mòd danje sa yo. Lè jèn yo aprann konnen kijan modèl konpòtman ak wòl ki chita sou « genre » ka anpeche yo chwazi sa k ap bon pou yo, y ap deja kòmanse wè kijan pou yo chanje modèl sa yo epitou kijan pou yo voye jete kit se egzijans sosyete a fè yo, ki ka mete lavi yo an danje, kit se lòt malèpandye. Youn nan fason pou n fè travay sa a vanse, se lè n chèche ankouraje tout sa k ap pwoteje anviwònman jèn yo ak kapasite pèsònèl yo genyen pou yo fè pwogrè epi devlope yon fason k ap bon pou sante yo [2]. Kle yon bon jan anviwònman pou jèn yo se tout mezi nou ka pran pou n ede yo jwenn sipò, sekirite, espwa pou yon demen miyò ak opòtinite pou yo itil sosyete a. Kapasite pèsònèl jenn fanm ak jenn gason genyen kapab fè yo renmen tèt yo (oto-estim), bay tèt yo valè epi pèmèt yo pran desizyon tèt anplas, desizyon k ap chita sou bon jan enfòmasyon yo rive jwenn.

Objektif metòd fòmasyon sa a , se ede jèn yo devlope mòd kapasite pèsònèl sa yo, pou yo ka toujou pare pou yo rekonèt epi twoke kòn yo ak prejije sou kesyon « genre » ki pa bon ditou pou SSR yo. Atelye a ap ba yo posiblite pou yo mete an pratik zouti refleksyon ak analiz k ap ede yo rekonèt tout sitiyasyon ak tout reyalite ki ka ogmante ou byen bese valè danje k ap menase SSR yo ; lè sa a tou, y ap konnen pou yo fòse zòt ba yo enfòmasyon ak sèvis yo bezwen. Kidonk, se premye mach nan eskalye k ap mennen jèn yo kote pou yo jwenn « zam » pou yo goumen epi pou yo egzèse dwa yo genyen nan domèn seksyèl ak domèn repwodiksyon.

Nan metòd sa a, se pazapa aktivite yo, ki dewoule selon prensip patisipasyon, parèt. Kadans ti pa-ti pa sa a makònèn ak jan nou abòde kesyon n ap trete a, ni pou sa k gen arevwa ak metodoloji nou itilize, ni pou sa k gen arevwa ak enfòmasyon ki nan metòd la :

- ◊ Tou dabò, n ap wè kisa mo sèks la ak mo « genre » lan vle di, pou patisipan yo ka konprann diferans ki egziste ant 2 lide sa yo.
- ◊ Answit, patisipan yo ap gen opòtinite pou yo reflechi sou konsekans lide sa yo sou pwòp lavi yo ak sou sosyete a an jeneral.
- ◊ Nan yon twazyèm moman, patisipan yo ap gade pou yo wè kijan lide sa yo fofile antre nan tèt moun, jenerasyon apre jenerasyon.
- ◊ Lan dènye gwoup aktivite ki nan metòd la, patisipan yo ap gade pou yo wè kijan lide « genre » yo aji sou pwoblèm ki plotonnen ak SSR yo ; konsa, yo ka manyen kesyon « genre » lan nan aksyon y ap mennen, yon fason pou yo fè fas kare ak pwoblèm sila yo.

Kadans pazapa a enpòtan anpil, poutèt li ranmase eksperyans jèn yo déjà fè nan lavi yo, li pote pou yo lòt konesans oswa li ranfòse sa yo te genyen déjà, pandan y ap patisipe tèt kale nan travay la. Li vini tou ak bon jan zouti k ap pèmèt patisipan yo mete an pratik, nan lavi yo, sa yo aprann lan. Yon lòt bò, aktivite yo ap gen konsekans ni sou bon konprann jèn yo, ni sou santiman yo genyen. Sa ka pote anpil chanjman, chanjman dirab nan atitud ak konpòtman yo. Atelye a ap bay patisipan yo opòtinite pou yo founi je gade nan konsyans yo epi I ap fè yo dekouvri tou kèk nan baryè ki, pafwa, konn anpeche yo poze tèt yo kesyon sou estereyotip « genre » yo ki pa bon ditou pou SSR. Yon estereyotip se yon koze kredi ki mal pou chanje.

## **Sou ki gwo lide metòd la chita ?**

Metòd fòmasyon sa a chita sou plizyè manman-lide :

- ◊ Prensip ak estereyotip « genre » yo ka ogmante danje k ap menase SSR moun. Se poutèt sa, jèn yo dwe gen kapasite pou yo poze tèt yo kesyon sou prensip sa yo.
- ◊ Tèm « genre » lan gen bon ti konplikasyon ladan, poutèt li nan ale-mennen-vini ak lòt reyalite sosyal tankou ekonomi, laj moun genyen, pouvwa, lakilti, elatriye. Kidonk, repsons kesyon sa a dwe pase pran ni moun, ni enstitisyon. Metòd n ap prezante a plis chita sou aspè moun lan.
- ◊ Li enpòtan pou n sèvi ak zouti analiz «genre » yo, lè n ap reflechi ansam sou divès pwoblèm SSR yo nan rapò yo genyen youn ak lòt : EST ak VIH/SIDA, vyolans, gwasès moun ranmase san yo pa vle ak avòtman nan move kondisyon. Sitiyasyon sa yo plis lòt reyalite ki mete moun an danje ka annile tout mwayen n genyen pou n defann tèt nou devan pwoblèm SSR ; yon lòt bò, yon pwoblèm SSR ka louvri baryè pou lòt pwoblèm SSR antre (paregzanp, vyolans seksyèl ka lakòz yon moun trape VIH/EST epi/oswa pran yon gwasès san I pa vle).
- ◊ Pwogram yo dwe respekte dwa jèn yo genyen nan domèn SSR, tankou dwa pou yo jwenn enfòmasyon ak fòmasyon. Yo dwe gen mwayen pou yo demele gèt yo ak plis reskonsablite, firannezi y ap grandi. Yo dwe jwenn tou opòtinite pou yo bay opinyon yo lib e libè, sèvi ak konesans yo genyen pou yo ede sosyete a vanse epi jwenn enfòmasyon k ap ede yo konprann kijan pou yo voye je sou sante seksyèl yo ak sante repwodiksyon yo. Sa vle di : pwogram fòmasyon sa a dwe ofri yo posiblite pou yo poze kesyon ki nesesè pou yo ka kwape tout dout yo genyen nan koze SSR epi jwenn bonjan repsons sensè nan lonè ak respè [3].
- ◊ Pwogram k ap bay bon rannman se pwogram ki kreye kondisyon pou jèn yo patisipe, pwogram ki abòde tout bezwen jèn yo genyen nan domèn SSR, kidonk , ki konsidere bon kote aktivite seksyèl yo tankou move konsekans yo ka genyen [4].
- ◊ Anpil kritik ka tonbe sou do jèn yo, lè zòt santi y ap vag sou koutim ak prensip sosyete a. Lè sa a, fòk yo konnen yo ka konte sou granmoun ki sansib sou kesyon « genre » lan, ki ka soutni yo nan diskisyon y ap fè ak paran yo, pwofesè ak lòt granmoun k ap jwe yon wòl enpòtan nan lavi yo. Animatè/z k ap sèvi ak metòd fòmasyon an dwe, yo menm tou, fè tout aktivite ki nan liv la poukout yo depi anvan, pou yo ka ranpli misyon sa a kòm sa dwa.

*Reyakson teren--  
metòd pazapa a*

- ◊ *Lè m t ap fè swivi atelye yo, m te dekouvri kijan anpil gwo chanjman t ap parèt chak jou. Okòmansman, m te wè kijan patisipan, ki te konn fè egzèsis ki pi senp yo, te vin ka fè sa k pi konplike yo ; chanjman an te klè. Patisipan yo te gen lajwa nan kè yo epi yo t ap angaje yo pi plis nan koze a, firanmezi atelye a t ap dewoule. Yo pa t gen okenn pwoblèm epi yo te gen asirans sou repons yo t ap bay yo. » (Kosovo)*
- ◊ *« Atelye a te bay patisipan yo posiblite pou yo devlope kapasite yo genyen pou yo aprann ; yo te gen opòtinite pou yo fin konprann kesyon ki senp yo, anvan yo pase nan kesyon ki yon ti jan pi konplike. Nan konsa, yo aprann konekte 2 oswa 3 tèm pou yo ka konprann yo yon fason ki pi klè, pi konplè. » (Malawi)*
- ◊ *« Atelye a pèmèt patisipan yo konprann pi byen diferans ki egziste ant « genre » ak sèks, diferans yo te wè depi okòmansman. Apre sa, yo te kontre ak lide « genre » lan nan lòt egzèsis, pou yo te ka wè byen klè kijan se sosyete a ki mete lide « genre » sa a kanpe. Dènye pati a te espesyalman itil, poutèt li pèmèt patisipan yo konekte kesyon « genre » lan ak kèk aspè nan pwòp eksperyans pa yo. » (Malezi)*
- ◊ *« Li fè patisipan yo pi anvi chèche konnen ; yo vle aprann san pran souf, paske, depi okòmansman, anyen pa t ba yo laperèz. Patisipan yo te gen diferan nivo konesans ak konsyans sou tèm atelye a ta pral devlope yo. Kòm se enfòmasyon pi senp ki te vin anvan, tout patisipan te jwenn posiblite pou yo patisipe nètalkole nan travay fòmasyon an. » (Nijerya)*
- ◊ *« Li ede patisipan yo reflechi san pwoblèm epi marye lide yo t ap dekouvri yo ak pwòp eksperyans pa yo, sa ki pèmèt yo kontinye meble lespri yo pazapa. » (Pewou)*
- ◊ *« Reyèlman vre, li bon pou refleksyon sou koze « genre » ak koze sèks fèt ak metòd pazapa a. Sa bay patisipan yo tan pou yo moulen epi remoulen lide/tèm ki parèt nan chak aktivite. Konsa tou, yo pare pou yo byen chita sou lide sa yo, pou yo analize yo kòm sa dwa, pandan tout dewoulman aktivite a. » (Filipin)*
- ◊ *« Nan lang pèp afriken yo, pawòl sèks se pawòl « maledve ». Prezantasyon lide sa yo pazapa pèmèt tout moun pare pou yo reflechi sou yo epi mete sa yo aprann lan an pratik . (Tannzani)*
- ◊ *« Atelye a kòmanse ak sa tout patisipan konnen, anvan I abòde sa yo pa konnen ;li kòmanse ak lide yo rankontre pi souvan, anvan I vini ak lide yo rankontre mwen souvan. » (Zanbi)*

Dezyèm pati :

## Preparasyon ak planifikasyon

### **KISA ANIMATÈ/Z YO DWE KONNEN ?**

#### **Ki eksperyans animatè/z yo dwe genyen ?**

Ekip animatè/z k ap sèvi ak metòd fòmasyon an dwe gen kèk konesans nan domèn SSR, pou yo ka reponn kesyon patisipan yo epi ede gwoup la rammase plis konesans. Menm jan an tou, yo dwe gen eksperyans lan travay ak gwoup oswa lan animasyon atelye fòmasyon.

Li ta bon – si posiblite a egziste – pou travay la fèt ak yon ekip animatè/z ki gen divès kalte fòmasyon; lan ekip la, fòk ta gen ni fanm, ni gason. Se pa anrichi sèlman, sa ap anrichi atelye a, men tou sa ap pèmèt mesye-dam animatè/z yo sèvi ak divès don yo genyen, pou yo bay plis rannman nan travay la. Si se granmoun sèlman ekip la gen ladan, li enpòtan pou n mande yo pou yo toujou mete, pou pi piti, yon jenn fi oswa yon jenn gason nan mitan yo. Fòk se 2 animatè/z pou piti ki dirije atelye a; konsa, y ap ka fè larelèv nan ede patisipan yo fè aktivite yo ak nan pran nòt tou (paregzanz, nan brase-lide k ap fèt lan gwoup yo, li nesesè pou n mete sou papye pwen ki parèt pi enpòtan yo, pou n ka retounen sou yo, lè n ap fè sentèz).

Li ta bon pou tout animatè/z yo fè repetisyon depi anvan. Konsa, y ap klè sou tèm ki ka parèt pandan aktivite yo. An menm tan tou, sa ap pèmèt yo dekouvri pwòp santiman pa yo, pwòp prejije ak pwòp kwayans pa yo nan sa ki gen arevwa ak kesyon "genre" lan. Se konsa y ap pi byen prepare pou yo soutni jèn sila yo ki gen konpòtman ki sansib sou kesyon "genre"[5].

Anvan yo mete atelye a sou ray, ekip animatè/z yo dwe fè yon reyinyon, pou yo reflechi sou chak gress aktívite ki nan metòd la, pou yo wè si l nesesè pou yo ta ajiste zouti a ak royalite zòn kote patisipan yo ap viv la (paregzanz, nan mo y ap itilize, nan egzanz y ap chwazi, lè y ap fè sentèz (rammase lide), pou fè patisipan yo wè tout bagay klè kou dlo kokoye, epitou nan ti pyès teyat popilè yo – ladan yo, sila yo ki montre pi gwo danje k ap menase SSR moun nan kominote a ). Menm jan an tou, I ap bon anpil pou animatè/z yo fè yon ti repetisyon espesyal ak aktivite ki rele "Ki atitud ak prensip nou genyen?" an, anvan yo derape ak atelye a (Senkyèm pati, paj 83).

#### **Ki difikilte nou ka jwenn sou wout la?**

Gen kèk moun ki kwè "genre" se sèlman yon mo tounèf moun itilize jounen jodi a, lè yo vle reflechi sou zafè "fanm"; pou sèten lòt, se medam "feminis" yo sèlman ki gen enterè lan koze sa a. Gen moun tou ki panse brase-lide k ap fèt sou kesyon "genre" ap fèt – an royalite – pou yon sèl rezon: se paske zòt vle "rann gason reskonsab" tout inegalite (fòs kote) ki egziste ant gason ak fanm. Tout opinyon malatyong sa yo lakòz anpil moun, sitou granmoun, rete sou pinga yo lan kesyon sa a.

Gen anpil anpil jèn ki pa ko janm tande okenn moun itilize mo "genre" lan. Malgre sa, yo kapab byen gen kapasite pou yo rekonèt sosyete a pa aksepte pou gason ak fanm, ti gason ak ti fi, jwe menm wòl oswa gen menm konpòtman. Eksperyans teren, ki te pèmèt nou teste metòd la, montre menm ti jenn jan ki pi piti yo (13 ak 14 lane) deja ka dekouvri epi deklare karebare : « se vre, gason ak fanm pa resevwa menm tretman ! » Animatè/z yo dwe sèvi

ak mo "genre" lan, sèlman lè patisipan yo fin konprann tout sa lide sa a vle di; yo dwe evite itilize l nan kòmansman atelye a.

Nan sèten lang (paregzanp, lang manman kèk ras moun Afrik, Amerik, Azi ak Oseyani), li pa fasil pou n jwenn yon mo ki gen sans lide "genre" lan. Nan yon sitiayson konsa, li enpòtan pou animatè/z yo chwazi yon mo oswa yon fraz ki se tradiksyon lide "genre" lan osnon se pou yo prete mo a kareman nan yon lòt lang, si se nan lang manman patisipan yo, fòmasyon an ap fèt.

Lè aktivite yo ap fèt, nou dwe fè yon jefò espesyal pou n montre konsekans reyalite "genre" lan genyen, kit sou gason, kit sou fanm. Paregzanp, pandan brase-lide ap fèt lan gwoup yo, animatè/z yo pa dwe rete sèlman sou sitiayson oswa pwoblèm k ap chipote fanm ak jenn fi, paske gason yo tou, kit yo granmoun, kit yo jèn, yo konn gen tèt chaje nan zafè SSR epi yo konn fè fas tou ak prejje nan koze "genre".

Patisipan yo gen dwa panse pa p gen plas pou amizman ak griyen dan lan atelye a. An reyalite, se pa yon move bagay, men sa ka fè kè yo pa tèlman kontan. Nan sans sa a, daprè sa ekperyans ki fèt déjà montre, griyen dan ak blag gen yon plas enpòtan lan atelye fòmasyon kote y ap sèvi ak metòd sa a; konsa, brase-lide yo pi rilaks, patisipan yo pa gen laperèz. Kidonk, se pou travay refleksyon an mache kòtakòt ak amizman!

Li ta pi bon pou n pa mande patisipan yo reponn kesyon oswa patisipe nan brase-lide yo, si se pa yo menm menm ki vle fè sa san fòse. Si yon patisipan pa santi l alèz epi n lonje dwèt sou li, l ap vin gen plis difilkilte pou l patisipe pi devan.

Dapre sa eksperyans teren an montre, lè animatè/z yo sèvi ak pwòp istwa pa yo kòm egzanp, pou yo esplike lide y ap devlope yo, patisipan yo santi yo pi alèz pou yo pataje ak tout rès gwoup la sa yo dekouvrir ansanm ak ekperyans yo fè pèsonèlman. Yon lòt bò, sa montre kesyon "genre" lan konsène tout moun alawonnbadè. Paregzanp, nou ka montre kijan yon moun te sèvi ak esteryotip "genre" yo, pou l "fè magouy", pou l te ka jwenn yon bagay li te vle (p. eg., yon fanm ki tonbe kriye oswa k ap bay cho pou l ka jwenn yon favè).

Pafwa, lè n ap travay ak gwoup ki pa gen anpil moun, men ki gen ni fanm ni gason, li ka yon ti jan difisil pou n pale lib e libè. Si n pa fin konn si zafè pou fanm ak gason travay ansanm lan tonbe daplon ak koutim patisipan yo (kit lè se granmoun, kit lè se jenn moun yo ye), se pou n fè 2 gwoup, yon gwoup fanm, yon gwoup gason, epi apre nou reyini 2 gwoup yo pou yo ka pataje rezulta yo jwenn. Fòk nou sonje tou aktivite yo ka pa bay menm rannman an, si n mete lan menm gwoup la moun ki soti nan menm fanmi.

Animatè/z yo dwe pare pou yo mete kontwòl sou boulvès patisipan yo ka genyen, lè y ap fè vizyon eksperyans pèsonèl yo ki plòtonnen ak koze moun pa ta dwe pale (tabou) osnon ak bagay ki ka tizonnen yo. Kantite enfòmasyon patisipan yo ka mande sou kesyon SSR espesyalman ka pa menm nan tout gwoup yo; se poutèt sa, li ta toujou bon pou n gen lan men nou enfòmasyon andiplis (paregzanp., sou enstitisyon ak gwoup sipò k ap travay nan peyi a oswa nan zòn lan sou kesyon vyolans, ensès, sètadi rapò seksyèl ant moun menm fanmi, oryantasyon seksyèl, sètadi desizyon yon moun pou l viv ak yon moun lòt sèks oswa yon moun menm sèks avè l, epitou sou kesyon dwòg ak tafya). Sa ap gen anpil enpòtans, lè n ap brase lide sou kesyon vyolans: anpil patisipan kapab byen te fè kèk eksperyans ki makawon anpil. Lan sizyèm pati liv la, n ap jwenn enfòmasyon sou kèk travay ki abòde mak fabrik vyolans ki sansib anpil oswa ki gen rapò ak lamoral.

Menm lè tout moun sètoblije fè kòm si yo pa okouran koze avòtman an (tabou), animatè/z yo pa dwe pè fouye zo nan kalalou, pou yo brase lide sou diferan reyalite ki mache ak koze sa a. Ladan yo: 1)posiblite pou yon fanm fè fòs kouch la pou la, akòz vyolans li sibi, 2)sitiyayon kote lalwa rekonèt moun gen dwa fè avòtman (paregzanp., lè yon fanm viktим kadejak oswa ensès), ak tou 3)dwa pou yon fanm, k ap soufri ak konplikasyon apre l fin fè yon avòtman lan move kondisyon, jwenn tretman kòm sa dwa, **kèlkeswa sitiayon an**, menm nan ka kote lalwa mete pinga sou avòtman.

Si patisipan yo bezwen plis enfòmasyon sou kèk pwoblèm espesyal, animatè/z yo gen dwa ofri yo materyèl sipò ki nan katriyèm pati metòd la oswa enfòmasyon kòrek ki egziste nan peyi kote y ap viv la (p. eg., adrès kèk sant sante). Nan sisyèm pati a, n ap jwenn lòt zouti k ap itil yo tou. L ap bon tou pou n kole nan sal kote n ap travay la yon bristòl ki make "Kat pou n rebat", kote n ap ekri tout kesyon ki merite remoulen, paske patisipan yo mande plis enfòmasyon oswa plis refleksyon sou yo; konsa, n ap ka foure yo nan mitan lide ki pral sèvi pou aktivite swivi yo.

Lè y ap travay ak ti gwoup yo, animatè/z yo dwe fè anpil jefò pou yo pa tonbe ni lan tantasyon pou yo ta dirije atelye a tankou grammoun k ap mennen timoun, ni lan tantasyon pou yo ta vag sou patisipan yo. Sa k ap pi bon an, se pou yo pase bò kote chak ti gwoup yo, lè aktivite a ap kòmanse, se pou yo koute, reponn kesyon patisipan yo epi ede yo voye tout dout yo genyen al bwa chat. Apre sa, yo gen dwa voye je sou travay gwoup la san yo pa pale, oswa yo gen dwa deplase, kite gwoup la travay poukонт li; konsa, yo ka retounen nan 5-10 minit pou vin gade si patisipan yo te byen konprann sa yo mande yo fè a epitou si yo pa p pèdi twòp tan lan yon sèl pati nan aktivite a.

Animatè/z yo pa gen pou yo patisipe nan travay gwoup la, men yo gen dwa bay patisipan yo kèk konsèy. Paregzanp, nan aktivite kote yo sèvi ak yon pye bwa ("pye" pwoblèm lan) pou prezante tout pwoblèm ki plòtonnen ak gwo sès malè(paj 57), animatè/z yo kapab mande patisipan yo pou yo reflechi pou wè nan ki kondisyon fanm ansent lan dwe mete papa pitit la okouran, anvan l pran desizyon, epitou nan ki kondisyon l ap ka fè nèg la pran reskonsabilite l.

## **Ki zouti n ap bezwen?**

Jan metòd fòmasyon an fèt la, nou pa p bezwen yon pakèt materyèl, lè n ap sèvi avè l. Nou espere animatè/z yo ap ka itilize feyè yo, pou yo fè yon ranmase- lide sou kesyon y ap etidye yo ansanm ak kèk sijè espesyal ki ka parèt pandan dewoulman atelye a. Si n pa ka jwenn yon retwopwojektè, se pou n sèvi ak papye bristòl pou n prezante pwen ki pi enpòtan yo. Si n pa ka jwenn anpil bristòl, se pou n travay sou tablo, lè n ap reyalize kèk lan aktivite yo. Pou aktivite k ap fèt lan gwoup yo, animatè/z yo dwe gen:

- ◊ plim fet oswa makè ak kreyon
- ◊ ti fèy ak gwo fèy papye
- ◊ materyèl sipò ki gen ladan yo kesyon sou tout aktivite yo: anvan atelye a kòmanse, fòk nou ta remèt chak patisipan yon katab ak tout materyèl sipò yo

Kèk materyèl nou dwe pare mete la depi anvan:

- ◊ yon bristòl kote n ap ekri tout bout pwovèb patisipan yo ap gen pou yo kole youn ak lòt nan aktivite 1 B a (Konplete pwovèb oswa lòt lide)
- ◊ moso n ap dekoupe nan revi ak jounal peyi a, pou n ka fè aktivite 7 la (Refleksyon sou imaj nou jwenn nan reklam)

- ◊ desen sou bristòl: 1) pou aktivite 10 la (Istwa tout etap lavi a: n ap make, sou yon liy kouche nan mitan bristòl la, tout laj k ap antre sou yon moun ansanm ak pwoblèm l ap rankontre firanmezi); 2) pou aktivite 12 la ("Pye" pwoblèm lan: yon pye bwa ak rasin byen long ak anpil branch, epi fwi tou, si sa posib).

Yon atelye espesyal pou patisipan ki deja majè yo ak edikatè yo ap gen plis valè pou yo, si yo resevwa, lè atelye a fini, yon kopi métòd la. Si n gen mwayen pou sa, depi lè atelye a pral kòmanse, se pou n fè patisipan yo konnen y ap resevwa kopi a; konsa, y ap wè li pa nesesè pou yo pran nòt.

***Gid k ap montre kijan pou n sèvi ak metòd fòmasyon an***  
***Kantite patisipan ki ta pi bon: 20-30 jèn***

POU N KÒMANSE				
Aktivite	Metòd	Rezila n ap chèche	Kantite tan (pou pi pitit)	Materyèl n ap bezwen
Kòmansman atelye a	Brase-lide nan sesyon plenyè	Se pou patisipan yo fè konesans ak objektif atelye a epi pou yo mete yo dakò tou ak tout règ jwèt ki pral fè l mache kòm sa dwa	15 minit	Bristòl oswa feyè ki gen ladan yo : <ul style="list-style-type: none"> <li>• objektif atelye a (p. 21)</li> <li>• règ jwèt atelye a (p. 22)</li> </ul>
DEFINISYON « GENRE » AK SÈKS				
1A. Sèks ak « genre » : ki sans mo sa yo genyen ?	Lapli lide (brainstorming) ak brase-lide	Se pou patisipan yo kòmanse dekouvrir diferans ki egziste ant koze « sèks » ak koze « genre »	10 minit	-Bristòl -Makè ak tep adezif -Definisyon ki sou bristòl oswa nan feyè (p. 24)
1B. Konplete pwovèb ak lòt pawòl paspatou	Lapli lide (brainstorming) ak brase-lide	Se pou patisipan yo kòmanse dekouvrir estereyotip « genre » yo ki pa sispann fè dega nan diferan kilti. Yon estereyotip se yon koze kredi ki mal pou chanje.	10 minit	Bristòl oswa feyè ki gen pwovèb ak pawòl paspatou (p. 26)
2. Lè m te pitit	Travay nan gwoup ki gen, yo chak, 2 patisipan k ap gen pou yo pataje, apre, eksperyans yo ak tout patisipan yo	Se pou yo dekouvrir kijan koze « genre » lan te foure kò I nan eksperyans yo te fè byen bonè nan lavi a epitou kijan I kontinye fè dega nan iespri yo, nan jan yo panse	15 minit	-
3. Se « genre », se pa sèks	Lapli lide (brainstorming) ak brase-lide	Se pou yo konprann diferans ki egziste ant sèks ak « genre » epitou aprann rekonèt estereyotip « genre » yo. Yon estereyotip se yon koze kredi ki mal pou chanje.	25 minit	-Bristòl -Makè ak tep adezif Bristòl oswa feyè ki gen definisyon ki gen arevwa ak oryantasyon seksyèl moun (p. 30)
Animatè/z la ap fè yon ranmase lide	Animatè/z yo ap pran lapawòl epi, apre, dyalòg ap fèt nan mitan patisipan yo	Se pou yo konprann poukisa li enpòtan pou moun konprann konsekans mak fabrik « genre » yo sou moun.	15 minit	-Bristòl oswa feyè ki gen pwén enpòtan 1-8 yo (p. 33)

REFLEKSYON SOU « GENRE » AK SÈKS				
Aktivite	Metòd	Rezulta n ap chèche - (pou patisipan yo) :	Kantite tan (pou pi piti)	Materyèl n ap bezwen
Kòmansman travay ak ti gwoup yo	Animatè/z yo ap pran lapawòl	Patisipan yo ap jwenn enfòmasyon sou 4 aktivite ki nan sesyon an epi y ap kòmanse fòme ti gwoup yo	10 minit	
4. Krik ! Krak !- « G », « S » oswa « G + S »	Refleksyon ak brase-lide nan gwoup yo	Se pou yo montre sa yo déjà konnen sou lide « genre » ak lide « sèks »	25 minit <sup>2</sup>	-Gid sipò ki gen pawòl ak kesyon (pp. 35-36) -Kreyon
5. Pawòl sou sèks*	Refleksyon ak brase-lide nan gwoup yo	Se pou yo dekouvri kijan I difisil pou moun pale alèz sou koze sèks ak SSR, epitou pou yo fè repetisyon, pou yo ka pa pè itilize mo ki nesesè pou bonjan refleksyon sou koze sa yo ak konsekans yo genyen	25 minit	-Gid sipò ki gen pawòl ak kesyon (p. 38) -Fèy papye ; kreyon
6. Konesans sou koze sèks*	Refleksyon ak brase-lide nan gwoup yo	Se pou yo wè kijan yo te rive aprann kèk bagay sou koze sèks epi pou yo konprann tou kijan I enpòtan pou yo gen sous enfòmasyon yo ka fè konfyans	25 minit	Gid sipò ki gen kèk sous enfòmasyon (p. 41) -Fèy papye ; kreyon
7. Refleksyon sou imaj reklam*	Refleksyon ak brase-lide nan gwoup yo	Se pou yo gade pou yo wè kijan laprès (masmedya yo) prezante fanm ak gason epitou kijan mòd « tablo » sa yo ka sèvi kit se pou ranfòse, kit se pou atake estereyotip « genre » yo	25 minit	-Gid sipò ki gen kesyon ladan (p. 43) -Moso nou dekoupe nan jounal, revi, elatriye -Bristòl, kreyon
Prezantasyon nan sesyon plenyè plis yon ranmase lide	Ti gwoup yo ap prezante travay yo epi animatè/z yo ap fè yon ranmase lide	Se pou je yo louvri sou diferan fason moun fè konesans ak koze sèks	60 minit	

<sup>2</sup>Aktivite sa yo ka fèt an menm tan nan tout ti gwoup yo

APLIKASYON LIDE « GENRE » LAN NAN SANTE SEKSYÈL AK SANTE REPWODIKSYON				
Aktivite	Metòd	Rezulta nou vle jwenn-pou patisipan yo :	Kantite tan (pou pi piti)	Materyèl n ap bezwen
Kòmansman travay ti gwoup yo	Animatè/z yo ap pran lapawòl	Patisipanyo ap jwenn enfòmasyon sou 6 aktivite ki nan sesyon an epi y ap fòme ti gwoup yo	5 minit	
8. Kisa yo rele vyolans ?	Travay nan ti gwoup yo epi, apre, prezantasyon nan sesyon plenyè	Se pou patisipan yo bay kèk definisyon vyolans epi gade pou yo wè si yo fè eksperyans vyolans nan lavi yo	30 minit	-Bristòl ak makè -Gid sipò oswa feyè ki gen kèk definisyon vyolans (pp. 46-47)
9. Eksperyans vyolans	Ti jwèt, prezantasyon nan sesyon plenyè	Se pou yo dekouvri kèk fason zòt maltrete gason ak kèk lòt fason zòt maltrete fanm ; se pou yo wè tou kijan zak maspinay sa yo aji sou SSR[9]	30 minit	-Gid sipò ki montre sèn teyat plis kèk kesyon (p. 49)
10. Istwa sou diferan etap nan lavi a*	Lapli lide (brainstorming), desen epi, apre, brase-lide	Se pou yo reflechi sou pwoblèm SSR gason ak fanm ka genyen pandan tout lavi yo, epitou sou reyalite ki ka fè I pi fasil osnon pi difisil pou yo fè bèk atè devan pwoblèm sa yo	30 minit <sup>3</sup>	-Bristòl ki gen ladan yon liy ki reprezante lavi a; plis dezoutwa makè -Gid sipò ki gen ladan kèk kesyon (p. 53)
11. Ti jwèt teyat: poukisa ?	Ti jwèt teyat ak brase-lide	Se pou yo reflechi sou sitiyasyon kote se prensip ak rapò ki makònèn ak koze « genre » ak sèks k ap mennen ; y ap reflechi tou sou fason moun ka fè soustraksyon sou danje ki mache kòtakòt ak sitiyasyon sa yo	30 minit*	-Gid sipò ki gen kèk kesyon ladan yo (p. 53)
12. Yon« pye » pwoblèm *	Lapli lide (brainstorming), desen epi, apre, brase-lide	Se pou yo reflechi sou pwoblèm SSR jenn gason ak jenn fanm konn genyen ; se pou yo reflechi tou sou rasin pwoblèm sa yo, konsekans yo ka genyen, ak posiblite pou yo jwenn solisyón	30 minit*	-Bristòl ki gen ladan desen yon pye bwa; plis kèk makè -Gid sipò oswa feyè ki gen ladan yo egzanp repons pou kesyon sa yo (p. 58)
13. Mòd sèvis SSR kote jèn yo ka santi yo alèz*	Lapli lide (brainstorming) epi, apre, brase-lide	Se pou yo gade pou yo wè ki modèl sèvis SSR k ap bon pou jèn yo, k ap ka satisfè bezwen yo.	30 minit*	-Gid sipò ki gen kèk kesyon ladan yo (p. 59) -Fèy papye ak kreyon
Prezantasyon nan sesyon plenyè, ranmase lide, konklizyon ak evalyasyon	Ti gwoup yo ap prezante travay yo epi animatè/z yo ap fè yon ranmase lide	Se pou yo reflechi sou sitiyasyon, malè pandye ak pwoblèm SSR ki makònèn ak reyalite nou jwenn nan kesyon « genre » lan ; y ap kòmanse reflechi tou sou solisyón ki posib ; y ap bay kèk lide ki ka enteresan pou swivi atelye a epi y ap bay opinyon yo sou atelye a	90 minit	-Tep adezif pou kole bristòl yo -Gid sipò ki gen ladan yo egzanp desizyon ak entèvansyon ki sansib sou kesyon « genre » -Kèk kesyonè pou evalyasyon an

<sup>3</sup>Aktivite sa yo ka fèt an menm tan nan tout ti gwoup yo

## **KIJAN POU N BATI YON ORÈ, POU N TRAVAY AK METÒD LA ?**



Gid pou aplikasyon metòd la vini ak yon orè, kote diferan aktivite ap fèt an menm tan (paregzanp, nan menm moman an, plizyè ti gwoup, yo chak bò kote pa yo, ap fè diferan aktivite). Mòd orè sa a montre kijan, lan yon ti tan tou kout, li posib pou n fè tout aktivite ki nan metòd la, nan yon sèl atelye ki dire yon jounen (pa plis pase 9 vè d tan – ladan : yon aktivite pou n mete atelye a sou ray, 20 minit pou patisipan yo pran yon premye kolasyon, 60 minit pou yo manje ak 20 lòt minit pou yo pran yon dezyèm kolasyon). Pou kèk nan aktivite yo, li ta pi bon pou n pran plis tan, sitou si animatè/z yo ta renmen travay refleksyon an al pi lwen. Men dapre sa eksperyans teren an montre, nou ka jwenn gwoup patisipan ki chofe anpil pou fouye zo nan kalalou, tankou n ka jwenn gwoup tou, kote patisipan yo pa chofe ditou. Eksperyans teren an montre tou kijan kantite tan gid la pwopoze a pa p sifi pou animatè/z yo, lè y ap fè premye eksperyans atelye yo, paske yo pa ko ka lage 2 gidon lan aktivite yo. Men depi yo kòmanse fè atelye pi souvan, I ap vin pi fasil pou yo dirije travay refleksyon an epi sèvi ak kozman k ap soti nan bouch patisipan yo pou mete yo sou bon chimen. Se poutèt sa, nou mande animatè/z yo pou yo moulen epi remoulen poukонт tout aktivite ki nan metòd la !



Li enpòtan pou n rekonèt orè metòd la pwopoze a kapab ajiste ak diferan fòm atelye. Paregzanp, patisipan yo ka jwenn plis tan pou yo fè aktivite yo, si pwogram fòmasyon an ap fèt pandan 2 jounen oswa plis. Nan paj k ap vini yo, n ap wè kèk egzanp orè, kote aktivite yo ajiste ak diferan fòm pwogram (se pou n pran kòm modèl prensipal Gid ki soti nan paj 13 pou rive nan paj 15 lan).

Si n gen ase tan, se pou n kòmanse atelye a ak yon 'aktivite prezantasyon' pou patisipan yo ka fè konesans ; se animatè/z yo ki pou prepare aktivite sila a. Si atelye a ap dewoule pandan tout yon jounen, I ap bon pou n mete nan pwogram lan kèk aktivite « rilaks », ladan yo : aktivite kote patisipan yo ap ka detire kò yo epi fè yon ti mache nan sal la, ak tou 2 rekreyasyon 20 minit, pou yo pran yon ti kolasyon.

Lè se pandan plizyè jounen atelye a ap fèt, nou gen dwa mande patisipan yo, lè y ap soti nan yon sesyon, pou yo ale ak kèk egsèsis pou yo fè lakay yo ; konsa, nan kòmansman sesyon k ap vini an, n ap ka reflechi ansanm sou travay yo rive fè a. Gade sa ki di sou devwa pou lakay yo nan paj 62



Ti gwoup patisipan k ap brase lide sou sante fanm

**ATELYE K AP FÈT PANDAN TOUT YON JOUNEN (9 vè d TAN)**

<u>Kantite tan</u>	<u>Aktivite</u>	<u>Lap fêt ak</u>
8 :00 – 8 :15 am	Kòmansman	tout patisipan yo
8 :15 – 8 :35 am	Aktivite Prezantasyon	tout patisipan yo
8 :35 – 8 :45 am	Aktivite 1 A oswa 1 B	tout patisipan yo
8 :45 – 9 :00 am	Aktivite 2	tout patisipan yo
9 :00 – 9 :25 am	Aktivite 3	tout patisipan yo
9 :25 – 9 :40 am	Animatè/z yo ap fè yon ranmase	tout patisipan yo
9 :40 – 10 :00 am	Kolasyon	
10 :00 – 10 :00 am	Kòmansman travay ti gwoup yo	tout patisipan yo
10 :10 – 10 :35 am	Aktivite 4, 5, 6 ak 7 k ap fêt an menm tan	ti gwoup yo
10 :35 – 11 :35 am	Prezantasyon ti gwoup yo ak ranmase animatè/z yo ap fè a	tout patisipan yo
11 :35 – 12 :35 pm	Manje	
12 :35 – 12 :40 pm	Kòmansman travay ti gwoup yo	tout patisipan yo
12 :40 – 1 :10 pm	Aktivite 8	ti gwoup yo/tout patisipan yo
1 :10 – 1 :40 pm	Aktivite 9	ti gwoup yo/tout patisipan yo
1 :40 – 2 :00 pm	Kolasyon	
2 :00 – 2 :30 pm	Aktivite 10, 11, 12 k ap fêt an menm tan	ti gwoup yo/tout patisipan yo
2 :30 – 3 :00 pm	Aktivite 13	ti gwoup yo/tout patisipan yo
3 :00 – 4 :30 pm	Prezantasyon gwoup yo ak ranmase animatè/z yo	tout patisipan yo
4 :30 – 5 :00 pm	Konklizyon ak evalyasyon atelye a	tout patisipan yo



2 SESYON, YOUN CHAK JOU

<u>Kantite tan</u>	<u>Aktivite</u>	<u>Lap fèt ak</u>
<b>Sesyon 1 (3 zè, 5 minit)</b>		
6 :00 – 6 :15 pm	Kòmansman	tout patisipan yo
6 :15 – 6 :25 pm	Aktivite 1 A oswa 1 B	tout patisipan yo
6 :25 – 6 :40 pm	Aktivite 2	tout patisipan yo
6 :40 – 7 :05 pm	Aktivite 3	tout patisipan yo
7 :05 – 7 :20 pm	Animatè/z yo ap fè yon ranmase	tout patisipan yo
7 :20 – 7 :30 pm	Kolasyon	
7 :30 – 7 :40 pm	Kòmansman ‘ Refleksyon sou « genre » ak sèks’	tout patisipan yo
7 :40 – 8 :05 pm	Aktivite 4	tout patisipan yo
8 :05 – 8 :30 pm	Aktivite 5-7 ap fèt an menm tan	ti gwoup yo
8 :30 – 9 :00 pm	Prezantasyon nan plenyè/ranmase animatè/z yo	tout patisipan yo
9 :00 – 9 :05 pm	Devwa pou lakay	tout patisipan yo

## Sesyon 2 (3 zè d tan)

6 :00 – 6 :30 pm	Yon kout je sou devwa yo	tout patisipan yo
6 :30 – 6 :40 pm	Kòmansman 'Aplikasyon lide « genre » lan nan SSR'	tout patisipan yo
6 :40 – 7 :10 pm	Aktivite 8	ti gwoup yo/tout patisipan yo
7 :10 – 7 :40 pm	Aktivite 9	ti gwoup yo/tout patisipan yo
7 :40 – 8 :10 pm	Aktivite 10-13 k ap fêt an menm tan	ti gwoup yo
8 :10 – 8 :45 pm	Prezantasyon nan plenyè/ranmase animatè/z yo	tout patisipan yo
8 :45 – 9 :00 pm	Konklizyon ak evalyasyon atelye a	tout patisipan yo

4 SESYON, 4 JOU

<b>Kantite tan</b>	<b>Aktivite</b>	<b>L ap fèt ak</b>
<b>Sesyon 1 (inè edmi)</b>		
6 :00 – 6 :15 pm	Kòmansman	tout patisipan yo
6 :15 – 6 :25 pm	Aktivite 1	tout patisipan yo
6 :25 – 6 :40 pm	Aktivite 2	tout patisipan yo
6 :40 – 7 :10 pm	Aktivite 3	tout patisipan yo
7 :10 – 7 :25 pm	Animatè/z yo ap fè yon ranmase	tout patisipan yo
7 :25 – 7 :30 pm	devwa pou lakay	tout patisipan yo
<b>Sesyon 2 (2 zè edmi)</b>		
6 :00 – 6 :20 pm	Yon kout je sou devwa yo	tout patisipan yo
6 :20 – 6 :30 pm	Kòmansman 'Refleksyon sou « genre » ak sèks	tout patisipan yo
6 :30 – 7 :00 pm	Aktivite 4 ak 5 k ap fèt an menm tan	ti gwoup yo
7 :00 – 7 :30 pm	Prezantasyon nan plenyè/runmase animatè/z yo	tout patisipan yo
7 :30 – 7 :45 pm	Kolasyon	
7 :45 – 8 :05 pm	Aktivite 6 ak 7 k ap fèt an menm tan	ti gwoup yo
8 :05 – 8 :25 pm	Prezantasyon nan plenyè/runmase animatè/z yo	tout patisipan yo
8 :25 – 8 :30 pm	Devwa pou lakay	tout patisipan yo
<b>Sesyon 3 (2 zè d tan)</b>		
6 :00 – 6 :30 pm	Yon kout je sou devwa yo	tout patisipan yo
6 :30 – 6 :40 pm	Kòmansman 'Aplikasyon lide « genre » lan nan SSR'	tout patisipan yo
6 :40 – 7 :10 pm	Aktivite 8	tout patisipan yo
7 :10 – 7 :20 pm	Kolasyon	
7 :20 – 7 :50 pm	Aktivite 9	ti gwoup yo/tout patisipan yo
7 :50 – 8 :00 pm	Devwa pou lakay	tout patisipan yo
<b>Sesyon 4 (3 zè d tan)</b>		
6 :00 – 6 :20 pm	Yon kout je sou devwa yo	tout patisipan yo
6 :20 – 6 :50 pm	Aktivite 10-12 k ap fèt an menm tan	ti gwoup yo
6 :50 – 7 :30 pm	Prezantasyon nan plenyè/runmase animatè/z yo	tout patisipan yo
7 :30 – 7 :45 pm	Kolasyon	
7 :45 – 8 :15 pm	Aktivite 13	ti gwoup yo
8 :15 – 8 :45 pm	Prezantasyon nan plenyè/runmase animatè/z yo	tout patisipan yo
8 :45 – 9 :00 pm	Kon klizyon ak evalyasyon atelye a	tout patisipan yo



## **KISA K POU FÈT APRE ATELYE A ?**

Kit patisipan yo se granmoun, kit se jenn ti moun, yo kapab byen vle rapouswiv travay la ak yon seri aktivite reyèl nan lavi a ; kidonk, lè n rive nan etap konklizyon an, nou gen dwa ranmase tout lide gwoup la bay sou fason pou n ta fè swivi atelye a osnon tou, nan kesyonè evalyasyon an, nou gen dwa mande pou yo di kijan yo ta renmen swivi sa a fèt. Men kèk konsèy :

### **Pou patisipan granmoun yo:**

- ◊ Chèche jwenn oswa kreye kèk aktivite, kote kesyon « genre » lan parèt byen aklè, reflechi ansannm sou yo epi sèvi ak yo.
- ◊ Prepare lòt atelye k ap plis rive lan nannan kèk nan sijè nou abòde yo, paregzanp, rapò ant jenn gason ak jenn fanm, vyolans andedan kay.
- ◊ Mennen jèn yo al vizite òganizasyon nan zòn lan k ap feraye lan domèn planin familyal, pou yo founi je yo gade sèvis yo ka jwenn ladan yo.
- ◊ Foure kèk lan aktivite ki nan metòd fòmasyon an (kèk sesyon 30 minit) nan lòt aktivite louvri je k ap fèt pou divès gwoup nan kominate a.
- ◊ Anrejistre atelye a sou videyo ; konsa, nou gen dwa pase kasèt la nan lekòl yo, pou lidè nan kominate a epitou pou moun k ap deside ki politik yo dwe mennen nan diferan domèn.
- ◊ Fè jèn yo bay patisipasyon yo nan enstitisyon k ap travay nan domèn SSR ; sou kesyon sa a, fò n pa blyie rekòmandasyon ki soti nan atelye a ; paregzanp, nou gen dwa mete sou pye nan enstitisyon an yon komite ki gen jenn fanm ak jenn gason ladan.
- ◊ Fè yon jan pou, nan lòt aktivite k ap fèt pou jèn yo oswa ak jèn yo, gen siveyans ak kontwòl k ap fèt sou siy ki montre nivo konsyans moun sou kesyon « genre ».

### **Pou jenn fanm/jenn gason ak edikatè (yo chak nan gwoup pa yo) :**

- ◊ Refè menm atelye a ak lòt jèn dezoutwa fwa chak ane.
- ◊ Òganize chita-tande, kote lide ap brase sou kesyon k ap chipote lespri jèn yo.
- ◊ Foure kèk nan aktivite ki nan metòd la nan lòt pwogram fòmasyon.
- ◊ Mete sou pye kèk pwogram louvri je pou lòt moun nan kominate a sou kesyon ki makònèn avèk SSR ak « genre » ; pa blyie papa pitit yo.
- ◊ Egzamine kanpay enfòmasyon ak edikasyon sou SSR k ap fèt nan kominate a, pou n wè si enfòmasyon y ap bay yo kòrèk epitou si yo pa blyie kesyon « genre » lan; voye rezulta egzamen sa a ba moun k ap òganize kanpay sa yo.
- ◊ Se pou nou youn voye je sou lòt, pou n ka kale je n pi plis chak jou sou kantite konsiderasyon nou genyen pou kesyon « genre » nan pawòl n ap pale, aksyon n ap mennen ak fòmasyon n ap bay.

Twazyèm pati:

## Plan atelye a

Nan pati sa a, n ap wè ki chapant metòd fòmasyon an genyen, sètadi – si n ta konsidere l tankou yon eskalye – , ki mach n ap pran anvan, ki mach n ap pran apre, lè n ap sèvi avè l. Lè n konsidere prensip « aprann pazapa a », nou wè kijan l empòtan pou nou fè aktivite yo youn apre lòt, selon nimewo yo; sa ap pèmèt patisipan yo konprann pazapa lide k ap parèt yo, sa ap pèmèt yo marye lide sa yo ak pwòp eksperyans pa yo nan lavi a epi finalman sèvi avè yo pou yo reflechi sou pwoblèm SSR. Si, poutèt nou pa gen ase tan, nou ta sètoblijie kite kèk nan aktivite yo, nou gen dwa chwazi youn oswa 2 nan gwoup ki soti nan aktivite 4 pou rive nan aktivite 7 la, youn oswa 2 tou nan gwoup 9-12 la.

Gid pou aplikasyon metòd la (paj 13-15) pèmèt nou fè yon virewon rapid, kote n ap wè : rezulta n ap chèche nan chak aktivite, metodoloji n ap itilize a, kantite tan (pou pi piti) ki nesesè pou aktivite a fêt ak materyèl nou bezwen pou n fè l. (Nan paj 17-18, nou ka wè kèk egzamp ki montre kijan n ka adapte metòd la daprè valè tan nou genyen.) Animatè/z yo dwe sèvi ak gid sa a pou yo prepare sesyon yo; li ta bon tou pou yo kenbe nan men yo yon fotokopi gid la ki ka sèvi yo kòm sipò, pandan tout dewoulman atelye a.

Tout pati yo byen detaye; ladan yo, n ap jwenn manman-lide animate/z yo ap ka itilize pou yo fè yon ranmasse, lè chak aktivite pral fini. Konsa, atelye a ka fêt kit pou granmoun (pwofesyonèl ak volontè k ap travay ak jèn yo), kit pou jenn ti moun; nan kèk pati nan aktivite yo, nou te wè l nesesè pou n siyale kèk pwen k ap itil pou ranmase a fêt, selon gwoup nou vize a. Nan sèten ka, n ap jwenn enfòmasyon k ap ede n adapte aktivite ki nan metòd la. N ap jwenn tou feyè/gid sipò pou chak aktivite yo. Nan katriyèm pati a, gen enfòmasyon sou liv (ak atik revi oswa jounal) nou te itilize pou n te prepare metòd la. Liv sa yo ka sèvi tou pou preparasyon aktivite yo oswa kòm materyèl sipò an diplis.

Fich ki vini ak metòd la, animatè/z yo ka itilize yo pandan dewoulman atelye a kòm èd-memwa oswa gid pou vanse nan refleksyon yo. Ladan yo, n ap jwenn: tit aktivite yo, rezulta n ap chèche, ti resèt pou animatè/z yo, kesyon k ap ede n vanse ak refleksyon an ak kèk egzamp repons pou kesyon sa yo.

## Pou n kòmanse

Ouvèti atelye a (fich nimewo 1)

### Rezulta n ap chèche

Patisipan yo ap fè konesans ak objektif atelye a epi y ap mete yo dakò ak tout règ jwèt ki pral fè l mache kòm sa dwa

### Zouti nou bezwen

Bristòl oswa feyè ki gen objektif ak règ jwèt atelye a

## **Ti resèt pou animatè/z yo**

- ◊ Kòmanse swete patisipan yo byenvini epi remèsyé yo poutèt yo deside patisipe nan atelye a.
- ◊ Esplike yo nou pa pral pran pòz pwofesè lekòl k ap fè kou osnon pè (oswa pastè) k ap preche, se nou tout, animatè/z tankou patisipan ki pral travay ansanm ; pou diferan aktivite yo fèt, nou tout ap bay patisipasyon nou. San volonte patisipan yo pou yo di san fòse sa ki nan lespri yo epitou pou yo fè kòmantè sou sa k ap fèt la, aktivite yo pa p reyisi.
- ◊ Pou patisipan ki fin majè yo, sètadi, gwoup granmoun ak gwoup edikatè : fè yo konnen atelye a ap chèche louvri je tout moun sou koze « genre » ak sante seksyèl plis sante repwodiksyon. Envite patisipan ki santi yo deja gen ti konesans sou kesyon sa yo pou yo pataje sa yo konnen an ak rès gwoup la epitou pou yo koute sa lòt patisipan yo ap di.
- ◊ prezante koze sa a, pou yo ka kòmanse konprann kijan egzijans sosyete a fè gason ak fanm aji sou sante seksyèl yo ak sante repwodiksyon yo.
- ◊ Sèvi ak yon bristòl oswa ak feyè nou genyen, pou n fè yo fè konesans ak objektif atelye a.

### **Objektif pou patisipan ki jèn yo**

- ◊ Se pou yo rive wè diferans ki egziste ant « sèks » ak « genre » epitou dekouvri « wòl sosyete a ba fanm ak wòl sosyete a ba gason » (« genre »)
- ◊ Se pou yo jwenn okazyon pou yo reflechi sou kijan, ak eksperyans pèsonèl yo, yo te rive konprann egzijans sosyete a fè fanm yon bò, gason yon lòt bò
- ◊ Se pou patisipan yo jwenn opòtinite pou yo pataje ak gwoup la eksperyans yo kòm fanm oswa eksperyans yo kòm gason
- ◊ Se pou yo wè: lè yon moun se gason, sa ka aji sou sante seksyèl li ak sante repwodiksyon I, lè yon moun se fanm, sa ka aji sou sante seksyèl li ak sante repwodiksyon I tou

### **Objektif pou grandèt (gwoup granmoun ak gwoup edikatè)**

- ◊ Se pou yo jwenn yon definisyon pou mo sèks ak yon definisyon pou mo « genre » ki mete tout moun dakò
- ◊ Se pou yo fè eksperyans ak kèk zouti pratik k ap pèmèt yo abòde kesyon « genre » lan nan travay y ap fè ak jenn ti moun nan domèn SSR
- ◊ Se pou yo jwenn prèv ki montre kijan koze vyalans, VIH/EST, gwochè malè ak konsekans pwoblèm sa yo genyen ka plotonnen youn ak lòt, epitou kijan youn ka lakòz lòt
- ◊ Se pou yo jwenn opòtinite pou yo pataje eksperyans yo ak metòd travay yo nan domèn « genre » ak SSR

- ◊ Prezante ba gwoup la tout règ jwèt ki dwe fè atelye a mache kòm sa dwa ( nou pral rive sou yo kounye a ) ; (se pou n ekri yo sou yon bristòl osnon se pou n sèvi ak feyè nou genyen an) ; nou dwe mande patisipan yo si yo dakò ak règ jwèt yo.
- ◊ Mande patisipan yo si yo ta renmen ajoute lòt règleman oswa lòt dizon sou lis la.

## Règ jwèt atelye a

- ◊ Animate/z yo pa p janm mande patisipan yo pou yo reponn yon kesyon, sòf si gen plizyè moun ki leve men yo, pou yo pataje kichòy ak gwoup la.
- ◊ Si yon patisipan santi l pa alèz, li pa oblige reponn kesyon pandan dewoulman atelye a.
- ◊ Se pou tout moun ouvri zòrèy yo, pou yo tande sa lòt ap di, menm si yo pa dakò ak opinyon sila yo.
- ◊ Se pou chak moun pale pou tèt li (Mwen panse...., Mwen kwè...., M pa renmen/m renmen...., elatriye) olye l antre nan chirepit ak lòt moun, sètadi, olye l di pawòl ki kòmanse ak « ou » (ou twonpe w, lè w di sesi-sela.... , ou pa dwe panse konsa, elatriye).
- ◊ Se pou tout moun respektè sekrè : si yon moun pataje eksperyans pèsònèl li ak gwoup la, fòk pawòl la pa al repete deyò, pou pesonn pa lonje dwèt sou mèt sekrè a.
- ◊ Voye jete tout laperèz nou genyen, pou n ka di sa n panse ak sa n santi tout bon, lè n ap brase lide sou yon kesyon ; pa gen ni repons kòrèk, ni repons ki pa kòdyòm, eksperyans chak moun chaje enpòtans nan li menm menm. Menm si nou dwe rekònèt gen eksperyans ki te fè viktim yo mal anpil. (paregzanp, lè yon moun te sibi zak vyolans oswa diskriminasyon (prejije)).
- ◊ Reziyen n pou n di pawòl ki sanble ak « gwo mo », pawòl swadizan « maledve » (tabou) ki vini ak koze n ap brase nan atelye a ; paske depi n ap pale koze sèks, nou oblige sèvi ak pawòl sa yo.
- ◊ Chak fwa travay nan gwoup yo fini, chak fwa nou fin pran kolasyon, se pou n tounen touswit nan atelye a. Pa ret kale wès !

# Kisa "genre" vle di?

## Kisa sèks vle di?

### Aktivite 1A : Sèks ak « genre » : ki sans mo sa yo genyen ?

(fich nimewo **2**)

Se sèlman si pifò patisipan deja konprann koze « genre » lan plizoumwen, pou n fè aktivite sa a. Si yo pa konn anyen sou sa, pito n kòmanse ak aktivite 1 B a – Konplete pwovèb oswa lòt pawòl paspatou.

### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo kòmanse dekovri diferans ki egziste ant koze « sèks » ak koze « genre »

### Zouti nou bezwen

Kèk bristòl, makè, tep adezif ak yon bristòl oswa feyè ki gen sans mo sèks ak sans mo « genre »

### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Sou bò gòch yon tablo oswa yon bristòl, ekri mo « sèks » la anlè, tankou yon tit.
- ◊ Mande patisipan yo kisa k vin nan lespri yo, lè yo tande yon moun di : « sèks ». Fè tout moun konprann – peze sou sa ! – yo gen dwa di tout mo ki gen menm sans ak sèks nan atelye a, menm si se mo ki parèt « maledve », mo « tabou », sètadi, mo timoun byenelive dwe swadizan fè kwa sou bouch yo, pou yo pa janm repeete.
- ◊ Ekri tout mo patisipan yo bay yo anba mo sèks la.
- ◊ Si patisipan yo santi yo jennen oswa si yo santi yo wont, se pou n bay kèk egzanp (plezi, « maledve », alsiyis, tete), pou n ka ankouraje yo pale.
- ◊ Apre sa, se pou n ekri mo « genre » lan anlè, sou bò dwat tablo a oswa bristòl la ; konsa, n ap fè yon dezyèm ranje ; mande patisipan yo kisa k vin lan tèt yo, lè yo tande yon moun di : « genre ».
- ◊ Ekri tout repons yo anba mo « genre » lan.

### Ranmase lide

- ◊ Si mo patisipan yo marye ak mo sèks la gen rapò ak fòm kò moun/fizik (ak nannan lavi moun/byoloji, ak tout mak fabrik kò moun/jenetik) epi mo yo marye ak mo « genre » lan gen rapò ak sa k ap pase andedan vant sosyete a, se pou n fè yo konpliman pou bonkonprann yo.
- ◊ Distribye ba patisipan yo gid sipò ki gen sans mo « sèks » ak sans mo « genre » epi sèvi ak bristòl la oswa feyè nou genyen an pou n fè tout moun wè kisa mo sa yo vle di. Se pou nou li esplikasyon mo sèks la ak esplikasyon mo « genre » lan pou patisipan yo epi mande yo si yo bezwen plis esplikasyon.
- ◊ Si kèk patisipan vle konnen kisa diksyonè yo di sou mo sa yo, fè yo konnen diksyonè yo konn bay prèske menm esplikasyon an pou tou 2 mo yo. Nan atelye a, n ap sèvi ak sans mo « genre » lan nan domèn Syans Sosyal. (Al gade esplikasyon sou mo yo nan paj 66-67, katriyèm pati nan liv la ; patisipan yo gen dwa al fè yon kout je nan diksyonè moun plis itilize nan peyi a.)

## Kisa sa sèks vle di ? Kisa « genre » vle di ?

Mo sèks la fè n sonje reyalite natirèl (fizyolojik) nan kò yon moun ki pèmèt nou di si l se gason oswa si l se fanm :

- ◊ Mòd aparèy seksyèl li genyen (kòk, boul gress, chouchoun, matris, tete)
- ◊ Mòd òmòn ki pi fò nan kò l (paregzanp, estwojèn, testostewòn)
- ◊ Kapasite l pou l bay espèm oswa ovil
- ◊ Kapasite l pou l ansent, akouche epi bay tête

Mo« **genre** » lan fè n sonje lide anpil anpil moun gen sou fanm ak gason ak egzijans yo kwè fanm ak gason – yo chak, bò pa yo - dwe respekte. Ladan yo, gen lide sou mak fabrik fanm ak mak fabrik gason, ladrès ki fèt pou fanm « menm » ak ladrès ki fèt pou gason « menm ». Gen tou egzijans pifò moun fè fanm ak gason sou konpòtman yo chak dwe genyen nan divès sitiyasyon. Lide ak egzijans sa yo, nou pran yo nan fanmi nou, nan men zanmi nou, anba bouch moun k ap pran lapawòl toutlasent jounen, nan legliz ak enstitisyon k ap travay nan domèn lakilti, nan lekòl, nan travay, nan reklam, nan laprès. Lide sa yo aji sou nou epi yo parèt akèt tou nan diferan wòl fanm ak gason ap ranpli, pozisyon sosyal fanm ak gason genyen, kantite pouvwa lajan ak pouvwa politik fanm ak gason ka genyen nan sosyete a.

### Lòt fason nou ka devlope aktivite a

- ◊ Mande patisipan yo pou fòme yon seri gwoup ki gen 3 patisipan ; remèt chak gwoup yo yon fèy papye.
- ◊ Mande patisipan yo pou yo ekri sou fèy papye a – yo pa dwe pran plis pase 5 minit pou yo fè sa – mo oswa pawòl ki vin nan tèt yo, lè y ap reflechi sou mo « sèks » ak mo « genre ».
- ◊ Apre sa, mande gwoup yo pou yo pran 5 minit ankò pou yo di kisa « sèks » vle di, kisa « genre » vle di ; pou yo fè sa, se pou yo sèvi ak mo oswa pawòl yo te marye, yon bò, ak mo « sèks », yon lòt bò, ak mo « genre » lan.
- ◊ Mande dezoutwa nan gwoup yo pou yo vin prezante travay yo fè a devan tout patisipan yo epi, apre sa, fè patisipan yo wè ni kote sans 2 mo yo sanble, ni kote yo pa sanble.
- ◊ Bay definisyon mo « sèks » ak definisyon mo « genre » nou pral itilize nan atelye a epi fè yon ranmase pou n fini.

### Reyaksyon teren

« Kèk nan patisipan yo te di yo pa t janm panse yo te ka separe sèks ak « genre », paske yo te toujou wè 2 bagay sa yo tankou 50 kòb ak 2 gouden »

(XIèm Kongrè sou Seksoloji ak Edikasyon Seksyèl, peyi Pewou)

## Aktivite 1 B :Konplete pwovèb oswa lòt pawòl paspatou (fich nimewo 3)

### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo kòmanse dekouvri estereyotip « genre » yo ki pa sispann fè dega nan diferan kilti. Yon estereyotip se yon koze kredi ki mal pou chanje.

### Zouti nou bezwen

Bristòl oswa feyè ki gen bout pwovèb ak bout lòt pawòl paspatou nou pral konplete yo

### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Montre patisipan yo bout pwovèb ak bout lòt pawòl paspatou ki sou 2 ranje nan yon feyè oswa yon bristòl ki tache sou yon mi. (gade nan paj 26)
- ◊ Di patisipan yo chak pwovèb oswa pawòl paspatou gen yon bout nan chak ranje ; men 2 bout ki fasafas yo pa soti nan menm pwovèb la oswa menm pawòl paspatou a.
- ◊ Mande patisipan yo pou yo sèvi ak bout ki nan dezyèm ranje yo, pou yo konplete pwovèb yo oswa pawòl paspatou yo ; apre sa, se pou yo di ki lide pwovèb sa yo ak pawòl paspatou sa yo ap mete nan tèt moun.
- ◊ Si patisipan yo pa wè sa pwovèb ak pawòl paspatou sa yo vle di, ba yo kèk esplikasyon.

### Egzanz pwovèb ak pawòl paspatou ak sans yo genyen

- ◊ **Gason se boul lò, fanm se moso twal** : pawòl paspatou peyi Kanbòdj ; li vle di fanm tankou yon moso twal blan ki sal trapde nan fè bagay, alòske gason, yo menm, menm si yo mache fè bagay san rete ak yon latrìye fanm, y ap toujou rete byen klere epi byen pwòp tankou lò
  - ◊ **Nèg ki marye ak fanm lèd toujou gen laperèz, lè yo fèk reveye** : pwovèb peyi Brezil ; li vle di gason rayi fanm ki pa bèl
  - ◊ **Fanm tankou tata bète ki rele antilòp la** : pwovèb « benmba », nan peyi Zanbi ; li vle di gen yon bann ak yon pakèt fanm ; si madanm ou ap ranse, voye l ale, pran yon lòt
  - ◊ **Nèg k ap koute fanm, se grangou y ap sere mete la** : pwovèb « tonga », nan peyi Zanbi ; li vle di moun pa dwe koute pawòl fanm ; si w fè sa, w ap tonbe nan pwoblèm kanmèm
  - ◊ **Gason se machin, fanm se pakin kote machin estasyone** : pawòl ki soti nan youn nan peyi Azi yo ; li vle di se gason ki gen dwa chwazi fanm (pakin pou yo estasyone), alòske fanm pa gen posiblite pou yo chwazi (« se pou yo rete tann nenpòt machin vin estasyone ladan yo, paske, kòm pakin, yo pa ka deplase »)
  - ◊ **Mari k ap ede madanm yo fè travay, yo rele sa tyoul fanm** : pawòl ki soti nan peyi End ; li vle di gason k ap ede fanm nan fè travay lan kay « manke sou gason yo»
  - ◊ **Depi timoun fèt, lanmou, ki te nan mitan mari ak madanm, lè yo te fèk marye, al bwa chat** : pawòl ki soti nan peyi End ; li vle di tout ladoudous fini, lè madanm ak mouche gen timoun pou yo okipe
- Travay fyèl-pete pou ti kras lajan se travay fanm** : pwovèb swayili (Afrik) ; li vle di, an jeneral, fanm travay pi plis epi yo touche pi piti kòb pase gason

- ◊ **Gen lè zetwal fanm se zetwal ki manke klere yo ; se sa k fè, ti krik ti krak, malentespri anpare yo** : pwovèb peyi End ; li vle di lòlòy fanm vire pi fasil pase lòlòy gason
- ◊ **Yon kay san mèt se tankou yon fanm san mari** : pwovèb nou jwenn nan 2 lang (simeryen ak akadyen) ; li vle di yon fanm san mari se yon fanm ki manke moso
- ◊ **Plas fanm se nan kwizin** : pwovèb peyi Etazini ; li vle di fanm te dwe rete chita fè travay lan kay
- ◊ **Gwo van-tanpèt ak fanm lèd rive kase wozo** : pawòl ki soti peyi Brezil ; li vle di van-tanpèt ak fanm ki pa bèl ka bay gwo gwo pwoblèm
- ◊ **Se nan pla men fanm diyite yon kay chita** : pawòl ki soti nan peyi End ; li vle di se konpòtman yon fanm ki fè repitasyon fanmi I
- ◊ **Ti gason ki kapon te mèt woze dwèt yo** : pawòl ki soti nan peyi End ; li vle di ti gason, ki pa renmen jwèt brital oswa ki konn gen laperèz, se tankou fanm oswa demwazèl yo ye

### Konplete pwovèb oswa lòt pawòl paspatou

Gason se boul lò	<i>se sa k fè, ti krik ti krak, malentespri anpare yo</i>
Nèg ki marye ak fanm lèd	<i>yo rele sa tyoul fanm</i>
Gason se machin	<i>fanm se moso twal</i>
Mari k ap ede madamn yo fè travay	<i>toujou gen laperèz, lè yo fèk reveye</i>
Fanm tankou	<i>se nan kwizin</i>
Yon kay san mèt	<i>tata bèt ki rele antilòp la</i>
Nèg k ap koute fanm	<i>se tankou yon fanm san mari</i>
Depi timoun fèt, lanmou, ki te nan mitan	<i>se grangou y ap sere mete la</i>
Travay fyèl-pete pou ti kras lajan	<i>rive kase wozo</i>
Plas fanm	<i>diyite yon kay chita</i>
Gen lè zetwal fanm se zetwal ki manke klere yo	<i>fanm se pakin kote machin estasyone</i>
Ti gason ki kapon	<i>mari ak madamn, lè yo te fèk marye al bwa chat</i>
Gwo van-tanpèt ak fanm lèd	<i>te mèt woze dwèt yo</i>
Se nan pla men fanm	<i>se travay fanm</i>

## Ranmase lide

- ◊ Esplike patisipan yo kijan pawòl paspatou yo ka gen yon seri mesaj andaki ki pa bon ditou ni pou ti fi, ni pou medam yo, ni pou ti gason, ni pou mesye yo ; fè yo konnen y ap pi vit jwenn, nan anpil kilti, plis pwovèb k ap pale fanm mal. Pa bliye esplike patisipan yo kijan pwovèb ak pawòl paspatou montre nou ki kantite entèlijans, ki kalte ladrès ak ki mòd konpòtman sosyete a vle, yon bò, pou medam yo ak ti fi yo, yon lòt bò, pou mesye yo ak ti gason yo.
- ◊ Esplike yo se pa kesyon sèks – jan kò yon moun fèt – ki fè sosyete a fè egzijans sa yo, men se plis akòz yon pakèt vye lide sou fanm, ti fi, gason ak ti gason, ki chita nan zo bwa tèt moun. Nou sèvi ak mo « genre » lan, pou n lonje dwèt sou mòd lide sa yo. Nan atelye sa a, nou pral detaye lide sa yo ansanm ak egzijans sosyete a fè fanm ak gason.
- ◊ Distribye gid sipò ki montre kisa « sèks » ak « genre » vle di. Esplikasyon sa yo ki tou prepare pou atelye a, se pou n prezante yo sou feyè a oswa yon fèy bristòl n ap kole sou yon mi (gade nan paj 24). Se pou nou li definisyon mo yo pou tout patisipan epi mande yo si yo bezwen plis esplikasyon ankò.

## Lòt fason nou ka devlope aktivite a

- ◊ Pou chak pwovèb, se pou n ekri premye pati a sou yon moso papye k ap rele « A » (make A sou li) ; ekri dezyèm pati a sou yon lòt moso papye k ap rele « B ».
- ◊ Pase moso papye yo ba patisipan yo, pandan n ap fè atansyon pou n fin distribiye ni premye, ni dezyèm pati chak pwovèb.
- ◊ Mande youn nan patisipan (fanm oswa gason) ki jwenn yon moso papye « A », pou l li, s il vle, premye pati pwovèb ki nan men l lan.
- ◊ Mande patisipan ki jwenn moso papye B yo pou yo chache kiyès pamì yo ki gen dezyèm pati pwovèb la.
- ◊ Depi nou fin jwenn dezyèm pati yon pwovèb, se pou n mande yon dezyèm volontè nan gwoup A a pou l li premye pati pwovèb ki nan men l lan ; n ap kontinye menm jan an, jouk nou fin rekole tout pwovèb yo.

## Aktivite 2 : Lè m te piti (fich nimewo 4)

### Rezulta n ap chèche

Se pou yo dekouvri kijan koze « genre » lan te foure kò l nan eksperyans yo te fè byen bonè nan lavi a epitou kijan l kontinye fè dega nan lespri yo, nan fason yo panse

### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Si sal kote atelye a ap fèt la pa twò piti, mande patisipan yo pou yo fè yon ti mache pandan 30 segond ; apre sa, mande pou chak patisipan chèche yon asosye ; konsa, n ap gen yon bann ti gwoup ki gen, yo chak, 2 patisipan ; se pou yo chita yon fason pou do youn kole ak do lòt.
- ◊ Si pa gen ase plas, mande patisipan yo pou y al fè ti gwoup yo lòt bò sal la ; yo gen dwa chita sou chèz, depi yo kole do chèz yo youn ak lòt.
- ◊ Apre sa, n ap di : « Kounye a, fèmen je n epi imajine nou chita yon bèl kote ki trankil nèt ; imajine n ap koute yon ti mizik dous nou renmen anpil ; si n vle, nou ka eseye sonje tou yon moun nou apresye anpil. Kounye a, ti pa, ti pa, nou pral eseye tounen nan tan lontan, pou n sonje, toudabò, lè n te jenn ti bway oswa jenn ti fi, answit, lè n te ti katkat. Kounye a, pandan n ap fè vizyon epòk nou te timoun, n ap eseye sonje ki premye fwa nou te dekouvri se ti gason oswa ti fi nou ye , osnon, ki premye evennman oswa sitiayson ki te fè n wè ti gason ak ti fi pa menm ; nou ka eseye sonje tou ki esplikasyon yon moun nou apresye anpil te ban nou sou sa k gen arevwa ak gason oswa sou sa k gen

arevwa ak fanm. Ann reflechi sou premye eksperyans sa a : èske se te yon bagay ki konsène sèlman devlopman kò moun (paregzanp, ti fi oswa ti gason ki fèk fòme) osnon yon bagay ki plòtonnen ak kòmantè/reyakson lòt moun (sa ti fi ak ti gason dwe fè osnon pa dwe fè) ? Èske se te yon eksperyans ki te bon pou nou osnon ki pa t bon pou nou ditou ? Oubyen tou, dapre nou, èske li pa t ni bon, ni move ? »

- ◊ Kite patisipan yo reflechi an silans sou kesyon sa yo pandan 3 minit.
- ◊ Envite chak patisipan pataje kèk nan souvni timoun li ak lòt asosye a.
- ◊ Apre dezoutwa minit, mande kèk patisipan, ki vle, pou yo pataje eksperyans yo ak tout rès gwoup la ; y ap tou di si, dapre yo, eksperyans sa yo te bon , pa bon ditou osnon ni bon, ni move. Si okenn nan yo pa vle vin pale, animatè/z yo dwe bay kèk egzanp sou pwòp lavi pa yo. Anjeneral, sa ka ankouraje patisipan yo fè jefò pou yo rakonte eksperyans pa yo.
- ◊ Fè yon ti pale sou eksperyans nou tande yo, pou n di kiyès ladan yo ki gen rapò ak sèks (paregzanp, yon timoun ki dekouvri ti pati yon ti gason ak ti chouchoun yon ti fi pa fèt menm jan, yon ti fi oswa yon ti gason ki fèk fòme), kiyès ladan yo ki gen rapò ak « genre » (paregzanp, aktivite moun pa t gen dwa fè, poutèt yo se fi oswa poutèt yo se gason). Si okenn nan patisipan yo pa rakonte anyen ki gen rapò ak mak fabrik sèks, se pou n bay yon egzanp.

### *Reyakson teren*

« Aktivite a te ede patisipan yo wè kijan tout moun alawonbadè konn sèks yo, depi yo tou piti ; depi lè sa a tou, yo konn kijan pou yo mennen bak yo, poutèt yo se fanm oswa poutèt yo se gason. » (Peyi Malawi)

## Ramnase lide

- ◊ Li enpòtan pou n fè tout patisipan yo konprann se reyakson ak kòmantè moun bò kote n ki aprann nou rete nan wòl fanm nou oswa nan wòl gason nou (paregzanp, lè yo di n kesyon règ chak mwa a se yon « madichon ki tonbe sou fanm »), alòske premye eksperyans ki te fè n dekouvri sèks nou plis gen rapò ak diferans ki egziste ant kò fanm ak kò gason.
- ◊ Ankouraje jèn yo sote tout baryè sosyete a mete devan yo, si baryè sa yo anpeche yo vanse : paregzanp, yo konn fè ti medam yo konprann metye enfimyè se pou fanm sèlman I fet ; gen moun ki konn di tou fanm pa bezwen pèdi tan nan lekòl segondè, paske, detoutfason, depi yo fin marye, se lakay y ap rete.
- ◊ Si se ak granmoun n ap travay, fè yo sonje anpil nan nou pa t tolere, lè n te jenn ti moun, latriye pinga nou te konn tande yo (paregzanp, pinga ti fi jwe jwèt « brital ») ; fòk nou sonje pwòp eksperyans pa nou, pou n pa kontinye fè menm mesaj sa yo pase nan rapò n genyen, jounen jodi a, ak jèn yo.

## Lòt fason nou ka devlope aktivite a

### Premye fason

Nou ka fè I konsa, lè patisipan yo pa gen lontan depi y ap fè eksperyans ak mòd atelye kote youn nan règ jwèt ki pi enpòtan yo se patisipasyon.

- ◊ Si patisipan yo santi yo jennen pou yo chwazi yon asosye, se pou n fòme gwoup yo, nou menm.
- ◊ Lè chak patisipan fin pataje eksperyans li ak asosye a, mande yo pou youn fè kèk kòmantè sou sa lòt la te rankonte I, san I pa site non I ; petèt konsa, yo pa p twò wont.

## **Dezyèm fason**

Si, nan atelye a, gen menm valè famn ak gason :

- ◊ Olye n mande patisipan yo pou yo fè yon ti mache nan sal la, mande pou chak famn debwouye l'jwenn yon asosye gason, chak nèg demele gèt li pou l'jwenn yon konpayèl famn.
- ◊ Apre sa, kontinye devlope aktivite a, menm jan nou wè l'nan ti resèt pou animatè/z yo ; se pou patisipan yo chita epi fèmen je yo.

## **Twazyèm fason**

Si, nan atelye a, gen menm valè famn ak gason :

- ◊ Mete tout gason (kit se granmoun, kit se jenn moun) chita kòtakòt, yon fason pou yo fòme yon wonn – do yo dwe bay sou mitan wonn lan, sètadi fas yo ap gade deyò ; apre sa, andedan wonn gason yo, mete tout medam yo (kit se granmoun, kit se jenn moun) chita kòtakòt tou, yon fason pou yo fè yon lòt wonn, men ak fas yo ki bay sou mitan lòt wonn sa a.
- ◊ Mete yon ti mizik dous, epi mande medam yo pou yo vire agòch (pou fas yo al bay sou deyò), mande gason yo pou yo vire adwat (pou fas yo al bay sou andedan).
- ◊ Estòp mizik la epi mande chak patisipan yo pou yo gade moun ki anfas yo a. Se moun sa a, y ap chwazi kòm asosye.
- ◊ Kontinye devlope aktivite a jan nou wèl nan ti resèt pou animatè/z yo ; se pou patisipan yo chita epi fèmen je yo.

## **Katriyèm fason**

Fè aktivite a jan nou wè l'nan ti resèt pou animatè/z yo epi, apre sa, chèche repons pou kesyon sa yo :

1. Èske se yon chans (ki avantaj ?) osnon yon malchans (ki dezavantaj ?) pou yon moun fèt famn ? Èske se yon chans (ki avantaj ?) osnon yon malchans (ki dezavantaj ?) pou yon moun fèt gason ?
2. Si gen avantaj ak dezavantaj nan youn oubyen nan tou 2 sèks yo, poukisa gen tout diferans sa yo antre yo epi nan tout diferans sa yo, kisa k gen arevwa ak sèks, kisa k gen arevwa ak « genre » ?

## **Aktivite 3 :**

### **Se « genre », se pa sèks (fich nimewo 5)**

#### **Rezulta n ap chèche**

Se pou yo konprann diferans ki egziste ant sèks ak « genre » epitou aprann rekonèt estereyotip « genre » yo. Yon estereyotip se yon koze kredi ki mal pou chanje.

#### **Zouti nou bezwen**

Fèy bristòl, makè ak tep adezif, yon bristòl oswa feyè ki gen esplikasyon sou oryantasyon seksyèl (etewoseksyèl, masisi, madivin, elatriye)

#### **Ti resèt pou animatè/z yo**

- ◊ Pran yon gwo fèy bristòl. Trase ladan 4 liy ki kanpe kòtakòt, pou n fè 3 ranje. Ekri « Fanm » tankou yon tit lan tèt premye ranje a epi kite lòt yo vid.

- ◊ Mande patisipan yo pou yo bay mak fabrik, ladrès ak wòl zòt konn di fanm genyen ; yo ka mete nan lis la tout mòd koze yo konn tande souvan nan kominote kote y ap viv la ansanm ak pwòp opinyon pa yo.
- ◊ Touswit apre sa, ekri « Gason » tankou yon tit lan tèt twazyèm ranje a epi mande patisipan yo pou yo fè yon lòt lis ak mak fabrik, ladrès ak wòl zòt di gason genyen.
- ◊ Si, nan mak fabrik, ladrès ak wòl patisipan yo bay pou fanm ak sa yo bay pou gason yo, pa gen okenn bél bagay oswa okenn vye bagay, se pou n ba yo pou, yon fason pou tou 2 ranje yo ka gen ni bél bagay, ni vye bagay.
- ◊ Si patisipan yo pa site okenn pati nan kò moun oswa anyen ki konsène kò moun(tankou tete, bab, kòk, chouchoun, menopoz) kòm mak fabrik fanm oswa gason, se pou n ajoute dezoutwa nan chak ranje.
- ◊ Touswit apre sa, chanje tit chak ranje yo : ekri Gason nan plas Fanm (premye ranje), Fanm nan plas Gason (twazyèm ranje). Reli lis yo yon dènye fwa ansanm ak patisipan yo epi mande yo : Èske gason ta ka gen mak fabrik ak konpòtman ki pòtre ak pa fanm yo ? Èske medam yo ta ka gen mak fabrik ak konpòtman ki pòtre ak pa gason yo ? Tout mak fabrik ki, an prensip, pa ka chanje plas, n ap mete yo nan ranje ki nan mitan an (2<sup>em</sup> lan) ; tit n ap mete pou ranje sa a se « Sèks ».
- ◊ Pou n pa gaspiye tan, nou pa bezwen brase lide sou chak gress mo ki nan chak ranje ; sèl bagay pou n fè, se pou n mande patisipan yo si yo wè kék mo ki ka chanje plas. Men, fè yon jan tou pou n pa tonbe pale sou tout mo ki nan ranje « Sèks » la.
- ◊ Nan mitan patisipan yo, ka gen boukantay lide sou sans kèk nan mo yo genyen ; youn lan objektif aktivite a se montre kijan moun ka bay plizyè kalte esplikasyon pou pifò nan mak fabrik ki makònèn ak koze « genre ». Se poutèt sa, nou pa dwe ni espannta, ni kontrarye, si patisipan yo ap chèche fouye zo nan kkalalou.

### Oryantasyon seksyèl ak reyalite lavi seksyèl chak moun

<b>Ethewoseksyèl</b>	oryantasyon seksyèl gason ki santi se pou fanm sèlman kè I bat ak fanm ki santi se pou gason sèlman kè I ba t
<b>Omoseksyèl</b>	oryantasyon seksyèl moun ki santi kè yo bat sèlman pou moun menm sèks ak yo
<b>Masisi</b>	Gason ki omoseksyèl ; se ak gason parèy yo sèlman yo fè bagay ; yo rele yo tou : pè sis (66), pederas, gason makomè, elatriye...
<b>Lesbyèn</b>	Fanm ki omoseksyèl ; se ak fanm parèy yo sèlman yo fè sèks ; yo rele yo tou : madivin, fanm awòm, elatriye...
<b>GSG</b>	Gason ki fè sèks (fè bagay) ak gason parèy yo, san yo pa konsidere tèt yo kòm masisi
<b>Biseksyèl</b>	Oryantasyon moun ki fè sèks ni ak fanm, ni ak gason
<b>Travesti</b>	Gason k ap pran pòz fanm yo (yo mete rad fanm, yo woze zong yo, yo woze bouch yo) ak fanm k ap pran pòz gason yo (yo fè tout bagay pou yo ka sanble ak gason)
<b>Transseksyèl</b>	Gason ki fè tout sa I konnen pou I tounen fanm nèt, poutèt li santi se fanm li te dwe ye, ak fanm ki fè tout sa I konnen pou I tounen gason nèt, poutèt li santi se gason I te dwe ye (pou sa fèt, mesye-dam sa yo konn pran òmòn epi yo gen dwa fè operasyon tou pou wotire oswa mete kòk)
<b>« Transgenre »</b>	Moun ki sanble ak travesti oswa transseksyèl : san yo pa fè operasyon, yo gen dwa abiye yon fason oswa pran òmòn, pou yo ka sanble ak moun ki pa menm sèks ak yo. Gen moun ki sèvi ak non sa a tou pou ni travesti, ni transseksyèl.

Li nesesè pou n pare pou n ede patisipan yo brase lide sou fason chak moun viv lavi seksyèl li. Nan sans sa a, l ap trè bon pou n fè yo konprann « oryantasyon seksyèl » ak « genre »pa vle di menm bagay. Si l nesesè, se pou n ba yo kèk ti definisyon senp sou kesyon oryantasyon seksyèl la ; pou n fè sa, nou ka sèvi ak yon fèy bristòl oswa ak feyè a. Fòk yo konprann trè byen chak moun (kit li fanm, kit li gason), kèlkeswa oryantasyon seksyèl li, toujou ap resevwa presyon anba men sosyete a poutèt sèks li ; si se fanm li ye, tout moun ap toujou vle pou l gen konpòtman fanm, pou l jwe wòl fanm, si l se yon gason, tout moun ap toujou vle pou l gen konpòtman gason, pou l jwe wòl gason.

## Ranmase lide

- ◊ Esplike patisipan yo kijan tout mo ki nan ranje « Gason » an ak tout mo ki nan ranje « Fanm » lan makònèn ak kesyon « genre ».
- ◊ Esplike yo kijan sèks gen arewwa ak chapant kò moun (byoloji + jenetik), alòske « genre » makònèn ak lide k ap sikile nan sosyete a/nan kilti pèp yo epitou ak wòl zòt vle pou fanm ak gason jwe nan sosyete a. Se poutèt sa, nou ka wè nannan koze « genre » lan konn chanje, soti nan yon kilti al nan yon lòt, soti nan yon sosyete al nan yon lòt.
- ◊ Fè patisipan yo konnen kijan anpil fwa, moun konn pran koze « genre » pou koze sèks, koze sèks pou koze « genre » ; konsa, yo fè yon bouyonmimi, kote yo sèvi ak menm mo a pou tou 2 koze sa yo. Menm jan an tou, yo itilize anpil fwa mo « genre » lan yon fason ki pa kòrèk, lè yo mete l nan plas sèks (se sa k rive, paregzanp, nan papye yon moun konn ap ranpli pou l bay enfòmasyon sou tèt li, lè yo mande l ki « genre » li, olye yo mande l ki sèks li).
- ◊ Montre patisipan yo – peze sou sa ! – kijan tout lide malatyong sou plas ki pou fanm ak plas ki pou gason ka tounen gwo danje, poutèt yo ka jennen nou nan entèlijans ak volonte nou genyen pou n devlope kapasite n jouk nan bout. Si se sou lide malatyong n ap gade pou n mennen bak nou, nou pa p janm ka wè ki kote enterè nou ye, ki kalte kapasite nou genyen ; konsa, vye lide sa yo dekoraje gason pote kole nan « travay medam yo » (tankou okipe timoun), vye lide sa yo dekoraje medam yo, lè yo vle chwazi jwe wòl nou leve jwenn gason ap jwe (tankou aprann metye enjenyè, antre nan sèten jwèt tankou jwèt boul, karate, e latriye).
- ◊ Fè yo konprann trè byen sa pa vle di gason pa dwe pran plezi nan wòl ak kalite pifò moun ba gason, sa pa vle di fanm pa dwe pran plezi nan wòl ak kalite pifò moun ba fanm, men sa k enpòtan an, se pou tout moun deside poukont yo kisa yo vle fè.

## Lòt fason nou ka devlope aktivite a

### Premye fason

Se sèl si nan atelye a gen ni fanm, ni gason, nou ka devlope aktivite a konsa.

- ◊ Mande patisipan gason yo pou yo di n ki pawòl pou n mete nan ranje « Fanm » lan.
- ◊ Mande patisipan fanm yo pou yo di n ki pawòl pou n mete nan ranje « Gason » an.
- ◊ Mande tout patisipan yo si pa gen okenn pwoblèm, lè n chanje tit ranje yo, sètadi, lè n ekri « Fanm » nan plas « Gason », « Gason » nan plas « Fanm ».

### Dezyèm fason

- ◊ Pou n kòmanse, mande patisipan yo pou yo di n ki koulè ki sanble fanm, ki koulè ki sanble gason ; kòmanse ak koulè ble, wòz ak wouj, epi apre, pran koulè oranj, gri, vèt, koulè ajan, koulè lò ak mawon.

### Reyakson teren

*« Apre aktivite sa a, nou tout te gen asirans nou byen konprann diferans ki egziste ant « genre » ak sèks. »*

*(peyi Filipin)*

- ◊ Sa n ka fè tou, se pou n mande patisipan yo pou yo wotire nan yon bwat kèk objè tankou goumèt, bag, kreyon fa, kapòt, kolye, linèt, mont, elatriye... Mande yo kiyès lan objè sa yo ki pou fanm oswa ti fi, kiyès ladan yo ki pou gason oswa ti gason, epi kiyès ladan yo ki pou ni fanm, ni gason.
- ◊ Kontinye devlope aktivite a jan nou wè I nan ti resèt pou animatè/z yo, jouk nou rive nan ranmase lide a.
- ◊ Apre sa, mande patisipan yo si pa gen anyen yo ta renmen chanje sou kesyon koulè oswa objè yo di ki sanble fanm ak ti fi oswa gason ak ti gason. Fè yo esplike poukisa.
- ◊ Fè ranmase lide a.

### **Twazyèm fason**

- ◊ Devlope aktivite a nèt jan nou wè I nan ti resèt pou animatè/z yo.
- ◊ Apre sa, mande patisipan gason yo si yo gen ladrès pou yo fè travay pifò moun konsidere kèm travay fanm, oswa si, yon lè, yo te fè yon travay konsa, oubyen tou si yo konn yon lòt gason ki fè yon eksperyans konsa. Mande patisipan fanm yo si yo gen ladrès pou yo fè travay pifò moun konsidere kèm travay gason, oswa si, yon lè, yo te fè yon travay konsa, oubyen tou si yo konn yon lòt fanm ki fè yon eksperyans konsa.
- ◊ Mande yo fè yon ti reflechi pou yo sonje si lòt moun te bat bravo pou yo osnon te twaze yo, lè yo t ap konpòte yo yon fason ki, dapre zòt, pa ale ak pozisyon yo kèm gason oswa pozisyon yo kèm fanm. Fè yo di n kijan yo te santi yo devan reyakson lòt moun sa yo.
- ◊ Mande yo si yo menm, yo gen respè pou gason ak fanm ki pa pè vag sou tout koze kredi ki di : men kijan gason dwe mennen bak yo, men kijan fanm dwe mennen bak yo (koze sa yo rele estereyotip « genre » paske yo mal pou chanje). Si yo gen respè pou gason ak fanm sa yo, se pou yo di poukisa ;si yo pa gen respè pou yo, se pou yo di poukisa tou.
- ◊ Di yo reflechi pou yo wè kijan jenn moun ak granmoun nan kominate a ka travay pou yo ede gason ak fanm, ti gason ak ti fi, vag sou vye estereyotip « genre » yo.

### **Rezime tout aktivite yo**

### **(1-3) pou animatè/z yo (fich nimewo 6)**

#### **Rezulta n ap chèche**

Se pou yo konprann poukisa li enpòtan pou moun konprann konsekans mak fabrik « genre » yo sou moun.

#### **Materyèl nou bezwen**

Bristòl oswa feyè ki gen 8 pwen enpòtan yo (1-8)

#### **Rezime Pou granmoun ansanm ak jèn yo :**

- ◊ Fè yo sonje se nou tout zòt kèmanse aprann, depi n soti nan vant manman n, ki konpòtman nou dwe genyen ak nan kisa nou dwe kwè. Travay sa a toujou kontinye, lè n vin granmoun.
- ◊ Pami prensip sosyal ki chita sou kesyon « genre » yo, genyen ki ka mete n nan yon seri sitiayon ki chaje pikan kwenna, chaje danje, e nou ka jwenn anpil difikilte, lè n vle toke kòn nou ak sitiayon sa yo. Men jèn yo ka toujou kouri al mande grandèt prete yo lamen fòt, pou yo ka fè fas kare ak sitiayon sa yo (paregzanz, granmoun ka fè yon jan pou jenn fi pa al poukont yo kote malandren ka vle poze lapat sou yo). Jenn fi ak jenn gason dwe fè yon jan pou yo evite tout vye konpòtman ki ka mete lavi yo an danje (paregzanz, jenn

gason dwe evite tonbe nan fè lanmou san pwoteksyon, swadizan pou yo ka fè zanmi wè yo gen « gason sou yo »).

### Pou granmoun yo :

- ◊ Montre kijan I enpòtan pou nou tout k ap travay nan domèn SSR konprann koze « genre » lan epi rann nou kont tou kijan vrèman vre I ap aji sou nou san rete, pafwa san n pa menm konnen, palentèmedyè kilti nou, abitid pèp nou an genyen depi dikdantan (tradisyon) ansam ak prejje ki chita nan zo bwat tèt nou.
- ◊ Jèn yo **kapab** kwape prensip ak estereyotip « genre » yo ; yo ka wè, chak fwa, pi klè nan ki fason bagay sa yo aji sou konpòtman yo ak konpòtman patnè yo. Si n mete kanpe, paregzanp, yon anviwònman k ap pèmèt nou ba yo sipò, k ap pèmèt nou fè atelye fòmasyon sou sijè tankou sa ki nan metòd fòmasyon sa a pou jenn fi ak jenn gason ki renmen oswa granmoun k ap viv ansam, n ap ba batay pou chanjman an yon kokennchenn bourad.
- ◊ Fè yo konprann nou pa oblige nonmen pawòl « genre » oswa itilize mo « genre » lan, pou n antre kesyon an nan travay n ap fè ; nou kapab, paregzanp, brase lide sou « wòl gason ak wòl fanm » osinon sou « travay gason ak travay fanm », lè n vle kòmanse reflechi sou koze « genre ».
- ◊ Reflechi ansam ak patisipan yo sou pwen enpòtan sa yo :

### Pwen enpòtan pou n pa blyie

1. « Genre » gen pou wè non sèlman ak rapò fanm ak gason, men tou ak rapò fanm ak fanm, gason ak gason (paregzanp, manman konn aprann pitit fi yo pou yo pa kontrekare pawòl gason ; papa konn montre pitit gason yo pou yo « pa aji tankou fanm » : yo pa dwe kriye, paregzanp, lè yo gen kichòy k ap fè yo mal).
2. Si n vle sonje trapde diferans ki egziste ant sèks ak « genre », se pou n sonje sèks makònèn ak sa ki nan kò moun, alòske « genre » makònèn ak sa k ap pase andedan sosyete a. Sa vle di mo sèks la fè n sonje mak fabrik nou genyen depi andedan vant manman n, alòske tout wòl nou dwe jwe akòz koze « genre » lan, se aprann nou aprann yo pazapa ; yo gen dwa chanje tou, firanmezi tan an ap pase.
3. Aparèy lasyans pèmèt moun envante (teknoloji) ki gen enpòtans yo nan jan n ap konprann kesyon « genre » lan : ak yon bibwon, fanm kou gason ka bay timoun manje ; ak tout kalte machin ki egziste yo, fanm kou gason vin ka fè tout travay gwo kouray ; jounen jodi a, doktè yo gen teknik pou yo chanje kèk nan mak fabrik sèks yo. Kidonk, nannan koze « genre » lan ka chanje, firanmezi tan an ap pase ; moun ka chanje kèk nan mak fabrik sèks yo tou.
4. Se pa etewoseksyèl sèlman koze « genre » lan konsène ; li aji sou etewoseksyèl, biseksyèl, masisi, lesbyèn ak moun ki chwazi pa fè lanmou ditou.
5. Gason tankou fanm ka fè magouy ak lide ansam ak konpòtman ki chita sou kesyon « genre », pou yo ka jwenn kèk avantaj, yon fason ki ka sanble pa fè okenn moun mal, men k ap ba estereyotip « genre » yo jarèt kanmèm (paregzanp, yon fanm ki pete kriye oswa k ap bay cho, pou I ka jwenn yon favè).
6. Li difisil anpil pou yon moun gen je I louvri toutan, nèt ale, sou kesyon « genre » lan. Estereyotip « genre » yo aji sou lide ki chita nan tèt nou tout ak sou aksyon nou tout ap poze. Pa blyie estereyotip « genre » se tout koze kredi, swadizan ki pa ka chanje, ki di : men kijan fanm dwe mennen bak yo, men kijan gason dwe mennen bak yo.
7. Lè n gen je n louvri sou kesyon « genre », sa pa vle di nou pa rekònèt diferans ki egziste ant gason ak fanm. Gen diferans k ap toujou rete tenn fas, paske se mak fabrik kò moun yo ye ; pafwa tou, nou gen dwa chwazi respekte kèk diferans, (paregzanp, nan zafè koutwazi) menm lè n se moun ki rekònèt fanm ak gason egal ego.
8. Nou pa oblige nonmen pawòl « genre » lan (sètadi, nou pa bezwen itilize mo « genre » lan), pou n antre kesyon sa a nan lavi nou. Nou gen dwa, paregzanp, reflechi sou « wòl fanm ak wòl gason » oswa sou « travay fanm ak travay gason ».

## Refleksyon sou « genre » ak sèks

### Kòmansman travay ak ti gwoup yo Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo jwenn enfòmasyon sou 4 aktivite ki nan sesyon sa a epi pou yo kòmanse fòme ti gwoup yo

#### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Esplike patisipan yo kòman pati sa a nan atelye a pral ede n fouye zo nan kalalou, pou n wè ki kalte lesyon yo te ban nou sou zafè sèks epi ki kalte pawòl ki soti nan bouch nou, lè n vin sou sijè sa a.
- ◊ Separe patisipan yo fè 4 ti gwoup ; pou n fè sa, konte patisipan yo konsa : 1 2 3 4, 1 2 3 4, 1 2 3 4; kontinye konsa, jiskaske chak patisipan jwenn yon nimewo. Pran tout nimewo 1 yo, pou n fè yon gwoup, tout nimewo 2 yo, pou n fè yon lòt gwoup, eksetera. Sonje li pa fin twò bon pou n mete nan menm gwoup la moun ki soti nan yon menm fanmi oswa moun ki pa fin alèz youn ak lòt.
- ◊ Fè yon ti pale tou kout sou diferan aktivite yo, di patisipan yo chak gwoup ap resevwa yon gid sipò ki gen ladan esplikasyon sou jan aktivite a ap dewoule ak kesyon y ap gen pou yo reponn. Fè yo konnen, depi gen nesesite pou sa, n ap la pou n ba chak gwoup plis esplikasyon sou aktivite li gen pou l fè a.
- ◊ Chak ti gwoup ap gen pou l chwazi yon pòtpawòl ki pral prezante rezulta travay la, lè tout patisipan yo rasanble.
- ◊ Mande yo pou yo prezante travay yo konsa : Ti jwèt sou « genre », Pawòl sou sèks, Konesans sou sèks, Refleksyon sou imaj nou jwenn nan reklam.
- ◊ Lè chak ti gwoup fin prezante travay yo, fè yon bon rale sou pwen enpòtan ki parèt nan ranmase lide ki fèt sou aktivite a.
- ◊ Prezantasyon chak ti gwoup yo plis ranmase lide animatè/z yo ap fè a pa dwe dire plis pase 15 minit.

Jenn fi ak jenn gason k ap brase lide sou koze « genre » ak SSR

## Aktivite 4: Krik ! Krak ! « G » « S » oswa G + S (fich nimewo 7)

Pou n devlope aktivite sa a, nou ka itilize lis deklarasyon nou pral jwenn pi devan an [6]. Si n vle aktivite sa a makònèn nètalkole ak royalite peyi nou an, nou gen dwa ajoute kèk fraz sou lis la oswa tou mete lòt pawòl nan plas yo, lòt pawòl ki bay esplikasyon sou sitiyasyon fanm ak gason, jenn fi ak jenn gason , k ap viv nan peyi a.

### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo montre sa yo deja konnen sou lide « genre » ak lide « sèks »

### Mareryèl nou bezwen

Gid sipò ki gen deklarasyon yo plis kèk kesyon ; kreyon

### Ti resèt pou animatè/z yo

Pran gid sipò ki gen plizyè pawòl (yo chak gen nimewo yo) ki bay esplikasyon sou sitiyasyon gason ak fanm; mande yon moun nan gwoup la pou l li chak pawòl ki nan lis la. (Sou fich la, kòm nou wè sa, n ap jwenn, apre chak pawòl, repons kòrèk la ant parantèz; kidonk, se lis ki nan feyè a pou n remèt patisipan yo, lis ki gen pawòl yo san repons!).

#### Krik ! Krak ! « G » « S » oswa G + S

1. Se lan vant fanm timoun soti, se pa lan vant gason.
2. Ti fi se ze, ti gason se ti wòch.
3. Nan peyi End, lè gason k ap travay latè touche 100 goud, se ant 40 al pou 60 goud fanm k ap travay latè touche.
4. Nan peyi Afrik «nwa» yo (bout nan kontinan Afrik ki anba dezè ki rele Saara a), medam yo fè, pou piti, 70% nan tout travay pwodiksyon lamanjay, kit se pou al vann nan mache, kit se pou pote lakay; malgre sa, pwoblèm malsite, pwoblèm iyorans, pwoblèm lasante ak pwoblèm grangou frape fanm andeyò pi rèd pase gason.
5. Anpil fanm pa gen mwayen pou yo pran okenn desizyon lib e libè, sitou nan sa k konsène lavi seksyèl yo ak rapò yo genyen ak mari yo.
6. Ti gason, k ap fòme, chanje vwa, alòske ti medam yo rete ak menm vwa a.
7. Danje pou medam yo trape sida soti nan konpòtman seksyèl mari yo genyen.
8. Fanm ka ba timoun tete, gason ka ba timoun bibon.
9. Lontan lontan, nan peyi Ejip, gason te konn rete lakay, pou fè twal. Se medam yo ki te konn dirije biznis fanmi yo. Lè moun t ap fè testaman, se pou pitit fi yo te konn kite pwopyete yo, se pa t pou pitit gason.
10. Nan peyi Angletè, pifò bòs k ap travay nan konstriksyon se gason.
11. Gason dwe fè pitit gason, pou siyati yo pa pèdi.
12. Daprè rezulta yon ankèt ki te fèt nan lane 1999, jenn gason peyi Ouganda kwè: lè yo gen pitit, sa ba yo plis valè, sa pwouve yo gen gason sou yo: «Kè n kontan, lè n gwòs fanm». «Se nòmal pou yon nèg fè pitit.»
13. 80% nan 6-7 milyon moun, k ap pran dwòg toupatou sou latè, se gason yo ye.

- ◊ Mande patisipan yo pou yo ekri « G » bò kote pawòl ki gen arevwa ak koze « genre », « S » bò kote pawòl ki gen arevwa ak koze sèks, epi « G+S » bò kote pawòl ki gen arevwa ni ak sèks, ni ak « genre ».
- ◊ Apre sa, mande patisipan yo pou yo eseye reponn kesyon sa yo :

### Krik ! Krak ! « G » « S » oswa G + S

1. Èske gen kèk nan pawòl yo ki te fè n sezi ? Si repons lan se wi, poukisa ? Si se non, poukisa ?
2. Poukisa, daprè nou, wòl fanm/wòl gason pa menm nan tout sosyete, poukisa wòl fanm/wòl gason chanje, soti nan yon epòk, ale nan yon lòt ?
3. Ki fason kantite rekòt kafe nou gen sou tèt nou mete ansanm ak koze « genre » lan, pou fè n konnen wòl nou dwe jwe nan sosyete a ?
4. Kijan wòl fanm/wòl gason aji sou lavi seksyèl gason ak fanm ?
5. Ki dezavantaj fanm jwenn nan wòl sosyete a kole nan kòsaj yo, poutèt se fanm yo ye ?
6. Ki dezavantaj gason jwenn nan wòl sosyete a kole sou yo, poutèt se gason yo ye ?

### Ranmase lide

- ◊ Apre gwoup la fin prezante repons li yo devan tout patisipan yo, se pou n reflechi ansanm sou pawòl ki pa t jwenn repons kòrèk yo, chèche konprann sa k fè sa.
- ◊ Esplike yo kijan, lè fanm ak gason pa gen menm pwa nan balans lan, sa aji sou lavi seksyèl yo. Paregzanp, lè yon fanm pa mèt tèt li, akòz li pa gen mwayen pou I viv poukont li, li gen dwa pa ka egzije patnè l sèvi ak kapòt, poutèt li pè pèdi pen kotidyen I. Lè jenn gason, pou yo ka fè zanmi k ap ba yo presyon wè yo gen gason sou yo, pa pè mete lavi yo an danje tankou, paregzanp, lè yo tonbe nan bwè tafya ak pran dwòg, yo konn rive pèdi tèt yo, jouk yo blyie sèvi ak kapòt, kidonk, mete sante yo anba gwo malèpandye.
- ◊ Fè yon jan pou yo byen konprann koze « genre » pa aji sou moun menm fason an tout kote ak nan tout epòk. Sa vle di li posib pou sa chanje nan tout sosyete.

### Reyakson teren

*« Kozman an te chofe anpil, lè n te rive sou kèk nan pawòl ki touche pwen kote n pi sansib yo, sitou sou zafè pou tout moun pran desizyon yo lib e libè a ak sou diferans ant fanm ak gason nan zafè fòs ak feblès» (peyi Tannzani)*

### Lòt fason nou ka devlope aktivite a

#### Premye fason

- ◊ Si n gen ase gid sipò pou n ba chak patisipan youn, mande pou yo chak poukont yo bay dizon yo (« G », « S » oswa « G+S ») sou pawòl yo, epi apre, fè yon rale ak tout patisipan yo sou repons nou jwenn yo, konpare yo, anvan n kòmanse reponn 6 kesyon ki nan aktivite a.

#### Dezyèm fason

- ◊ Ekri tout pawòl yo sou yon bristòl epi mande patisipan yo pou yo mete pawòl « S » nan yon gwoup, pawòl « G » nan yon dezyèm gwoup, pawòl « G+S » nan yon twazyèm gwoup ; apre sa, antre nan 6 kesyon nou jwenn nan aktivite a.

## Aktivite 5 : Pawòl sou sèks (fich nimewo 8)

Aktivite sa a ka parèt yon ti jan konplike pou kèk nan patisipan yo, non pa paske l difisil, men paske, ladan y ap gen pou yo sèvi ak mo ki ka fè bouch yo tranble (tabou), mo zòt rele « betiz » [7]. Dapre sa eksperyans teren an montre, granmoun yo ka santi yo pi malalèz pase jèn yo nan aktivite sa a. Li enpòtan anpil pou animatè/z yo rete byen rilaks, lè y ap di koze sa yo devan gwoup la, poutèt pou bouch chak patisipan ka tranble mwens, pandan dewoulman aktivite a. (Fè repetisyon ak moun ki pwòch nou, pou n ka itilize mo sa yo, san n pa jennen.)

English Language	Malay Language	Chinese Language
Balls	Pelir	Lang Sai
<b>Penis</b>	Butuk	Lang Chiaw
Hard	Batang	Lang Par
Soft	Sosej	<b>Yang Chi</b>
<b>Sperm</b>	Pisang	Siau Ti Ti
Tadpoles	Burung	Na Ker
<b>Mushroom</b>	Lembik	Na Hua Er
Gentlemen	Buluh	Na Tiao
Long	Tongkat Ali	Sin Chi Kuan
Short	Zakar	Ku Ku (language children)
Big	Kemaluhan	
Small	Biji	
Colour - dark, fair	<b>Not Not</b> (language for children)	
Hairy		
Scrotum		
Testicle		
Pubic hair		
Ballot		
Cock		
Come		
Note : Words in bold are supposedly not rude		

English Language	Malay Language	Chinese Language
Labia Majora	Rahim	Yin Dao
Labia Minora	Datang kotor	Zhi kun jing
Clitoris	Telur	Zhi kun
Vagina	modes	Xu ruan kuang
Cervix		Ruan zhao
Uterus		Zu ni mou
Fallopian tubes		Ye jin
Ovaries		Ru fang
Hymen		
Mensus		
Ovum		
Sanitary pad		
Vaginal discharge		
breasts		

*Nan yon atelye ki te fèt nan peyi Malezi, men mo patisipan yo te jwenn, pouyo di menm bagay la nan lang angle, chinwa ak male, 3 lang yo itilize nan peyi sa a*

### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo dekoutri kijan l difisil pou moun pale alèz sou koze sèks ak SSR, epitou pou yo fè repetisyon, pou yo ka pa pè itilize mo ki nesesè pou bonjan refleksyon sou koze sa yo ak konsekans yo genyen

### Materyèl nou bezwen

Gid sipò ki gen pawòl ak kesyon, kèk fèy papye ak kreyon

### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Esplike yo kijan anpil anpil moun wont pale sou koze ki gen rapò ak sèks, aktivite seksyèl ak konsekans sa genyen sou lavi moun. Kòm pa gen ni vaksen ni renmèd ki ka geri enfeksyon VIH, kòm tou se gason ak famm menm jan avè n ki trape EST (enfeksyon seksyèlman transmisib) oubyen ki gen pou yo debwouye yo ak gwosès malè, nou dwe gen kapasite pou n pale sou atitud ak konpòtman seksyèl epitou sou konsekans kontak seksyèl san pwoteksyon ka genyen
- ◊ Mande patisipan yo pou yo fè jefò pou yo mete sou kote, pandan aktivite a, tout sa ki ka fè yo pè swadizan « maledve » yo ; fè yo konprann se devwa n pou n chèche konnen aparèy seksyèl ki nan kò nou ak diferan mouvman moun fè, lè y ap fè lanmou, si n vle pwoteje SSR nou.
- ◊ Remèt gwoup la yon gid sipò ki gen lis mo nou pral jwenn yo. Mande gwoup la pou l chwazi 2 mo nan lis la (oubyen chwazi pou yo, si yo jennen), youn ki gen arevwa ak sèks ak repwodiksyon (aktivite fè pitit), yon lòt ki gen arevwa ak konsekans aktivite seksyèl.



Anpil fwa,  
yo konn  
konseye jèn  
yo al jwenn  
paran yo, lè  
yo bezwen  
enfòmasyon,  
men paran  
yo bezwen  
èd tou, pou  
yo ka jwe wòl  
sa a kòm sa  
dwa (IES/  
UNICEF/Save  
the Children,  
Pewou)

## Pawòl sou sèks

### Pawòl ki konsène sèks ak repwodiksyon

- ◊ aparèy repwodiksyon gason
- ◊ aparèy repwodiksyon fanm
- ◊ kòk
- ◊ chouchoun
- ◊ tete
- ◊ règ
- ◊ semans gason oswa espèm
- ◊ kontak seksyèl
- ◊ ti bèf
- ◊ sodomi (kontak nan twou dèye)
- ◊ vini (voye)
- ◊ laponyèt
- ◊ rale-soti (coitus interruptus)
- ◊ metòd planin
- ◊ kapòt

### Pawòl ki gen arevwa ak konsekans aktivite seksyèl

- ◊ plezi
- ◊ gwosès nou vle
- ◊ gwosès malè
- ◊ avòtman
- ◊ EST
- ◊ VIH/SIDA
- ◊ pítit san papa
- ◊ pítit san manman
- ◊ fanm ki gen plizyè nèg
- ◊ gason ki gen plizyè fanm
- ◊ (enfeksyon seksyèlman transmisib)

- ◊ Mande patisipan yo pou yo ekri sou yon bristòl tout sinonim (mo ki vle di menm bagay) yo konn itilize lan kominate a nan plas mo yo/nou chwazi yo. Egzanp : 1) kòk = gigit, zozo, zouti, bwa ; 2) règ = manstriyasyon, peryòd, maladi chak mwa, Woz mwen, lalin mwen, vizitè ki vini chak mwa a.
- ◊ Mande patisipan yo pou yo reponn kesyon sa yo :

## Pawòl sou sèks

1. Pami tout sinonim nou jwenn pou chak mo yo, kiyès ladan yo n ap pi alèz pou n pwononse devan moun, kiyès ladan yo n ap pi jennen pou n di devan moun ?
2. Ki mo jèn yo itilize pi souvan, lè y ap pale ak jèn parèy yo ?
3. Ki mo jèn yo itilize pi souvan, lè y ap pale ak manman yo, papa yo oswa lòt gramoun ?
4. Ki mo ki gen yon sans andaki (konotasyon) ki pa nan enterè fanm oswa ki pa nan enterè gason ?
5. Èske n kwè yon moun ka santi l blese, lè zòt sèvi ak mo ki gen move sans, pou fè l wont oswa pou joure l ? Si se konsa, poukisa nou itilize mo sa yo ?
6. Poukisa nou itilize mo ki montre nou pa gen respè pou fanm oswa pou gason ?
7. (Pou granmoun yo) : Ki difikilte nou rankontre, lè n v le jwenn yon langaj ki pèmèt nou kominike ak jèn yo san okenn pwoblèm ?

- ◊ Lè gwoup yo pral prezante travay yo devan tout rès patisipan yo, se pou n kole sou mi an yon bristòl, kote nou ekri tout sinonim yo, pou tout moun ka wè yo byen klè.

## Ranmase lide

### Pou jèn yo

- ◊ Fè yo konprann nou pa ka kenbe menm langaj la kèlkeswa ak moun n ap pale a ; sa vle di gen mo nou ka itilize, lè n ap pale ak ti zanmi nou, gen lòt mo nou ka itilize, lè n ap pale ak paran nou, ak pwofesè nou.
- ◊ Esplike yo kijan I nesesè pou n choute tout pwoblèm ki ta vle anpeche n sèvi ak mo klè, lè n ap brase lide sou aktivite seksyèl ; si se pa sa, nou mèt konnen nou pa p janm pare pou n reflechi kòm sa dwa sou kesyon sa a. Si n pa reziyen n pale klè ak lòt moun, kit sa fè n plezi, kit sa pa fè n plezi, kit nou vle, kit nou pa vle, anpil malkonprann gen dwa lage n nan tyouboum.
- ◊ Fè yo wè tou kijan I enpòtan pou n pare pou n itilize mo ki montrè byen klè se sou kesyon sèks ak aktivite seksyèl n ap pale, lè n bezwen konsèy oswa konkou lòt moun, tankou, paregzanp, lè n al kay yon pwofesyonèl lasante.
- ◊ Fè yon jan pou yo konprann byen kijan mo ki gen yon « koulè » derespektan pou fanm oswa pou gason ka blese moun. Paregzanp, anpil kote, gen anpil move non zòt ba fanm ki fè lanmou ak moun ki pa mari yo (tankou paregzanp, manman bouzen, manman piten, manman chen), alòske non yo itilize pou gason ki twonpe madanm yo oswa ki gen anpil fanm se non ki pòtre ak konpliman (paregzanp, matcho, kòk kalite). Se jarèt mòd pawòl sa yo ap ba zafè « 2 pwa-2 mezi » a, zafè pou fanm ak gason pa janm egal-ego a.
- ◊ Finalman, fè yon bon rale sou kèk nan mo patisipan yo jwenn ki se mo ki vyolan depi nan rasin (tankou paregzanp, lè yo rele kòk gason : manchèt, zam, pik, manch pilon) epi fè yo wè ki fason mòd pawòl sa yo ka ankouraje moun kwè vyolans gen kat blanch nan aktivite seksyèl.

### Pou granmoun yo :

- ◊ Fè yo konprann kijan I enpòtan pou n itilize pwòp langaj jèn yo, pou n kominike avè yo — oubyen, se pou omwen nou kite yo pale nan pwòp langaj pa yo, pou yo ka santi yo alèz, lè y ap brase lide sou aktivite seksyèl ak konsekans sa ka genyen.
- ◊ Fè yon jan pou yo konprann byen kijan mo ki gen yon « koulè » derespektan pou fanm oswa pou gason ka blese moun. Paregzanp, anpil kote, gen anpil move non zòt ba fanm ki fè lanmou ak moun ki pa mari yo (tankou paregzanp, manman bouzen, manman chen, manman piten, manman awonna), alòske non yo itilize pou gason ki twonpe madanm yo oswa ki gen anpil fanm se non ki pòtre ak konpliman (paregzanp, matcho, kòk kalite, gason fanbre). Se jarèt mòd pawòl sa yo ap ba zafè « 2 pwa-2 mezi » a, zafè pou fanm ak gason pa janm egal ego a. Se poutèt sa, nou dwe evite itilize mo sa yo epi ankouraje jèn yo sèvi ak lòt mo.
- ◊ Finalman, fè yon bon rale sou kèk nan mo patisipan yo jwenn ki se mo ki vyolan depi nan rasin (tankou paregzanp, lè yo rele kòk gason : manchèt, zam, pik, manch pilon) epi fè yo wè ki fason mòd pawòl sa yo ka ankouraje moun kwè vyolans gen kat blanch nan aktivite seksyèl. Esplike yo kijan anpil jèn, ki pa t ko wè sa, rive konprann kesyon an trapde, lè n pale avè yo.

### Lòt fason nou ka devlope aktivite a

#### Premye fason

Anvan n devlope aktivite a fason sa a, fòk nou egzamine seryezman karaktè ak reyalite lavi patisipan yo. Lè yo te fè I konsa ak yon gwoup jèn nan peyi Filipin, li te bay bon jan rezulta epi jèn yo te amize yo tèt kale tou.

- ◊ Depi nan kòmansman aktivite a, se pou n fè patisipan yo konnen yo pral fè yon aktivite, kote yo pral fè mo y ap itilize « sispann deranje yo ».

#### Reyakson teren

« Alaverite, menm nou menm animatè/z, nou te santi n yon ti jan malalèz pou n kite soti nan bouch nou yon seri mo ki, daprè edikasyon n te resevwa, se mo « sal » yo ye. Nou te sètoblije fè yon espès antrènman ak tèt nou, pou n te ka santi n pi alèz epi, an menm tan, pou n te ka gen kouray pou n anpeche mak latwoublay parèt sou figi nou. Vrèman vre, patisipan yo pa t alèz ditou, lè sesyon an te fèk kòmanse, men apre animatè/z yo te fin esplike yo objektif atelye a ki se yon espas pou moun meble lespri yo, louvri je yo epi boukante anpil konsèy youn ak lòt, yo te vin pi dakò pou yo kolabore nèt ale. »  
(Eksperryans teren ak jèn ki gen ant 16 ak 24 lane nan peyi Malezi)

- ◊ Mande pou tout patisipan fè kòm si yo se machann k ap vann nan yon mache, kote moun ka achte diferan pati nan kò moun. Pou n bay yon egzanp, di konsa : « Kòk, kòk, pa gen moun k ap achte kòk ? oubyen « Chouchoun, chouchoun, men bél chouchououououn ! »
- ◊ Apre sa, mande tout patisipan yo repete menm pawòl sa yo ansanm ak animatè/z yo.
- ◊ Vini ak lòt pawòl epi kontinye konsa, jiskaske pifò patisipan yo antre tèt kale nan jwèt la.
- ◊ Fè patisipan yo konprann tout mo se mo ; an reyalite, se lide, ki chita nan zo bwa tèt nou, ki fè kèk mo deranje n plis pase lòt. Si n fè antrènman ak mo sa yo, n ap wè l pi fasil pou n itilize yo san pwoblèm.

### **Dezyèm fason**

- ◊ Si patisipan yo derefize fè lis sinonim lan, se pou n mande yo, nan kòmansman aktivite a, pou yo chèche sinonim pou kèk mo « teknik » oswa kèk mo ki pa fin « klè » (paregzanp, pou kòk ak chouchoun, nou ka di : « aparèyjenital » oubyen « anba ti vant »).
- ◊ Esplike yo kijan, ak mòd pawòl sa yo, moun ka mal pou konprann sa k ap pale a ; se poutèt sa, nou dwe itilize mo nou konnen tout moun ka konprann.

### **Twazyèm fason**

- ◊ Olye n mande patisipan yo pou yo bay yon lis mo, se pou n deklanche yon laplide (brainstorming), kote n ap mande yo pou yo siyale mo ki, daprè yo, gen rapò ak aktivite seksyèl.
- ◊ Apre yo fin siyale, pou pi piti, 3 mo diferan, mande yo pou yo chèche kèk sinonim pou mo sa yo ; apre sa, kontinye aktivite a jan n wè l nan ti resèt pou animatè/z yo.

### **Katriyèm fason**

- ◊ Montre patisipan yo 2 imaj « seksi » (paregzanp, imaj reklam), youn ki gen foto yon fanm ak yon lòt ki gen foto yon gason.
- ◊ Mande patisipan yo pou yo ekri tout mo, ki gen rapò ak aktivite seksyèl, ki vin nan tèt yo, lè y ap gade imaj yo.
- ◊ Apre sa, mande yo pou yo reponn 7 kesyon ki nan aktivite a, pandan y ap reflechi sou mo yo jwenn yo.

### **Senkyèm fason**

- ◊ Ekri tout mo yo ansanm ak sinonim yo sou yon bristòl epi kole l sou yon mi, lè aktivite a fini.
- ◊ Envite patisipan yo kontinye mete kèk lòt sinonim tout pandan dewoulman atelye a ; konsa, gwoup la ap fè pwòp ti « diksyonè » pa l.

## Aktivite 6 :

### Konesans sou koze sèks (fich nimewo 9)

#### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo wè kijan yo te rive aprann kèk bagay sou koze sèks epi pou yo konprann tou kijan l enpòtan pou yo jwenn sous enfòmasyon yo ka fè konfyans

#### Materyèl nou bezwen

Gid sipò ki gen yon tablo ak divès sous enfòmasyon ladan, fèy papye, kreyon

#### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Mande patisipan yo ki konesans sou sèks yo te jwenn nan sous enfòmasyon sa yo : paran, lòt manm fanmi an, zanmi, reliyon, lekòl ak sant fòmasyon, mizik, televizyon ak radyo, reklam, liv, eksperyans pèsonèl, lòt sous enfòmasyon (egzanp : jòf sou bêt k ap fè bagay, Entènèt, elt.).
- ◊ Mande yo fè yon ti reflechi sou divès sijè espesyal enfòmasyon sa yo te pase pran, tankou paregzanp, timoun k ap fòme, ti bèf, sodomi (rapò seksyèl nan twou dèyè), laponyèt, kwayans ki di rapò seksyèl ak moun ki pa mari w oswa madanm ou se peche, lòt kwayans ki di moun k ap bat laponyèt gen dwa vin avèg.
- ◊ Apre sa, mande pou tout patisipan mete tèt yo ansanm, pou yo ranpli ti kesyonè ki nan gid sipò a (li menm jan ak sa nou wè pi ba a).
- ◊ Touswit apre, mande gwoop la pou l di nou kiyès, nan sous enfòmasyon sou aktivite seksyèl nou ka jwenn nan kominate a, ki pi bon pou jenn fi ak jenn gason. Fè yo eslike n poukisa yo fè chwa yo fè a.

#### Sa m te rive aprann sou koze sèks

Sous enfòmasyon	Pi bon enfòmasyon an	Pi move enfòmasyon an	Enfòmasyon ki pi kòrèk la	Enfòmasyon nou ka fè plis « konfyans » lan	Enfòmasyon ki pi itil la	Pa t bay okenn enfòmasyon
Paran						
Lòt manm fanmi an						
Zanmi						
Relijyon						
Lekòl ak sant fòmasyon						
Mizik						
Televizyon ak Radyo						
Reklam						
Liv						
Eksperyans pèsonèl						
Lòt kalte						

## Reyakson teren

„Travay la te mache trè byen...majorite patisipan yo te dekouvi sèks nan jwèt timoun, ti jwèt manman/papa, osnon nan lesion yo te vin pran, pi ta, nan men mari yo; gen kèk tou, se pi gran k te montre yo sa, alòske yo pa t menm enteresé ; pou sèten lòt, se eksperyans pèsonèl yo ki te ouvè je yo sou sèks, paregzanp, lè yo te kòmanse fè „rèv seksyèl”(rèv ki fè moun voye nan dòmi).  
(peyi Nijerya)

## Ranmase lide

- ◊ Fè patisipan yo sonje tout moun pa fè menm eksperyans; se poutèt sa, tout moun pa damou pou chak sous enfòmasyon menm jan an.
- ◊ Esplike kijan tout sous enfòmasyon ka gen bon kote tankou yo ka gen move kote tou, se selon enterè ak objektif yo genyen (paregzanp, paran ap toujou vle pwoteje pitit yo, moun k ap fè reklam ap toujou vle pou plis moun achte machandiz y ap prezante a).
- ◊ Li enpòtan pou n konprann kijan chak sa n aprann ak fason nou aprann li an ap aji sou konpòtman nou. Paregzanp, opinyon ki pa kanpe sou anyen, ki antre nan tèt nou, an jeneral, depi n ti katkat, ap toujou gen gwo enfliyans sou fason nou konprann aktivite seksyèl ak konsekans sa genyen (paregzanp, pifò moun bat gwo bravo, lè madan marye assent, men yo mete 2 men nan tèt, lè yon fanm assent, san l pa marye).
- ◊ Nan tèt jenn fi ak jenn gason (nan tèt granmoun yo tou !), enfòmasyon kòrèk gen dwa ap mache kòtakòt ak yon latrìye vye kwayans malatyong (paregzanp, yo konnen li posib pou yon fanm assent, lè l al nan kontak seksyèl, men yo konn kwè tou yon fanm pa ka assent, premye fwa l al nan kontak seksyèl). Li enpòtan pou n chèche enfòmasyon lan men moun ki gen bon jan konesans nan sa k gen arevwa ak aktivite seksyèl, pou n ka manyen mete kontwòl sou vye kwayans nou yo. (Si n wè sa nesesè, fè yon kout je sou aktivite ki rele « dega vye kwayans lakòz » la ki nan senkyèm pati liv la, paj 84 ; n ap jwenn kèk egzanp sou kesyon sa a.)
- ◊ Fè patisipan yo wè kijan, anpil fwa, konn gen yon seri mesaj tèt anba ki al jwenn jèn yo : paregzanp, fanm pa dwe al nan kontak seksyèl san l pa marye, men se pa menm bagay pou yon gason, paske fòk li fè eksperyans, anvan l marye. Mòd paspouki sa yo ap travay pou fanm pa janm santi yo gen menm dwa ak gason (nan kapasite yo genyen pou yo pran desizyon, paregzanp).
- ◊ Di yo ki kalite tout bon sous enfòmasyon dwe genyen ; konsa, jèn yo ap ka rekònèt yo :
  - Enfòmasyon an, nou dwe ka konprann li trapde
  - Enfòmasyon an dwe konplè, li pa dwe manke moso
  - Enfòmasyon an pa dwe mache ak lide ki pa kanpe sou anyen, ak ijiman valè (li pa dwe fè moun k ap chèche konprann lan santi l wont , li pa dwe fè l pase pou enbesil, pou bègwè)
  - Fòk moun k ap chèche enfòmasyon an gen possiblité pou l poze kesyon epi jwenn repons pou kesyon l poze yo.

## Aktivite 7: Refleksyon sou imaj nou jwenn nan reklam (fich nimewo 10)

### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo gade pou yo wè kijan laprès (masmedya yo) prezante fanm ak gason epitou kijan mòd « tablo » sa yo ka sèvi kit se pou ranfòse, kit se pou atake estereyotip « genre » yo

### Materyèl nou bezwen

Gid sipò ak kesyon yo, moso nou dekoupe nan journal ak revi, bristòl, kreyon

## Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Esplike yo kijan estereyotip yo se yon seri kwayans oswa sipozisyon ki parèt nòmal, « natirèl » ; se poutèt sa, nou gen tandans aksepte yo san poze kesyon. Menm si, lè n fè tèt nou travay, nou pa wè okenn rezon pou n ba vye kwayans sa yo valè, nou kontinye tande yo, nou kontinye wè fason y ap layite kò yo chak jou, nan laprès paregzanp. Li enpòtan pou n konprann kijan koze kredi sa yo ka aji sou atitud nou ak konpòtman nou.
- ◊ Distribye moso (reklam, ti komik) nou te deja dekupe, depi anvan, nan jounal ak revi yo. Nou dwe gen ladan yo ni imaj k ap ba estereyotip yo jarèt, ni imaj ki yon ti jan atake yo. Pa blyie : nan yon aktivite konsa, anpil fwa, patisipan yo ap gen tandans kritike tout imaj alawonbadè ; yo pa p menm rekonèt gen kèk imaj ki pozitif tou !
- ◊ Mande patisipan yo pou yo chwazi 3 lan imaj yo epi pou yo reponn kesyon sa yo pou chak ladan yo :

### Refleksyon sou imaj nou jwenn nan reklam

1. Ki mesaj prensipal imaj la pote nan sa k konsène fanm ak gason ?
2. Èske imaj la di bon bagay osnon move bagay sou fanm/gason ?
3. Èske imaj la ap ranfòse osnon atake estereyotip « genre » yo ?
4. Èske n ta renmen yo ekspoze n konsa, nou menm (oswa papa nou/manman nou, frè nou/sè nou), an piblik ? Si repons lan se wi, poukisa ? Si se non, poukisa ?

## Ranmase lide

- ◊ Di patisipan yo aktivite sa a ap ba yo opòtinite pou yo brase lide sou rezulta travay youn nan sous enfòmasyon yo : laprès ekri (jounal, revi, elatriye).
- ◊ Li posib pou tout moun pa gen menm opinyon an sou menm imaj ; nou tout pa oblige resevwa menm « mesaj » la. Nou gen dwa menm resevwa yon mesaj ki depaman ak mesaj moun ki kreye oswa prepare imaj la vle ban nou. Eksperyans ki valab pou nou tout, sèke imaj sa yo aji – anpil fwa, san n pa menm wè sa – sou lide ki chita nan zo bwa tèt nou, sou mak fabrik ak konpòtman fanm oswa gason « ta dwe » genyen, mak fabrik ak konpòtman nou « ta renmen » yo genyen.
- ◊ Sou kesyon wòl fanm dwe jwe ak wòl gason dwe jwe, tout moun toujou ap aprann, kit yo gramoun, kit yo jèn ; zafè wòl fanm/wòl gason sa a jwe yon kokennchenn wòl tou nan prepare teren an pou konpòtman n ap genyen nan domèn seksyèl ak domèn repwodiksyon ansanm ak konsekans konpòtman sa yo.
- ◊ Anpil nan imaj ki depaman ak estereyotip « genre » yo ka bay bon rezulta – paregzanp, reklam ki montre fanm k ap jwe jwèt espò oswa gason k ap fè twalèt timoun – ; yo pèmèt nou wè kijan fanm tankou gason ka fè aktivite ki swadizan depaman ak sèks yo.
- ◊ Reklam yo la pou ankoraje moun achte machandiz ; anpil fwa, pandan y ap fè travay sa a, yo ranfòse estereyotip « genre » yo tou. Malgre sa, kòm lide moun genyen sou wòl fanm ak wòl gason ap chanje tanzantan nan sosyete a, laprès tou ka atake estereyotip « genre » yo, men sa konn fèt yon fason ki depaman ak lasante. Paregzanp, lè yon fabrik sigarèt ap chèche « file » medam yo, li gen dwa fè yon reklam kote l sèvi ak bezwen « libète » ak « endependans » fanm genyen, pou l rale yo sou kòd. Se poutèt sa, nou dwe louvri je n sou konsekans mesaj n ap resevwa yo ka genyen sou sante nou, menm si nou wè y ap atake estereyotip « genre » nou ta renmen chanje yo.

### Reyakson teren

« Daprè jèn yo, aktivite a te enteresan anpil. Li te ba yo opòtinite pou yo [konsantre] atansyon yo nan reflechi sou kijan laprès « flache » sou sosyete a wòl fanm dwe jwe ak wòl gason dwe jwe. Nou te ka remake kijan patisipasyon an te lajman laj : se prèske tout jèn yo, kit fanm, kit gason, ki te gen yon bagay pou yo di... [Yo] te itilize imaj yo, pou yo bay opinyon yo sou pi bon fason pou moun ta sèvi ak zafè wòl fanm/wòl gason sa a, ak tou sou posiblite pou fanm ak gason ta boukante kèk nan wòl sa yo. » (Nijerya)

## Lòt fason nou ka devlope aktivite a

### Premye fason

- ◊ Distribye kèk revi ak kèk jounal ba patisipan yo epi mande yo pou yo chwazi 3 imaj k ap ba estereyotip « genre » yo jarèt oswa 3 imaj ki depaman ak estereyotip « genre » yo.
- ◊ Apre sa, mande yo reponn kesyon yo, pandan y ap reflechi sou chak nan imaj yo chwazi yo.

### Dezyèm fason

- ◊ Apre gwoup la fin reponn kesyon yo, mande patisipan yo si, daprè yo, nan imaj sa yo, yo ta ka mete gason nan plas fanm, fanm nan plas gason : paregzanp, èske nan plas yon fanm ki gen yon tibebe sou li, yo ta ka mete yon gason ak tibebe a sou li ?
- ◊ Apre sa, mande pou yo reflechi sou kesyon sa yo :
  1. Èske gason gen kèk wòl espesyal y ap jwe fanm pa ka jwe? Èske fanm gen kèk wòl espesyal y ap jwe gason pa ka jwe? Si repons lan se wi, poukisa? Si se non, poukisa?
  2. Kisa k ta dwe fèt, pou gason ak fanm ta ka boukante oswa pataje kèk nan wòl yo?

### Twazyèm fason

- ◊ Si òganizasyon nou an gen televizyon ak aparèy videoyo, olye n itilize moso jounal ak moso revi, nou gen dwa pase pou patisipan yo kèk reklam nou te deja anrejistre sou kasèt videwo .

## Rezime tout aktivite yo

### (4-7) pou animatè/z yo (fich nimewo 17)

- ◊ Aktivite ki deja fèt yo montre kijan mesaj sou koze « genre » ak koze sèks pase nan divès kanal pou yo vin jwenn nou ; pamí kanal sa yo, nou jwenn kit sa nou konsidere kòm kanal nòmal pou moun aprann, kit lòt ki pa gen yon wòl ofisyèl, men ki gen plas yo tou nan lavi chak jou a.
- ◊ Li enpòtan pou jèn yo louvri je yo pou yo konprann zòt konn ba yo, pafwa, enfòmasyon ki pa kòrèk ; se poutèt sa, lè yo bezwen wè klè, yo dwe al chèche yon « ti limyè » bò kote granmoun ki gen bon jan enfòmasyon ak bon jan konprann.
- ◊ Yon lòt bò, aktivite yo fè n wè kijan, lè n ap brase lide an piblik sou aktivite seksyèl ak SSR, li enpòtan pou n santi n alèz, pou n pa kite laperèz anpeche n di karebare tout sa n vle di.



*Patisipan peyi Filipin k ap pran plezi yo tèt kale nan yon atelye pilòt, sètadi yon atelye ki te fèt pou yo te ka teste metòd la*

# Aplikasyon lide « genre » nan SSR

## Pou n kòmanse

- ◊ Pou n devlope gwoup aktivite k ap vini yo, fò n fè patispan yo fè 5 ti gwoup ; pou n fè sa, n ap itilize metòd konte (1, 2,3,4,5) nou te jwenn nan « Kòmansman travay ak ti gwooup yo » (paj 34). (Fòk patispan yo ta melanje : moun ki soti nan mènm fanmi osnon moun ki pa santi yo alèz youn ak lòt pa ta dwe nan menm gwoup.)
- ◊ Esplike patispan yo kijan aktivite yo fè déjà yo te pèmèt yo wè ki fason pawòl sou sèks ak « genre » ap antre nan tèt yo depi yo tou piti ; esplike yo kijan reyalite « genre » lan pase nan lide nou, nan konsepsyon nou genyen sou sa n ka espere nan lavi a, pou l al aji sou konpòtman nou kòm fanm oswa kòm gason. Nan aktivite k ap vini yo, nou pral fouye zo nan kalalou, pou n wè kijan lide ak prensip ki chita sou koze « genre » aji sou sante seksyèl ak sante repwidiksyon moun.
- ◊ Fè yo konnen se tout ti gwoup yo ki pral fè an menm tan 2 premye aktivite ki nan pati sa a – « Ki sa yo rele vyolans ? » ak « Eksperyans vyolans » –. Lòt aktivite yo (10-13), nou pral separe yo ba diferan ti gwoup ki pral fè yo an menm tan tou.
- ◊ Gade feyè ki make “Desizyon ak entèvansyon ki konsidere kesyon “genre” pou n jwenn kèk lide pou boukantay lide ki pral fèt nan aktivite 10-12 yo.

## Aktivite 8: Kisa yo rele vyolans? (fich 11)

Kòm kesyon vyolans se yon kesyon ki frajil anpil, tanpri pa blyie fè yon kout je nan paj 10-11, kote n ap jwenn konsèy pou animatè/z yo.

## Rezulta n ap chèche

Se pou patispan yo bay kèk definisyon vyolans epi gade pou yo wè si yo fè eksperyans vyolans nan lavi yo

## Materyèl nou bezwen

Bristòl, makè, kreyon, gid sipò oswa feyè ki vini ak kèk egzanp vyolans

## Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Kòmanse fè patispan yo sonje yo te wè, nan aktivite ki te rele « Pawòl sou sèks » la, kijan sèten mo moun konn itilize, lè y ap pale sou aktivite seksyèl, se mo ki danse kole ak vyolans osnon mo ki ka blese moun (gade nan paj 37). Yon lòt bò, vyolans ka fè dega sou sante nou plizyè fason ; se poutèt sa, nou deside devlope 2 aktivite pou n brase lide sou pwoblèm malouk sila a.
- ◊ Remèt chak ti gwoup yon fèy bristòl epi mande yo pou yo ekri kèk pawòl k ap montre nou kisa gwoup la konprann yo rele vyolans.
- ◊ Apre sa, mande yo pou yo reflechi sou kesyon sa yo :
  1. Èske vyolans sou fann ak ti fi, sou gason ak ti gason parèt nan definisyon yo (sètadi, pou n pale yon lòt jan, èske definisyon yo pa vag sou reyalite «genre» lan)?
  2. Èske definisyon yo rammase tout kalte vyolans, èske yo di kichòy sou laj viktim yo ?

- ◊ Apre 15 minit, mande reprezantan gwoup yo, pou yo vin li definisyon yo devan tout patisipan yo.

### Ranmase lide

- ◊ Prezante bay gwoup la bristòl oswa feyè ki gen egzanp vyolans yo. Esplike patisipan yo gen divès kalte volvans – vyolans fizik, vyolans seksyèl ak vyolans moral – ; men souvan, nou pran kèk fòm maspinay tankou yon bagay « nòmal », bagay « nou dwe aksepte ». Pafwa tou, gen kèk konpòtman malfèktè nou pa konsidere kòm vyolans, poutèt moun ki gen konpòtman sa yo pa resevwa okenn pinisyon oubyen paske kominate a gen tandans tolere yo.
- ◊ Mande patisipan yo si yo vle ajoute kèk lòt zak sou egzanp vyolans nou bay yo.

### Fòm vyolans yo

#### **Men kilè nou fè maspinay moral ak sikolojik sou moun :**

- ◊ lè n rele moun bét lèd, baka, makak, madigra
- ◊ lè n mete anbagò sou mennaj nou, madanm nou oswa mari nou pou tout sa k gen arevwa ak lanmou/afeksyon/kontak seksyèl
- ◊ lè n imilye moun
- ◊ lè n refize ede yon moun ki nan bezwen
- ◊ lè n rele sou moun
- ◊ lè n maltrete bagay yon moun pi renmen nan tout sa l posede (rad, nounous)
- ◊ lè n menase yon moun pou n fè vyolans fizik oswa vyolans seksyèl sou li
- ◊ lè n joure yon moun oswa lè n ba l kout lang, poutèt li refize kouche avè n
- ◊ lè n voye lèt kraponnay ba yon mennaj, yon madanm oswa yon mari ki kite avè n

#### **Men kilè nou fè vyolans fizik sou moun :**

- ◊ lè n ba moun kalòt; lè n frape yo; lè n zongle yo; lè n redi yo nan cheve; lè n boule yo; lè n peze kou yo
- ◊ lè n menase moun ak zam oswa ak lòt bagay
- ◊ lè n voye nenpòt sa k nan men n sou yon moun
- ◊ lè n pran yon moun nou fèmen l nan yon chanm oswa mare l ak kòd
- ◊ lè n dechire rad yon moun

#### **Men kilè nou fè vyolans seksyèl sou moun:**


- ◊ lè n frape yon moun pou n fòse l kouche avè n
- ◊ lè n pèdi wòl nou n al manyen pati seksyèl oswa pati entim yon moun, san l pa vle
- ◊ lè n di yon moun vye mo sal ak vye mo derespektan, pou n ba l presyon, pou l ka reziyen l kouche avè n
- ◊ lè n lage dwòg nan vè yon fanm ap bwè, pou fè l pèdi kontwòl li, pou n ka kouche avè l san pwoblèm
- ◊ lè n derefize mete kapòt oubyen sèvi ak lòt metòd planin, malgre patnè nou mande n sa

- ◊ Si n vle, montre patisipan yo definisyon vyolans sou fanm ki nan feyè a ; pa blyie esplike yo tout mo difisil ki ladan l yo.

## Vyolans sou Fanm

Vout zak vyolans yon moun sibi, poutèt se fanm li ye; rezulta yon zak konsa gen dwa se yon gwo zòbòy oswa yon gwo doulè nan kadav kò, yon gwo zòbòy oswa yon gwo doulè nan domèn seksyèl oubyen sikolojik ; yo fè vyolans sou yon fanm tou, lè yo menase l pou yo fè zak vyolans sou li, lè yo fòse l fè sa l pa vle, lè yo wotire dwa gramoun li nan men l, kit yo fè sa devan je tout moun, kit yo fè sa san moun pa wè.

Men kèk move konsekans divès fòm vyolans ka bay:



- ◊ vFè yo wè gen vyolans tou nan sèten abitid kèk sosyete genyen depi digdantan ki conn kite moun ak gwo zòbòy, gwo pwoblèm; ladan yo, nou jwenn: *eksizyon* (operasyon kote yo coupe klitoris ti fi) ak *maryaj tikatkat*. Zak sa yo ka lakoz gwo pwoblèm sante seksyèl ak sante repwodiksyon.
- ◊ Fè yon jan pou yo konprann – peze sou sa – kit fanm, kit gason, kit ti fi, kit ti gason conn viktim vyolans. Nan sèten ka, vyolans conn fèt “je fèmen”, sétadi san sa pa gen anyen arevwa ak sèks viktim lan: nou ka wè sa, paregzanz, nan kèk atak zenglendo fè sou moun osnon nan goumen ki fèt ant kanmarad lekòl, kote nenpòt moun ka resevwa move kou.
- ◊ Esplike patisipan yo kijan anpil fòm vyolans makònen ak koze “genre” epitou ak laj moun; ba yo kèk egzanp, epi pwofite gade ansam ak yo si, nan definisyon vyolans ki te soti nan ti gwoup yo, kesyon sa yo te parèt.
  - Egzanp vyolans ki chita sou koze « genre » : kout baton yon masisi oswa yon madivin(èz) resevwa, poutèt, daprè bouwo yo, l ap pase anba pye estereyotip “genre” yo ki fikse konpòtman yon gason tout bon” ak yon fanm “tout bon” dwe genyen; gwo kantite krim jenn gason ap fè youn sou lòt.
  - Egzanp vyolans ki chita sou laj moun: zak briganday timoun lekòl; presyon yo ba yon jenn fi pou fòse l marye ak yon “tonton”; zak ensès yon malandren komèt sou timoun piti oswa sou jenn ti fi/jenn ti gason (ensès = rapò seksyèl ant moun ki soti nan menm kòd fanmi); pouse

## Reyakson teren

"Nou pa dwe kite sijè ki gen arevwa ak ensès yo rete kache... se pou yo parèt aklè, paske krim « an kachèt » sam yo se yon malèt silans nou pa ko janm louvri tout bon ; konsekans zak kriminèl sa yo fè viktim yo soufri tout rès vi yo. Kantite zak ensès ki fèt pi plis lontan pase tout sàn ta ka panse. Kòm zak sa yo fè viktim yo wont anpil, yo gen anpil difikilte pou yo pale sou kesyon an. Men si n foure sijè sa a kareman nan domèn SSR, n ap ede kominate a detripe malèt silans lan epitou n ap ede viktim yo jwenn konkou yo bezwen an.  
(Peyi Zanbi)

dife pou fè yon ti jenn gason al goumen ak jèn parèy li, swadizan pou l ka montre "li gen gason sou li".

- Egzanp vyolans ki soti nan enstitisyon piblik yo: vyolans Leta a, li menm, li reskonsab, lè sòlda ak polisyé malpouwont al fè kadejak sou fanm refiyèz, jouk yo rive ansent yo.
- ◊ Esplike yo kijan vyolans se kadejak sou dwa fondalnatal moun.
- ◊ Fè yon ranmase pou patisipan yo, pou n montre tout move konsekans sou SSR vyolans ka genyen ; se pou n gade nan feyè a oswa nan gid sipò a, pou n wè kijan n ap fè ranmase sa a.

## Lòt fason nou ka devlope aktivite a

- ◊ Mande youn oswa 2 nan ti gwoup yo pou yo site tout fòm vyolans yo konnen epi, apre sa, pou yo bay yon definisyon vyolans ki ranmase tout fòm vyolans ki nan lis yo bay la.
- ◊ Mande youn oswa 2 nan ti gwoup yo pou yo boukante lide sou maspinay seksyèl sou jenn fi/jenn gason epi, apre sa, pou yo bay yon definisyon maspinay seksyèl sou jenn fi/jenn gason.
- ◊ Mande yon twazyèm gwoup pou l desine yon pye bwa ki reprezante yon « pye » pwoblèm (gade nan paj 58) pou l bay dizon l sou rasin ak konsekans maspinay seksyèl sou jenn fi/jenn gason.
- ◊ Apre ti gwoup yo fin prezante travay yo devan tout patisipan yo, mande patisipan yo pou yo bay kèk estrateji lekòl oswa sant sante yo ta ka mete sou pye pou yo ka goumen ak pwoblèm sa yo.

## Aktivite 9 :Eksperyans vyolans (fich nimewo 12)

### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo dekouvre kèk fason zòt maltrete gason ak kèk lòt fason zòt maltrete fanm ; se pou yo wè tou kijan zak maspinay sa yo aji sou SSR[9]

### Materyèl nou bezwen

Gid sipò ki gen kesyon ladan

### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Kòmanse fè patisipan sonje nou tout wè deja ak 2 nawè nou, nan kominate kote n ap viv la, kèk sitiayson kote fanm ak gason, ti gason ak ti fi, ap resevwa move tretman. Si n santi n alèz pou n fè sa, se pou n bay (nou menm animatè/z yo) yon egzanp nan eksperyans pèsonèl nou. Si n pa santi n kapab, rakonte yon istwa n te tande oubyen n te li (fòk se yon istwa ki te pase tout bon vre).
- ◊ Fè yo konnen nou pral wè kounye a konsekans move tretman ak vyolans genyen kit se sou viktim lan, kit se moun ki komèt zak la.
- ◊ Remèt chak ti gwoup yo yon papye ki gen kèk ti sijè pyès (teyat popilè) y ap gen pou yo jwe. Mande yo pou yo pran san yo pou yo prepare yon ti pyès 3 minit epi, apre sa, pou yo fè repetisyon ak pawòl yo, ak chante, ak dans oswa ak jès yo ka fè ak kò yo. Ti pyès la dwe prezante kèk sitiayson ki ka mennen tou dwat nan fòm vyolans yo wè nan papye n remèt yo a. Chak moun nan gwoup la dwe jwe wòl pa l.

### Men kèk sijè :

- Yon jenn fi (oswa yon jenn gason) k ap mache nan lari poukont li nan aswè sibi yon atak anba men yon malandren li pa menm konnen.

- Yon fanm k ap sibi presyon nan men mari l pou l al nan kontak seksyèl, malgre l pa santi l byen.
  - Yon jenn ti gason ki wè papa l k ap maltrete manman l , kit se ak pawòl nan bouch li, kit se ak vyolans fizik l ap fè sou li.
  - Yon pwofesè ki mande yon ti demwazèl ki se elèv li, pou l vin ba l yon kout men nan travay li gen pou l fè lakay li ; malpouwont lan tou pwofite mete lapat sou jenn fi a.
  - Yon jenn fi sibi plizyè fwa zak kadejak anba men yon tonton l ki pwofite vin fè zak vakabonday sa a, lè paran ti pitit la pa la.
  - Yon timoun k ap sibi atak seksyèl anba men yon kouzen ki pi gran.
- ◊ Apre patisipan yo fin prepare ti pyès yo, mande yo pou yo reponn kesyon sa yo:

### **Eksperyans ak vyolans**

1. Lè yon moun viktим move tretman konsa, kijan l santi l?
2. Kouman moun ki fè zak la santi l?
3. Èske viktим lan te fè yon bagay ki lakòz li sibi zak vyolans lan ? Èske sa vle di li merite sa k rive a ?
4. Nan ki sans zak sa yo ka aji sou sante seksyèl ak sante repwodiksyon moun ki viktим yo, kit se dirèk dirèk, kit se pa dirèk dirèk ?
5. Kisa yon moun ka fè pou l ede pwòp tèt li, lè l fin fè yon eksperyans konsa ?

- ◊ Pa blyie di tout patisipan : si youn nan yo santi l pa alèz pandan dewoulman aktivite a, li mèt vag sou travay gwoup la osnon kite sal la ; l a retounen apre.
- ◊ Mande pou gwoup yo vin jwe pyès yo devan tout patisipan yo ; apre sa, y ap reponn kesyon yo. Lè yon gwoup fin reponn kesyon, kite manm lòt gwoup yo bay dizon yo sou repons yo tande yo.

### **Ranmase lide**

- ◊ Esplike patisipan yo kijan moun gen anpil difikilte pou yo pale sou koze vyolans fizik ak vyolans seksyèl, sitou zak vyolans fanm ak timoun ap sibi lakay anba men mouche gason. Se jouk lè n deside kleronnen koze sa a toupatou, kominate a ap sètoblje manyen fè yon jeretyen sou « tolerans » li genyen pou mòd vyolans sa yo.
- ◊ Fè yo konnen kijan moun ki viv eksperyans kadejak konn santi yo koupab pou sa k rive yo a. Paregzanp, yon ti fi ki viktим zak kadejak ka santi se li k fè sa rive l, paske l te kite kadejakè a fè kèk ti jès karès avè l, tankou paregzanp kèk ti bo. Men se pa yon rezon pou vakabon an te fè sa l fè a ; pa gen anyen ki ba moun dwa fòse yon lòt fè bagay ki ka pa bon pou sante l.
- ◊ Esplike patisipan yo kijan gen otorite nan kominate a ki gen yon bann charabya y ap di devan tout moun, kòmkwadire pou yo ba vyolans labsolisyon; se devwa lòt moun k ap viv nan kominate a pou yo demandi gwo palto sa yo, paregzanp, nan pran lapawòl nan reyinyon pubblik, nan patisipe nan chita tande k ap fèt nan estasyon radyo, nan ekri lèt voye ba direktè jounal, elatriye. (Pou n jwenn kèk egzanp charabya zotobre konn di, ale nan paj ???, nan katriyèm pati liv la.)
- ◊ Fè yo konprann byen – peze sou sa – se dwa jenn ti fi/jenn ti gason pou yo jwenn pwoteksyon kont vyolans.
- ◊ Di patisipan yo ki kote jenn ti fi/jenn ti gason ka kouri al chèche èd, si yo viktим zak vyolans oubyen si y ap soufri akòz move zak yo te sibi, tankou zak kadejak paregzanp.

- ◊ Fè patisipan yo konprann kijan jenn ti fi/jenn ti gason dwe fè tout sa yo kapab pou yo reziste, lè zòt ap ba yo presyon oswa jennen yo pou y al nan kontak seksyèl ak moun yo pa renmen. Bay kèk egzanp epi mande patisipan yo pou yo ajoute kèk lòt.
  - **Jenn fi** : Pale klè, pou n montre sa n vle toutbon : pou n reponn « wi », se sèl si n vle fè sa toutbon vre ; si n pa vle al nan kontak seksyèl, se pou n di « non » san griyen dan, epitou nou gen dwa bay rezon ki fè n pa vle a, pou mesaj la ka pi byen kore ; pa rete twò lwen lòt moun, pou n ka rele anmwe, sizoka paka ; evite soti ak flannè ki aksyonè oubyen ki derespektan ; si se yon moun nan fanmi nou ki vle mete men sou nou (ensès), kouri al pale ak granmoun nou ka fè konfyans.
  - **Jenn gason** : pa panse depi gen randevou, fòk gen kontak seksyèl ; pa panse si n achte yon bagay pou yon jenn fi oswa si n fè l yon kado, fòk li kouche avè n pou l ka peye « dèt » la ; non se non : lè yon jenn fi di nou non, nou pa gen anyen pou n di.
  - **Jenn gason/jenn fi** : evite al nan kontak seksyèl, lè n sou oswa lè n fin pran dwòg, paske bagay sa yo ka fè n pèdi kontwòl nou oubyen tou yo ka fè n blyie sèvi ak kapòt ; si n soti ak yon gwoup zanmi, pa kite yo poukont yo. n ak yon gwoup zanmi, si n wè yo kòmanse gaga ; lè n vle soti nan sitiyasyon k ap mete lavi nou an danje, kouri al mande granmoun konkou.

## Aktivite 10 :

### Istwa sou diferan etap nan lavi a (fich nimewo 13)

#### Rezulta n ap chèche

##### Reyakson teren

« Se gason sèlman ki te nan gwoup ki t ap fè aktivite sa a. Plis pase yon ti jwèt teyat, aktivite a te tounen yon veritab boukantay lide... Patisipan yo te sèvi ak pwòp eksperyans pa yo; vyolans nan relasyon moun ak moun se toutan nou wè sa (kidonk, nou pa bezwen fè jwèt teyat pou sa)... Ti mesye yo te enteresan anpil, yo te fè n wè kijan yo konprann trè byen mo sa yo : reskonsabilite, konsekans ak lawont. »  
(Peyi Tanzani)

Se pou patisipan yo reflechi sou pwoblèm SSR gason ak fanm ka genyen pandan tout lavi yo, epitou sou reyalite ki ka fè l pi fasil osnon pi difisil pou yo fè bèk atè devan pwoblèm sa yo

#### Materyèl nou bezwen

Gid sipò ki gen kesyon yo, bristòl, makè

#### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Sou yon bristòl, trase yon liy kouche, anvan n kòmanse ak atelye a. Remèt gwoup patisipan yo bristòl la ak gid sipò ki detaye lavi yon pèsonaj yo envante ; nou pral rakonte istwa pèsonaj sa a ak kèk evènman ki rive nan lavi l. Men kèk sijè nou ta ka devlope, pou n rakonte istwa lavi moun :
  - Ti Mari te fèt andeyò nan yon fanmi ki te chaje timoun ; lè l te jenn ti fi, gen yon malandren ki te fè kadejak sou li. Kòm manmzèl pa t vle kenbe timoun lan, li te fè avòtman. Se pou gwoup la imajine sa k pase apre nan lavi Ti Mari.
  - Ti Pyè te fèt nan yon fanmi klas mwayèn ; lè l te piti, li te wè se pou gason l gen panchan. Le l te al nan premye kontak seksyèl li, li pa t mete pwoteksyon (li pa t sèvi ak kapòt) ; se konsa, misye trape yon EST.
  - Ti Pyè te fèt laval nan yon fanmi ki chaje lajan ; lè l te jenn ti gason, li te trape yon EST li pa t janm fin trete. Rezulta : misye chaje pwoblèm SSR.
- ◊ Mande patisipan yo pou yo fè yon ti istwa kote y ap rakonte kèk sitiyasyon ki rive nan lavi moun yo chwazi a. Di yo pou yo mete anwo liy kouche ki sou

bristòl la bèl bagay ki rive nan lavi moun lan ak bon kontak – bon lantouray – li genyen (yo gen dwa sèvi ak kèk mo, siy oswa desen pou yo bay detay sa yo) ; anba liy lan, se pou yo mete vye bagay ak move kontak – move lantouray – . An menm tan tou, se pou yo itilize flèch ki fêt ak ti pwen pou yo montre kijan eksperyans moun lan te fè anvan gen konsekans sou sa k pral rive I pi ta.

- ◊ Se patisipan yo ki dwe di si yon eksperyans pozitif oswa negatif. Yo gen dwa mete kèk bagay sou liy lan menm (sètadi, ni anwo, ni anba), si bagay sa yo gen ni bon kote, ni move kote. Egzanp : pou yon fanm ki depi lontan ap tann yon pitit, yon gwozès se yon bon bagay, men pou yon fanm ki viktim zak kadejak, yon gwozès se yon gwo malè.
- ◊ Lè gwoup la fin ekri istwa differan etap nan lavi moun lan, se pou I reponn tout kesyon nou pral jwenn lan do bristòl la, pou I ka prezante istwa a ansanm ak repons yo devan lòt patisipan yo :

### Istwa sou differan etap nan lavi a

1. Ki sitiyasyon ak sikoranski te mete lavi moun lan an danje ?
2. Ki sitiyasyon ak sikoranski te pèmèt moun lan devlope kapasite I pou I fè fas kare ak danje ?
3. Ki reyalite, ladrès ak sèvis ki ka soulaje moun ki, tankou pèsonaj ki nan ti istwa yo, te viv sitiyasyon malèpandye, sitou lè yo te timoun ak lè yo te fèk fòme ?

### Ranmase lide

- ◊ Fè patisipan yo sonje : moun fè kit se eksperyans ki ka mete yo nan sitiyasyon malèpandye, kit se eksperyans ki ka pèmèt yo devlope kapasite yo pou yo fè fas kare ak danje.
- ◊ Sitiyasyon ak reyalite malèpandye yon moun viv nan premye etap nan lavi li gen dwa gen gwo konsekans sou sa k pral rive I pi devan ; gen kèk sitiyasyon ki ka lakòz anpil pwoblèm sante. Paregzanp, yon gason ki pa t chèche tretman pou yon EST li te trape, lè I te jenn timoun, gen dwa vin pa ka fè pitit ; yon jenn ti fi ki pa kouri al pale paran I, lè yon pwofesè ap kase ti bwa nan zòrèy li, gen dwa finalman sibi kadejak, ranmase yon gwozès, trape SIDA.
- ◊ Se poutèt sa, li enpòtan pou n kòmanse reflechi sou differan etap nan lavi a, lè n ap abòde pwoblèm ki gen rapò ak SSR : Ni timoun ki fèk fòme, ni jèn ki pi gran yo, dwe devlope ladrès yo epi mete yo pare pou frape pòt enstitisyon ki ka ede yo, kit se kounye a, kit se pi devan. Li enpòtan pou jenn ti fi/jenn ti gason mande pou yo fè pou yo atelye k ap pèmèt yo devlope kapasite yo genyen pou yo pale kare, rezoud pwoblèm yo ak lòt moun epi pran desizyon yo dwe pran.
- ◊ Se dwa jenn ti fi ak jenn ti gason pou yo mande epi resevwa tout enfòmasyon ak tout sèvis yo bezwen : edikasyon familyal ak edikasyon sosyal total-kapital ; metòd planin ak kapòt agogo, si yo konn al nan kontak seksyèl ; lis tout enstitisyon kote yo ka kouri al chèche pwoteksyon, si y ap sibi zak vyolans (ladan yo, enstitisyon k ap ba yo gress planin espesyal pou ka dijans, si yo fèk viktim yon zak kadejak) ; sant kote yo ka jwenn solisyon pou pwoblèm SSR, tankou gwozès malè, konplikasyon apre yon avòtman nan move kondisyon, laswensay, lè yo ansent (swen prenatal) ak lè yo fin akouche (swen matèno-enfantil), egzamen laboratwa ak tretman pou VIH/EST ; konsèy pou yo antre nan gwoup pote-kole, kote moun ki gen VIH oubyen moun ki gen pwoblèm dwòg ak tafya ap reflechi ansanm, pou youn ka ede lòt.

### Lòt fason nou ka devlope aktivite a

#### Premye fason

Si kantite tan n genyen an ap ase, mande gwoup la pou I trase 2 liy : youn ap reprezante lavi yon fanm ki gen yon pwoblèm SSR, lòt la ap reprezante lavi yon gason ki gen menm pwoblèm lan. Paregzanp, yon jenn fanm ki te viktim yon zak kadejak, lè I te jenn ti fi, ak yon gason ki te sibi yon zak kadejak, lè I te jenn ti gason.



- ◊ Mande gwoup la pou l chèche wè ki royalite nan kesyon « genre » lan ki fè menm pwoblèm lan pa gen menm konsekans nan tou 2 ka yo.

### Dezyèm fason

- ◊ Si kantite tan n genyen an ap ase, mande gwoup la pou l chèche wè ki moun enpòtan ki te la oubyen ki pa t la, pou l te bay konsèy, direksyon oswa lòt kalte sipò, nan diferan moman kote pèsonaj ki nan ti istwa a t ap viv eksperyans li t ap viv yo. Egzanp : paran, gran frè, zanmi, pwofesè lekòl, yon monpè, yon pwomotè jèn, yon enfimyè oswa yon doktè, yon patwon, yon moun k ap travay nan ONG, yon lidè nan kominate a.



Travay nan ti gwoup sou SIDA

## Aktivite 11 :

### Ti jwèt teyat : poukisa ? (fich nimewo 14)

#### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo reflechi sou sitiyasyon kote se prensip ak rapò ki makònèn ak koze « genre » ak sèks k ap mennen ; y ap reflechi tou sou fason moun ka fè soustraksyon sou danje ki mache kòtakòt ak sitiyasyon sa yo

#### Materyèl nou bezwen

Gid sipò ki gen kesyon ladan

#### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Mande gwoup la pou l chwazi youn nan sitiyasyon ki nan lis nou pral jwenn lan, oubyen pou l bay egzanp lòt sitiyasyon ki ta ka prezante nan kominate a :

#### Reyaksyon teren

« Gwoup la te imagine trè byen diferan etap nan lavi pèsonaj ki nan ti istwa a ; yo te chèche wè tout moman kè kontan ak moman difisil nan lavi li. Tout moun te remake kijan, pafwa, nou konn mal pou jwenn nan anviwònman kote n ap viv la resous oswa sipò moral ak sosyal pou n toke kòn nou ak sitiyasyon difisil, sitou lè n jenn timoun ; se royalite sa a ki konn fè moun pran nan « zip » pi fasil »  
(peyi Pewou)

- Yon jenn ti fi ap pran presyon nan men fanmi li, pou l al foure kò l byen bonè nan koze maryaj ; kòm li minè toujou, se konsantman paran l sèlman ki nesesè.
- Yon jenn ti gason ap pran presyon nan men zanmi l, pou l kòmanse fè eksperyans seksyèl, malgre li menm, li vle tann yon ti tan toujou.
- Yon jenn ti fi, ki ki te deja viv yon eksperyans maspinay seksyèl, jwenn yon « tonton » k ap fè l filalang ak lajan oswa bèle jès ipokrit karesan.
- Nan yon restoran, yon jenn ti gason wè yon famm pwoche bò kote l ; manmzèl, ki renmen fòm tèt misye, vle kouche avè l. Misye vle tou, men l pa gen kapòt.
- Yon famm nan kafe (travayèz seksyèl) vle mete yon kapòt famm anvan l al kouche ak yon kliyan, men degoutan an derefize.
- Yon jenn ti gason vle sèvi ak kapòt pou l kouche ak mennaj li, men misye pè pou manmzèl pa pèdi konfyans nan relasyon yo a, si l vin sou kesyon sa a.
- Yon jenn fanm, ki pa gen lontan depi l marye, vle fè yon pitit, men se toutan mari a ap pran plezi l nan kafe ; manmzèl pè pou l pa trape yon EST.
- Yon jenn fanm, ki fèk marye, vle tann yon ti tan anvan l fè pitit, men mari a pa tolere metòd planin k ap fè l « pèdi tan » (tankou kapòt, espèmisid).

- ◊ Mande gwoup la pou l prepare yon ti pyès 3 minit, kote l ap itilize pawòl, chante, dans oswa jès moun ka fè ak kò yo, pou yo montre ki pawòl oswa aksyon ki mennen pèsonaj yo nan kontak seksyèl.

- ◊ Fè patisipan yo konnen fòk chak moun nan gwoup la jwe wòl pa l : pèsonaj prensipal, lòt moun ki lan negosasyon ak pèsonaj prensipal la, zanmi l, papa l, manman l, elatriye.
- ◊ Finalman, gwoup la ap jwe pyès la epi, apre, manm gwoup la ap pran lapawòl pou bay dizon yo sou sitiyasyon yo wè nan pyès la, pandan y ap reflechi sou kesyon nou pral jwenn yo ; yo dwe reponn kesyon yo, nan sesyon plenyè a, sètadi devan tout lòt patisipan yo :

### **Ti jwèt teyat : Poukisa ?**

1. Ki pati nan pyès la ki te mete pèsonaj prensipal yo nan sitiyasyon malèpandye ki ka menase SSR yo?
2. Poukisa pèsonaj yo te ale oubyen pa t ale nan kontak seksyèl ? Ki bon kote epi ki move kote (si te gen move kote) nou wè nan kontak seksyèl sa a?
3. Èske sitiyasyon pyès la prezante a se yon sitiyasyon kote pèsonaj yo ta ka pwoteje tèt yo kont gwo sès oswa kont VIH ak lòt EST ? Si repons lan se wi, poukisa ? Si repons lan se non, poukisa ?
4. Ki realite ki te ede oubyen anpeche pèsonaj prensipal yo kontwole sitiyasyon an ?
5. Kisa pèsonaj prensipal yo oswa moun ki nan lantouray yo te ka fè, pou yo te fè soustraksyon sou malèpandye ki sou tèt SSR yo ?

- ◊ Lè ti gwoup la fin prezante ti pyès la ak repons kesyon yo, mande lòt patisipan yo pou yo di ki prekosyon, daprè yo, pèsonaj prensipal yo ta ka pran, pou yo pa t sètoblje fè yon bagay yo pa t vle.

### **Ranmase lide**

- ◊ Fè patisipan yo remake kijan medam yo, an jeneral, gen mwens pouvwa pase gason, pou yo pran desizyon nan sa k gen arevwa ak aktivite seksyèl, menm lè yo majè, menm lè yo pote non madan marye; apre sa, òganize yon boukantay lide sou kèk nan avantaj yon moun genyen, lè l deside fè yon ti tann, anvan l marye.
- ◊ Fè yo konprann byen – peze sou sa – gen anpil realite ki ka jwe gwo wòl nan desizyon yon moun ap pran nan sa k gen arevwa ak repons l ap ba egzijans « genre » yo – sètadi, jan zòt vle pou l mennen bak li, poutèt li se fanm oswa poutèt li se gason – ak tou nan desizyon l ap pran sou kilè ak kijan li vle al nan kontak seksyèl ; pamí realite sa yo, gen presyon ak reyakson lantouray moun lan. Pwoblèm sa a konsène sitou jenn ti fi/jenn ti gason ki, an jeneral, fè bèk atè devan presyon zanmi ; li konsène granmoun tou, lè yo gen pou pran desizyon nan sa k gen arevwa ak aktivite seksyèl.
- ◊ Esplike yo kijan li enpòtan tou pou jenn ti fi/jenn ti gason konn dwa yo. Paregzanp, si yon jenn ti fi konn ki pi piti laj yon moun dwe genyen, daprè sa lalwa di, pou l ka marye, manmzèl gen dwa kouri al mande kèk granmoun pou yo pote l sekou, lè zòt vle fòse l marye anvan lè. Kòm sipò yo ka ba li, yo gen dwa mande kèk militan granmoun pou yo òganize yon seri sesyon nan kominate a sou kesyon sa yo (paregzanp, sesyon kote y ap lonje dwèt sou prejije « genre » ki egziste nan sa k gen rapò ak laj yon moun dwe genyen, pou l marye, ak lòt chita tande tou kote y ap montre ki danje k ap menase SSR yon moun ki ansent twò bonè). Yo ka rive fè kèk gwo palto nan kominate a (monpè, pastè, jij, majistra) vin pran lapawòl tou sou kesyon sa yo.
- ◊ (Pou patisipan granmoun yo) : lè n ap eseye ouvè je jenn ti fi, jenn ti gason ak lòt jèn ki pi gran yo sou pwoblèm rapò seksyèl, l ap trè bon, si n eseye imajine ki jan lavi yo ap mache ; konsa, n ap ka ba yo konsèy ki gen plis sans, konsèy y ap ka mete an pratik, paske, lè sa a, nou pa p vag sou sitiyasyon y ap viv ak chwa yo pètèt deja fè nan lavi a.


## Lòt fason nou ka devlope aktivite a

### Premye fason

- ◊ Olye n ba patisipan yo sijè ti pyès yo ak pèsonaj pou yo mete ladan yo, mande yo pito pou yo reflechi sou sitiyasyon malèpandye yo konn wè nan kominote a ki ka lakòz moun trape pwoblèm SSR.
- ◊ Apre sa, mande yo pou yo chwazi youn nan sitiyasyon ki nan lis yo bay la kòm sijè ti pyès yo pral prepare a ; fòk yo di poukisa yo chwazi sitiyasyon yo chwazi a (paregzanp, paske sa rive souvan nan kominote a, paske se pwoblèm jèn yo rankontre pi souvan, paske se sitiyasyon ki ba kominote a plis tèt chaje).
- ◊ Finalman, mande yo pou yo reponn lòt kesyon ki nan aktivite a.

### Dezyèm fason

- ◊ Distribye ba patisipan yo kèk ti moso papye ki gen «pawòl moun k ap fè presyon sou lòt konn di », epi mande yo pou yo chwazi kèk ladan yo kòm sijè ti pyès yo. Men kèk egzanp : 1) Èske w vle fè m konprann m pa ekle ase ? 2) Ann ale, gwo fanm. Se tout moun k ap fè sa. 3) Ou pa bezwen ba tèt ou pwoblèm, se senmenn pase a, m fè yon tès SIDA, m pa p enfekte w. 4) Si w pa fè lanmou avè m, m ap oblige chèche yon lòt mennaj. 5) Si w pa chèche yon fi rapid rapid pou w fè lanmou, tout ti mesye yo ap panse w pa « tèm ».
- ◊ Apre sa, mande gwoup la pou l reponn tout kesyon ki nan aktivite a, pandan y ap reflechi sou 2 nan ti pyès yo.



# Aktivite 12 : « Pye bwa k ap donnен pwoblèm (fich nimewo 15)

## Rezulta n ap chèche

Se pou yo reflechi sou pwoblèm SSR jenn gason ak jenn fanm konn genyen ; se pou yo reflechi tou sou rasin pwoblèm sa yo, konsekans yo ka genyen, ak posiblite pou yo jwenn solisyon

## Materyèl nou bezwen

Dezoutwa bristòl ki gen sou yo chak desen yon pye bwa ak rasin ak branch ; gid sipò oswa feyè ki bay kèk repons pou kesyon yo kòm egzanp ; makè

## Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Pou n kòmanse ak aktivite a, mande patisipan yo pou yo kanpe pou yo fè kèk mouvman ak kò yo.
  - ◊ Men sa n ap di yo:
    - Nou pral fè jès ak kò nou tankou si se yon pyès n ap jwe. Ann fè kòm si se yon ti gress bwa nou ye (ti gress ki pi piti n konnen an) ; kounye a, tout moun ap bese (kwoupi).
    - N ap konte tou dousman jouk nou rive sou 10 ; firanmezi n ap konte, n ap « grandi » (n ap leve), jouk nou tounen yon gwo pye bwa k ap fleri ; bra nou se branch pye bwa a, dwèt nou se fwi yo.
    - Ann santi yon ti van k ap soufle; branch yo ap souke kò yo. Rete! Men yon gwo van-tanpèt kounye a... Oke, van an rete, gen yon ti akalmi kounye a. (Lè ti van an ap vante, se pou n balanse bra n tou dousman, kòm si se yo ki branch yo ; apre sa, se pou n fè gwo mouvman ak bra n pandan van-tanpèt la, epi n ap rekòmanse fè ti mouvman dous, lè akalmi an).
    - Kite pye bwa a pran sans li. Kite rasin yo souke kò yo (fè ti mouvman ak pye n), apre sa, branch yo (bra, men) ak fwi yo tou (dwèt).
    - Kounye a, imajine pye bwa a trape yon maladi. Pwason an pase nan rasin yo pou l monte nan pye bwa a, li layite kò l jouk li rive nan fwi yo (dwèt yo santi y ap mouri) ; pwason madichon an rive nan branch yo tou (bra nou ak men nou santi y ap mouri) ; finalman, bout mitan an depafini, jouk pye bwa a mouri nèt. (Pou n fini ti pyès la, n ap lage kò n atè, n ap tonbe bip !)
- ◊ Mande pou tout moun chita pou yo koute esplikasyon n ap ba yo : yon pye bwa ki pa malad jwenn tout nouriti l bezwen nan men rasin li yo. Men depi n wè fwi yo kòmanse detounen (chode), nou mèt konnen gen yon pwoblèm. Kantite nouriti l jwenn yo gen dwa pa ase oubyen tou yo gen dwa fin tounen pwazon. Tout sa n rive wè ak je n se sentòm – fwi, fèy ak branch k ap mouri – ki fè n konnen kapab byen gen yon pwoblèm nan nivo rasin yo. Se menm bagay la ki rive nan lavi moun : pwoblèm nou wè yo, tankou paregzanp avòtman nan move kondisyon, se rezulta lòt pwoblèm ki te la depi anvan (tankou, paregzanp, gwochè malè, paske yo pa t ap swiv oubyen yo te mal itilize yon metòd planin). Pwoblèm sa yo, nou ka pa wè yo ak je n, men rezulta yo parèt aklè.
- ◊ Touswit apre, remèt gwoup la yon bristòl ki gen ladan l desen yon pye bwa ki gen yon bann rasin ak yon pakèt branch chaje ak fwi. Nan bout mitan pye bwa a, y ap mete youn nan pwoblèm SSR sa yo: gwochè malè oubyen VIH/EST.
- ◊ Fòk yo sipoze se yon jenn ti fi oswa yon jenn ti gason k ap soufri ak pwoblèm yo vle dekòtike a. Di yo pou yo ekri, nan rasin pye bwa a, tout rezon ki lakòz pwoblèm lan, alòske y ap mete konsekans yo nan branch yo ak fwi yo. Dèke travay sa a fin fèt, mande yo pou yo ekri, nan do bristòl la osnon bò kote pye bwa, kèk estrateji yo ta ka itilize, estrateji ki pa vag sou diferans ki egziste ant

moun akòz koze « genre », pou yo kontrekare rezon ki lakòz pwoblèm lan ak konsekans li genyen yo.


- ◊ Fè yo konnen li enpòtan pou yo sèvi ak yon apwòch ki chita sou koze « genre », kit lè y ap chèche dekouvri rezon ki lakòz pwoblèm yo ak konsekans yo genyen, kit lè y ap chèche wè ki estrateji yo ka itilize pou yo fè fas kare ak pwoblèm yo. Paregzanp, si n di se « lamizè » ki lakòz moun mal pou jwenn metòd planin, se kòm si n fè yon plon gaye ; n ap vize « reyalite » ki makònèn ak « koze genre » yo pi byen, lè nou di : youn nan rezon ki fè fanm mal pou fè planin, se paske jenn fanm mal pou jwenn travay nan peyi a.

### Ranmase lide

- ◊ Fè patisipan yo konprann kijan, lè n konsidere anpil nan "rasin paspatou" yo – sètadi, ki sèvi pou esplike tout kalte pwoblèm – , n ap wè pwoblèm rasin sila yo mennen bay gason ak ti gason pa menm ak pwoblèm yo lage nan kòsay fanm ak ti fi. Paregzanp, gason resevwa yon fòm edikasyon seksyèl ki pa kòrèk, paske pwogram lekòl yo chita sou kesyon byoloji, san yo pa menm voye yon kout je sou reskonsablitè yon moun genyen pou l pran swen tèt li epi veye sou sante l ak sante moun k ap viv avè l. Kanta medam yo, anpil fwa, yo pa menm jwenn ti moso edikasyon seksyèl ki chita sou byoloji a, paske yo gen mwens chans al lekòl (paregzanp, lè yon fanmi malere pa ka peye lekòl pou tout timoun yo, n ap pi vit wè se ti medam yo ki sètoblige rete chita lakay).
- ◊ Ede yo konprann byen kijan diferans ki chita sou koze « genre » lakòz pwoblèm SSR pa aji menm jan sou gason ak sou fanm. Paregzanp, jenn fanm k ap plede al nan kontak seksyèl san pwoteksyon ap gen pou yo peye konsekans konpòtman sa a pi rèd pase jenn gason k ap fè menm bagay la, kit se nan je sosyete a, kit se nan sa k gen arevwa ak sante yo.
- ◊ Di yo fòk solisyon yo pase pran ni bezwen espesyal fanm genyen, ni bezwen espesyal gason genyen. Paregzanp, si yo di youn nan solisyon yo se "ba plis moun posiblite pou yo fè planin", fòk tout enstitisyon k ap okipe kesyon planin ta ba jenn ti gason bèl akèy tou, pandan y ap ba ti medam yo enfòrmasyon non sèlman sou metòd planin tout moun konnen yo, men tou sou gress planin espesyal pou ka dijans.
- ◊ Esplike patisipan yo kijan, pami rezon ki lakòz pwoblèm yo, gen kèk ki aji dirèk dirèk, gen lòt ki pa fè sa konsa. N ap pi fasil wè ak je nou rezon ki aji dirèk dirèk yo; lòt yo pa parèt aklè, se sa k fè n ap pran plis tan pou n dekouvrir yo. Paregzanp, pa sèvi ak kapòt se yon rezon dirèk ki ka lakòz yon moun pran SIDA oubyen yon gwosès malè ; yon lòt bò, lè yon fanm te viktim maspinay seksyèl, lè I te piti, li ka tèlman pa ba tèt li valè, li vin gen konpòtman seksyèl brave danje. Kidonk, maspinay seksyèl li te sibi, lè I te piti a, se yon rezon ki pa parèt aklè. Menm jan an tou, yon zak kadejak ka gen kòm rezulta dirèk yon gwosès viktim lan pa t swete, alòske vye prensip nan sosyete a ki pèmèt moun sitire zak yvolans sou fanm ka fè yon bann malandren santi se dwa yo pou yo maché fè kadejak ; konsa, menm si sa pa parèt aklè, egzistans vye prensip sosyal sa yo se yon rezon ki lakòz fanm ansent san yo pa vle.

### Lòt fason nou ka devlope aktivite a

- ◊ Si kantite tan n genyen an ap ase, mande gwoup la pou l fè travay la 2 fwa : 1) se yon jenn ti fi k ap viv pwoblèm lan ; 2) se yon jenn ti gason. Konsa, diferans ki chita sou kesyon « genre » yo ap parèt pi aklè. Paregzanp, pou pwoblèm gwosès sanzatann ak avòtman nan move kondisyon : 1) n ap gade kijan pwoblèm lan prezante pou yon jenn ti fi ; 2) n ap gade kijan menm pwoblèm lan prezante pou mennaj li ki se yon jenn ti gason.
- ◊ Si, nan mitan patisipan yo, gen ni gason, ni fanm, mande ti mesye yo pou yo dekòtiké pwoblèm lan nan ka kote se yon jenn ti fi k ap viv li epi mande ti medam yo pou yo dekòtiké menm pwoblèm lan nan ka kote se yon jenn ti gason k ap viv li.



## Kèk egzanp rezon (rasin) ki chita sou kesyon « genre » ki ka lakòz pwoblèm gwosè s malè a :

### Pou jenn ti fi yo

- ◊ Yo manke enfòmasyon, paske yo pa gen chans al lekòl
- ◊ Vye kwayans (paregzanz, gen moun ki kwè yon fanm pa ka ansent premye fwa I al nan kontak seksyèl)
- ◊ Ensès (kontak seksyèl nan mitan yon menm fanmi ) oswa kadejak
- ◊ Yo mal pou jwenn metòd planin, ladan yo; gress planin espesyal pou ka dijans (paregzanz, gen kote klinik ki okipe kesyon planin pa resevwa fanm ki pa gen mari)
- ◊ Yo pa byen konn kijan pou yo itilize metòd planin yo
- ◊ Yo konn bwè tafya oubyen pran dwòg, sa ki fè yo gen konpòtman brave danje
- ◊ Metòd planin lan lage yo nan wout (pareg., kapòt la chire pandan y ap sèvi avè I)

### Pou jenn ti gason yo

- ◊ Yo manke enfòmasyon : yo konn kichòy sou VIH/SIDA, men yo pa konn anyen sou pwoblèm gwosè s
- ◊ Vye kwayans (paregzanz, gen ladan yo ki kwè yo pa ka ansent fanm, paske jèm yo pa ko « rèk »)
- ◊ Yo pa ka kontwole tèt yo, lè yo anvi, oswa y ap pran presyon nan men zanmi yo pou y al nan kontak seksyèl (bagay ki ka menm lage yo nan fè zak kadejak )

- ◊ Yo pa byen konn kijan pou yo itilize metòd planin oubyen kapòt
- ◊ Yo konn bwè tafya oubyen pran dwòg, sa ki fè yo gen konpòtman brave danje
- ◊ Metòd planin lan lage yo nan wout (pareg., kapòt la chire pandan y ap sèvi avè l)
- ◊ Yo mal pou jwenn metòd planin (klinik, ki okipe kesyon planin, pa ba yo bèl akèy)

# Aktivite 13 : Mòd klinik SSR kote jèn yo ka santi yo alèz (fich nimewo 16)

## Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo gade pou yo wè ki mòd klinik SSR k ap bon pou jèn yo, k ap ka satisfè bezwen yo [11]

## Materyèl nou bezwen

Gid sipò ki gen kesyon yo, kèk fèy papye ak kreyon

## Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Fè patisipan yo konnen yo pral wè, nan aktivite sa a, kijan enstitisyon, k ap ba jenn ti fi/jenn ti gason laswenyay, ka vin pi bon
- ◊ Mande yo pou yo imajine yon sant k ap ba jenn ti fi/jenn ti gason ak lòt jèn ki pi gran yo konsèy nan domèn lasante ; se granmoun sèlman k ap dirije sant sa a. Se pou patisipan yo mete sou yon lis tout kalite, konesans ak ladrès granmoun sa yo – gason kou fanm – dwe genyen pou sant lan ka mache kòm sa dwa. Ki pwen fò mòd sant sa a genyen ? Ki kote pwen fèb yo ye ?
- ◊ Apre sa, mande yo pou yo imajine se jenn fanm ak jenn gason sèlman k ap dirije sant lan ; se pou yo mete sou yon lis tout kalite, konesans ak ladrès jèn sa yo dwe genyen.
- ◊ Finalman, mande patisipan yo pou yo imajine yon sant avèk kòm alatèt yon ekip granmoun melanje ak jenn moun k ap travay men nan men ; yo mete tout fòs yo ansanm epi y ap goumen pou yo fè koukouwouy dèyè pwen fèb yo. Lè gwoup la fini ak travay sa a, mande yo pou yo reponn kesyon sa yo :

## Mòd klinik SSR kote jèn yo ka santi yo alèz

1. Ki wòl granmoun ki jèn yo ka jwe ? Ki wòl granmoun ki pi gran yo ka jwe ?
2. Ki wòl jenn ti fi ak jenn ti gason ka jwe ?
3. Èske ta gen diferans ant wòl jenn ti gason ka jwe ak wòl jenn ti fi ka jwe ?
4. Ki wòl jenn ti fi/jenn ti gason ka pataje ak granmoun yo ?
5. Kiyès ki ta dwe pran desizyon ?
6. Ki sèvis sant lan ta dwe bay ?
7. Kisa k ta dwe fèt, pou n ta jwenn jenn ti fi ak jenn ti gason ki dakò pou yo fè yon travay konsa ? Kisa k ta dwe fèt, pou yo ta pran yon angajman konsa ?

## Ranmase lide

- ◊ Fè patisipan yo wè kijan granmoun ak jenn ti fi/jenn ti gason, youn ka konplete travay lòt ak konesans, ladrès ak kalite yo chak genyen, pou sant lan ka mache kòm sa dwa. Paregzanp, granmoun yo, ki gen dwa maton nan divès domèn, ka bay gwo kout men nan fè tès gwochè ak tès EST nan laboratwa ; konsa, y ap pèmèt sant lan kontinye bay sèvis san rete. Jenn ti fi ak jenn ti gason, yo menm, ka sèvi kòm pòtpawòl tout lòt jèn yo ; se yo k ap di kisa tout jenn ti fi/jenn ti gason bezwen, ki pwoblèm k ap chipote lespri yo (paregzanp, pwoblèm dwòg k ap vale teren nan kominate a, difikilte jèn yo genyen pou yo jwenn posiblite pou yo fè planin, elt.), epi si gen pwomotè/z jèn nan mitan yo, y ap ka travay pou fè sant lan tounen yon veritab enstitisyon kote jenn ti fi/jenn ti gason ap santi yo alèz tankou mèt Blèz.

- ◊ Nan sant yo, dwe gen kèk plas espesyal pou edikasyon ak aktivite louvri je sou divès kesyon ; ladan yo:
  - enfòmasyon sou reyalite byolojik (sètadi, ki gen rapò ak sa k ap pase nan kadav kò n) ak reyalite sikososal (sètadi, kijan sa k ap pase nan lespri n makònèn ak sa k ap pase andedan sosojet a) nou jwenn nan aktivite seksyèl ak kesyon repwodikson an
  - vyolans ak konsekans sa genyen
  - malèpandye ki ka ap tann yon ti fi ki al ansent twò bonè
  - VIH/EST
  - metòd planin, ladan yo: gress planin espesyal pou ka dijans
  - konsekans fyèlpète avòtman nan move kondisyon ka genyen, sikontans kote lalwa ba moun dwa fè avòtman (paregzanp, nan anpil peyi, si yon fanm te viktima ensès (sètadi, lè se yon moun nan fanmi l ki te al nan kontak seksyèl avè l) oswa kadejak, li gen dwa fè avòtman san pwoblèm).
- ◊ Sèvis, ki la pou bay konsèy nan sant lan, dwe bay enfòmasyon sou tout enstitisyon espesyalize k ap travay sou kesyon sa yo, pou jèn yo ka konnen ki kote pou yo ale, si yo bezwen plis enfòmasyon.
- ◊ Bay lis kalite ki pi enpòtan tout sant, ki gen sèvis SSR pou jenn ti/jenn ti gason, dwe genyen, epi mande patisipan yo si gen kèk lòt yo ta renmen ajoute:
  - Travayè/z nan sant lan dwe koute jèn yo, lè y ap ekpoze pwoblèm yo, san yo pa lonje dwèt sou yo.
  - Fòk sant sa yo konsidere aktivite seksyèl kòm yon aktivite nòmal, ki pa depaman ak lasante epi ki pèmèt moun jwi lavi yo, depi se ak pwòp volonte yo epitou ak pwòp anvi yo y ap fè sa.
  - Fòk yo bay enfòmasyon sou tout kesyon ki gen rapò ak SSR, pandan y ap plis chita sou bezwen espesyal jenn ti fi ak jenn ti gason genyen; ladan yo: seyans antrènman pou aprann yo sèvi ak kapòt, metòd planin ak lòt kesyon enpòtan (paregzanp, itilizasyon kotèks ak tanpon).
  - Lè y ap fè orè travay yo, fòk yo reflechi pou yo wè ki lè k ap pi bon pou jenn ti fi/jenn ti gason, pou yo ka al chèche enfòmasyon ak laswenyay byen fasil.
  - Fòk sant yo pèmèt jenn ti fi/jenn ti gason mache ak moun yo fè konfyans (paregzanp, manman/papa, frè/sè, zanmi fi/zanmi gason), lè y ap vin nan konsiltasyon.
  - Travayè/z nan sant lan dwe mande jenn ti fi/jenn ti gason, si yo ta renmen yon lòt moun asiste konsiltasyon an (paregzanp, papa/manman). Si yo reponn non, travayè/z sante yo dwe respekte desizyon yo ak volonte yo genyen pou yo pa kite tout moun konn afè yo.
  - Lè travayè/z nan sant lan ap konsilte jenn ti fi/jenn ti gason, yo dwe esplike tout sa yo pral fè depi anvan.
  - Nan sal datant lan, dwe gen jounal, materyèl louvri je sou kesyon sante, anmizman ak jwèt pou timoun (paregzanp, ti pitit jenn manman yo oswa ti sè/ti frè jenn ti fi oswa jenn ti gason ki vin konsilte a) epitou ak yon travayè/z ki la pou okipe timoun, lè jenn ti fi a oswa jenn ti gason an antre nan sal konsiltasyon an.
- ◊ Pou sant sa yo ka reyisi nan travay y ap fè a – ki pase pran ni bezwen yon moun genyen akòz laj li, ni diferans ki chita sou koze « genre » yo – li enpòtan pou gwo palto nan kominate a konprann kijan travay sa a ap itil tout moun.

### Reyakson teren

« Patisipan yo te lonje dwèt sou tout pwoblèm jenn ti fi/jenn ti gason rankontre chak jou nan sant ki egziste nan peyi a. Nou te brase lide sou pwoblèm sa yo epi nou te mete yo tout sou yon lis. Nan peyi isit, majorite moun k ap travay nan domèn sa a pa tèlman gen bon jan ; se poutèt sa, pa gen okenn rezon pou moun sezi, lè yo wè longè lis la. »  
(Peyi Malawi)

## Lòt fason nou ka devlope aktivite a

- ◊ Mande patisipan yo pou yo voye je gade enstitisyon sante ki nan lokalite a ki gen yon sèvis SSR, pou yo di ki kote l gen pwen fò, ki kote l gen pwen fèb.
- ◊ Mande yo pou yo detaye tout sa k ta ka pase, si se jenn ti fi/jenn ti gason ki t ap dirije sant sa a. Ki kote k ta p gen chanjman epi ki avantaj ak dezavantaj sa ta p genyen ?
- ◊ Finalman mande yo pou yo imagine kijan sant sa a ta ka vin anfòm nèt, si yo ta ajoute sou tout pwen fò li gen deja yo avantaj li ta p jwenn nan patisipasyon jenn ti fi/jenn ti gason.

## Rezime tout aktivite yo (8-13) pou animatè/z yo (fich nimewo 17)

- ◊ Chak ti gwoup yo ap prezante rezulta travay yo devan tout lòt patisipan yo ; chak ti gwoup ap gen 15 minit pou yo fè prezantasyon sa a, epi pou yo koutte ti kòmantè tou kout sou pwen enpòtan ki parèt nan travay la.
- ◊ Esplike patisipan yo li enpòtan pou yo antre kesyon SSR yo youn nan lòt, olye yo fèmen yo chak nan yon bwat, paske anpil fwa, menm reyalite ak menm sitiyasyon malèpandye ki lakòz VIH ka lakòz gwo sès malè tou.
- ◊ Fè yo konprann byen ki kalte enpòtans sa genyen, lè jenn ti fi/jenn ti gason devlope kapasite yo genyen pou yo dekòtike yon pwoblèm epi fouye zo nan kalalou pou yo konprann tout bagay ; se sa k ap ba yo zam pou yo ka fè fas kare ak tout danje ki ka menase SSR yo ; konsa, y ap ka jwi lavi yo san pwoblèm nan aktivite seksyèl ki pa depaman ak lasante.
- ◊ Esplike yo kijan, lè jenn ti fi/jenn ti gason konn tout dwa yo genyen nan domèn SSR, y ap gen plis posiblite pou yo jwenn ni fòmasyon, ni klinik SSR ki fèt pou satisfè bezwen yo.
- ◊ Di yo nou espere fason atelye a te fèt la te bay bon rezulta. Fè yo sonje nou te kòmanse gade lide sèks ak lide « genre », answit nou te wè ki wòl lide sa yo jwe chak jou nan lavi nou. Apre sa, nou te fouye zo nan kalalou, pou n chèche wè kijan lide sa yo soti nan yon jenerasyon pou y al nan yon lòt, kisa zòt te aprann moun sou kesyon sa yo. Pou n fini, nou te sèvi ak lide « sèks » ak lide « genre », pou n te dekòtike pwoblèm SSR, pandan n t ap gade tou ki solisyon n ta ka jwenn pou pwoblèm sa yo.
- ◊ Nan moman sa a, li ka bon pou n mande patisipan yo kèk konsèy k ap itil anpil pou swivi atelye a. Nou ka itilize, pou n fè sa, bristòl ki make : « Kat pou n rebat » la (gade nan paj 11).

*Nan peyi Malezi, lè edikatè yo te fin patisipe nan atelye pilòt espesyal ki te fèt pou yo a, laprèz nan peyi sa a te fè gwo repòtaj sou sa*

## Konklizyon ak evalyasyon

- ◊ Remèt chak patisipan yon kesyonè pou yo ka ba atelye a nòt yo wè l merite a ;  
mande yo pou yo ranpli kesyonè a, anvan yo ale. (Granmoun yo ak edikatè  
yo gen pou yo ranpli tou 2 kesyonè ki vini ak metòd la ; Jenn ti fi yo ak jenn ti  
gason yo ap ranpli sèl kesyonè sou aktivite yo). Dèke yo fin remèt nou kesyonè  
a byen ranpli, ba yo yon kopi metòd fòmasyon an oubyen yon kopi gid sipò a.  
Mande chak patisipan pou l fè n jwenn kòmantè pa l sou itilite atelye a.

- ◊ Pa bliye di yo mèsi anpil pou patisipasyon yo nan atelye a !

### Kesyonè evalyasyon pou ni jenn ti fi/jenn ti gason, ni granmoun

dat \_\_\_\_\_

Jounen jodi a, ki nòt ou wè chak aktivite ki te nan atelye a merite? Mete yon X pou w montre nòt w ap bay la.

Aktivite	Trè byen	byen	pasab	Ase mal owsa mal
Sèks ak « genre », ki sans mo sa yo genyen				
Lè m te piti				
Se « genre », se pa sèks				
Krik ? Krak ! “G”, “S” oswa “G” + “S”				
Pawòl sou sèks				
Konesans sou koze sèks				
Refleksyon sou imaj nou jwenn nan reklam				
Kisa yo rele vyolans				
Eksperyans vyolans				
Istwa sou diferan etap nan lavi a				
Ti jwèt teyat : poukisa ?				
« Pye » pwoblèm lan				
Mòd klinik SSR kote jèn yo ka santi yo alèz				

Daprè ou, ki aktivite ki merite plis bravo ?

Daprè ou, ki aktivite ki merite mwens bravo ?

Jounen jodi a, ki nòt ou wè atelye a merite antou :

Trè byen

Byen

Pasab

Ase mal owsa Mal

Ki pase men ou ta konseye yo fè nan materyèl yo devlope nan atelye a, pou l ka vin pi bon ?

Ki lòt kalte gid sipò ou ta renmen jwenn, anplis sa w resevwa yo ?

Ki lòt kòmantè w ta renmen fè ?

## Devwa pou lakay

Tande : Lè n di devwa pou lakay, sa pa vle di patisipan yo pral sètoblije chita griji devan yon fèy papye, pou yo ka pote ban nou kòmantè oswa repons pou kesyon ki te parèt nan aktivite yo. Objektif devwa pou lakay yo se ankouraje chak patisipan kontinye reflechi sou konesans li ranmase ak dekouvèt li fè pandan dewoulman yon sesyon. Nan sesyon k ap vini an, nou ka toujou mande yo pou yo fè yon ti pale, si yo vle, sou travay yo te fè lakay yo a.

Lè se pandan 2 oswa plizyè jou sesyon yo ap dewoule, nou ka itilize yon ti teknik byen senp, pou n ka konnen ki benefis patisipan yo jwenn nan chak sesyon. Paregzanp, lè sesyon an bout, nou ka mande yo pou yo ekri 2 gwo lide oswa 2 pwen prensipal yo ta renmen sonje oubyen yo ta renmen mete an pratik. Tout lide sa yo, nou gen dwa fè yo antre nan dènye devwa pou lakay la ki se : « Mete sou pye kèk pwogram k ap fè klinik SSR yo vin pi bon ».

### **Prejije sou kesyon « genre » ak sansiblite sou kesyon « genre » nan kilti pèp nou an – yon aktivite swivi k ap kore aktivite 1-3**

- ◊ Mande patisipan yo pou yo chèche, nan sous nou pral jwenn yo, kèk egzant prejije oswa kèk estereyotip « genre » ki chita sou wòl gason dwe jwe ak wòl fanm dwe jwe( estereyotip = koze kredi ki mal pou chanje) :
  - pwovèb ak lòt pawòl paspatou yo konn tande nan peyi a
  - pawòl ki nan chante alamòd yo
  - pawòl sou nòs ak maryaj ki nan chante fòblkò yo
  - atik nan jounal ak revi
- ◊ Mande yo tou pou yo chèche, nan menm sous sa yo, kèk egzant pawòl ki rekonèt fanm ak gason gen menm valè oubyen ki rekonèt fanm tankou gason ka ranpli wòl enpòtan nan sosyete a.
- ◊ Envite patisipan yo reponn kesyon nou pral jwenn yo, pandan y ap reflechi sou egzant yo rive ranmase yo ; y ap gen pou yo prezante tout egzant sa yo devan tout lòt patisipan yo nan sesyon k ap vini an :
  1. Ki lide makawon egzant prejije yo jwenn sou kesyon « genre » yo ap bay jarèt ?
  2. Nan ki fason lide makawon sa yo mete plis malèpandye sou tèt SSR moun ?
  3. Ki bèl lide egzant kote yo jwenn sansiblite sou kesyon « genre » yo ap bay jarèt ?
  4. Nan ki fason bèl lide sa yo ka ede chak moun ansanm ak tout kominate a choute kèk nan malèpandye ki sou tèt SSR moun ?

### **Kisa manman m ak papa m te aprann sou koze sèks ? – yon aktivite swivi k ap kore aktivite 6 la**

- ◊ Konseye patisipan yo (kit se granmoun, kit se jenn ti fi/jenn ti gason) al mande paran yo, grann yo ak granpapa yo, tonton yo ak matant yo, kisa yo te konnen nan koze sèks, lè yo te piti. Men kèk egzant kesyon yo ka poze :
  - Kisa w te konnen nan koze aktivite seksyèl ak rapò madanm ak mouche, lè w te piti ?
  - Lè w te piti, èske gen kèk bagay ou pa t konnen osnon ou pa t konprann nan sa k gen arevwa ak aktivite seksyèl ak rapò madanm ak mouche ?
  - Kisa k ta ka fèt, daprè ou, pou granmoun ak jenn ti fi/jenn ti gason ta ka kominiye pi byen sou koze aktivite seksyèl ak rapò madanm ak mouche ?
- ◊ Envite patisipan yo vin prezante rezulta entèvyou a, epi mande yo si, daprè yo, jounen jodi a, gen kèk chanjman nan fason granmoun ak jenn ti fi/jenn ti gason kominiye sou koze aktivite seksyèl ak rapò madanm ak mouche. Mande yo tou si yo dakò ak pawòl yo rive « rache » nan bouch granmoun yo te al poze kesyon yo.



(yon afich nan peyi nou)

## **Ann fè yon modèl reklam ki konsidere kesyon « genre » – yon aktivite swivi k ap kore aktivite 7 la**

◊ Mande patisipan yo pou yo mete kèk nan konsèy sa yo an pratik :

- Chwazi youn nan imaj nou te egzamine nan aktivite ki te rele „Refleksyon sou imaj nou jwenn nan reklam“ lan, epi reflechi pou n wè ki chanjman n ta ka fè ladan, pou n voye tout move kote l genyen yo al bwa chat (paregzanp, èske n dwe fè yon lòt desen tounéf oubyen èske se kèk pati sèlman n ap chanje).
- Chwazi youn nan imaj ki gen yon fanm oswa yon gason, yon ti gason oswa yon ti fi, epi reflechi pou n wè kijan reklam lan t ap ye si, nan plas fanm lan, nou ta mete yon gason, nan plas gason an, yon fanm, elt... Èske n ta p sètoblije chanje kèk lòt bagay nan imaj la? Poukisa ?
- Fè yon reklam poukout nou, kote n ap montre ti fi k ap fè aktivite ti gason konn fè, oswa ti gason k ap fè aktivite ti fi konn fè (paregzanp, nou ka montre ti fi k ap antre kòm apranti nan yon boutik ebenis, oswa ti gason k ap benyen ti frè yo/ti sè yo.) Esplike ki mòd mesaj k ap fè reklam sa a aji sou sans jenn ti fi ak jenn ti gason.

◊ Envite patisipan yo prezante travay yo fè a, epi mande yo kisa yo ta ka fè, yo menm kòm konsomatè, pou yo ta ankouraje moun k ap fè reklam yo toujou vini ak bon jan reklam ki sansib sou kesyon « genre ».

## **Ann mete sou pye kèk pwogram k ap fè klinik SSR yo vin pi bon – yon aktivite swivi k ap kore aktivite 13 la**

Aktivite sa a ka fèt, si animatè/z yo ap gen pou yo travay yon lòt fwa ankò ak men m patisipan yo.

- ◊ Remèt patisipan yo yon gid sipò k ap ede yo bati yon pwogram ki ka fè klinik SSR ki nan kominate a vin pi bon (gade egzanp ki pi ba a).
- ◊ Ba yo kèk egzanp aktivite yo ka mete nan pwogram yo a (n ap jwenn egzanp yo pi ba a).
- ◊ Envite yo vin prezante pwogram yo fè a nan youn nan sesyon k ap fèt pou fè swivi atelye a, kote y ap envite papa yo, manman yo, pwofesè lekòl ak kèk lidè nan kominate a.

<b>Aktivite</b>	<b>Moun ki reskonsab</b>	<b>Resous ki nesesè</b>	<b>Kantite tan nap bezwen</b>
Ouvri je kominate a sou kesyon vyolans lan	Pwomotè/z jèn yo	Gwoup jèn ; kèk lide pou n ka monte kèk ti pyès teyat	Preparasyon : 1 mwa Prezantasyon : 1 senmenn
Ouvri je manm koral legliz la sou enpòtans komunikasyon ant paran ak pitit	Gwoup jèn nan legliz la ; pè a	Lokal kote reyinyon yo ap fèt ; kèk lide pou n ka monte kèk ti pyès teyat	Preparasyon : 1 mwa Reyinyon (2) : 1 senmenn
Batay pou klinik SSR yo ka ba jenn ti fi/jenn ti gason pi bon akèy	Gwoup jèn; travaye/z nan sant sante a	Lokal kote reyinyon yo ap fèt, pou n reflechi sou chanjman ki nesesè yo ; zouti n ap bezwen pou n fè travay la (materyèl louvri je sou lasante, jwèt, elt.)	Reyinyon yo : 1 mwa Pou chanjman yo fèt: 2 mwa

Katriyèm pati:

## Materyèl sipò

Nou prepare pati sa a pou tout animatè/z ki bezwen plis esplikasyon sou tèm nou itilize nan metòd fòmasyon an. Nou mete ladan tou kèk enfòmasyon andiplis pou gid sipò yo.

Definisyon tèm ki gen rapò ak sèks

Mo **sèks** la fè n sonje reyalite natirèl (fizyolojik) nan kò yon moun ki pèmèt nou di si I se gason oswa si I se fanm :

- Mòd aparèy seksyèl li genyen (kòk, boul gress, chouchoun, matris, tête)
- Mòd òmòn ki pi fò nan kò I (paregzanp, estwojèn, testotewòn)
- Kapasite I pou I bay espèm oswa ovil
- Kapasite I pou I ansent, akouche epi bay tête

**Oryantasyon seksyèl** (pawòl ki esplike pou ki sèks kè yon moun bat ; li esplike tou fason moun lan ye)

<b>Etwoseksyèl</b>	oryantasyon seksyèl gason ki santi se pou fanm sèlman kè I bat ak fanm ki santi se pou gason sèlman kè I ba t
<b>Omoseksyèl</b>	oryantasyon seksyèl moun ki santi kè yo bat sèlman pou moun menm sèks ak yo
<b>Masisi</b>	Gason ki omoseksyèl ; se ak gason parèy yo sèlman yo fè bagay ; yo rele yo tou : pè sis (66), pederas, gason makomè, elatriye...
<b>Lesbyèn</b>	Fanm ki omoseksyèl ; se ak fanm parèy yo sèlman yo fè bagay ; yo rele yo tou : madivinèz, fanm awòm, elatriye...
<b>GSG</b>	Gason ki fè sèks (fè bagay) ak gason parèy yo, san yo pa konsidere tèt yo kòm masisi
<b>Biseksyèl</b>	Oryantasyon moun ki fè bagay ni ak fanm, ni ak gason
<b>Travesti</b>	Gason k ap pran pòz fanm yo (yo mete rad fanm, yo woze zong yo, yo woze bouch yo) ak fanm k ap pran pòz gason yo (yo fè tout bagay tou, pou yo ka sanble ak gason)
<b>Transseksyèl</b>	Gason ki fè tout sa I konnen pou I tounen fanm nèt, poutèt li santi se fanm li te dwe ye, ak fanm ki fè tout sa I konnen pou I tounen gason nèt, poutèt li santi se gason I te dwe ye (pou sa fèt, mesye-dam sa yo konn pran òmòn epi yo gen dwa fè operasyon tou pou wotire oswa mete kòk)
<b>Transgenre</b>	Moun ki sanble ak travesti oswa transseksyèl : san yo pa fè operasyon, yo gen dwa abiye yon fason oswa pran òmòn, pou yo ka sanble ak moun ki pa menm sèks ak yo. Gen moun ki sèvi ak non sa a tou pou ni travesti, ni transseksyèl.

**Kontak seksyèl san pwoteksyon** se yon aktivite seksyèl kote kòk gason an antre nan chouchoun fanm lan, san mesye dam yo pa sèvi ak okenn metòd, tankou kapòt, mikwobisisid (krèm oswa likid ki touye mikwòb) espèmisid

(krèm, likid oswa gress ki touye jèm gason) ak lòt metòd planin ki ta ka pwoteje yo kont gwochè malè ak VIH/EST.

**Kontak seksyèl san sekirite** se tout aktivite seksyèl ki ba VIH/EST plis jwen pou fofile kò yo antre nan kò moun (an jeneral, se tout kontak seksyèl san kapòt).

**Gwochè san preparasyon** se tout gwochè yon fanm pran, san I pa t prepare anyen pou sa ; kapasite yon fanm genyen, pou I chwazi kilè epi nan ki kondisyon I ap fè ptit, makònèn ak nivo fòmasyon I genyen, preparasyon ak pwojè nan lavi a.

**Gwochè malè** se lè fanm ansent lan pa vle kenbe ptit la ; yon fanm gen dwa pa vle kenbe yon ptit, akòz kalite rapò li genyen ak moun ki ansent li an, akòz relasyon I genyen ak lantouray li, akòz kantite ptit li genyen deja, oubyen tou poutèt fason I rive pran gwochè la (paregzanp, se ka pètèt rezulta yon zak kadejak, yon ensès oswa yon lòt fòm maspinay) ; li ka pa vle kenbe ptit la tou, akòz prensip moral ki, daprè li, nesesè pou levasyon timoun li gen deja yo.

**Avòtman nan move kondisyon** se tout teknik ki mete pwen final nan yon gwochè malè, lè moun k ap fè operasyon an pa gen okenn konpetans pou sa oswa lè yo pase anba pye tout règleman ki endispansab nan zafè lasante, tankou tou lè sa ap fèt nan kondisyon ki depaman ak tout prensip ijyèn.

**Maladi ak Enfeksyon seksyèlman transmisib (EST)** se tout enfeksyon ki se rezulta bakteri ak virus moun pran nan kontak seksyèl. Depi nan lane 1998, OMS mande pou n di pito enfeksyon seksyèlman transmisib (EST), olye n di maladi seksyèlman transmisib (MST). Mo maladi a pa bon, paske I vag sou enfeksyon yon moun ka trape san I pa devlope okenn sentòm, tankou parezanp trikomonas pou gason yo ak lòt EST medam yo konn trape san yo pa devlope okenn sentòm.

### **Definisyon tèm ki gen rapò ak koze « genre »**

**Mo « genre » lan** fè n sonje lide anpil anpil moun gen sou fanm ak gason ak egzijans yo kwè fanm ak gason – yo chak, bò pa yo – dwe respekte. Ladan yo, gen lide sou mak fabrik fanm ak mak fabrik gason, ladrès ki fèt pou fanm « menm » ak ladrès ki fèt pou gason « menm ». Gen tou egzijans pifò moun fè fanm ak gason sou konpòtman yo chak dwe genyen nan divès sitiyasyon. Lide ak egzijans sa yo, nou pran yo nan fanmi nou, nan men zanmi nou, anba bouch moun k ap pran lapawòl toutlasent jounen, nan legliz ak enstitisyon k ap travay nan domèn lakilti, nan lekòl, nan travay, nan fè reklam, nan laprès. Lide sa yo aji sou nou epi yo parèt aklè tou nan diferan wòl fanm ak gason ap ranpli, pozisyon sosyal fanm ak gason genyen, kantite pouvwa lajan ak pouvwa politik fanm ak gason ka genyen nan sosyete a.

### **Definisyon nou jwenn nan diksyonè pou mo sèks ak mo « genre »**

Definisyon sa yo, pou n bay yo, se sèl si, pandan premye aktivite a ap dewoule, patisipan yo mande n ki definisyon diksyonè yo bay pou mo sèks ak mo « genre ». Li enpòtan pou n fè tout moun konnen definisyon n ap itilize nan atelye sa a se definisyon n bay deja yo.

### **Le Petit Robert**

**Sexe :**

**Genre :**

## Le Petit Larousse illustré

**Sexe :**

**Genre :**

**Estereotip ki chita sou wòl fanm/wòl gason (wòl « genre » yo)** (nan lang angle: “gender-role stereotyping”) se tout vye koze kredi ki tèlman pran rasin nan zo bwa tèt nou, anpil nan nou pa janm poze tèt yo kesyon sou sa. Estereotip yo kole ak diferan aktivite gason konn fè, diferan wòl fanm konn ranpli, paske yo grandi nan yon sosyete ki vle se konsa pou yo chak mennen bak yo. Anpil fwa, nou konn tande zòt di : tèl aktivite se « travay fanm », tèl lòt aktivite se « travay gason ». Paregzanp, nan lespri nou (se konsa l ye nan medya yo tou), fanm ka enfimyè, mètrès kay k ap okipe gason ak timoun, sekretè, bòn, lesivyèz, alòske gason, li menm, li ka doktè, chèf kay, direktè..., tout mesye k ap touche gwo lajan yo epi ki, toutan, ap fè nouvèl (jounal yo nan men yo, y ap li). Men jounen jodi a, pòtre fanm ak gason sa yo, ki te byen chita nan tèt nou, kòmanse ap chanje, se sa k montre n kijan estereotip yo ka chanje byen pwòp.

**Prejje sou kesyon « genre »** (nan lang angle : gender bias) se tout paspouki ki chita sou diferans ki egziste ant fanm ak gason ; sa vle di : yon bann vye sipozisyon ak kwayans malpalan ki pa kanpe sou anyen, epitou ki gen move konsekans sou sante fizik ak sante mantal fanm ak gason. An jeneral, se sou fanm plis yo aji ; yo konn parèt aklè nan pawòl moun ki okipe gwo pozisyon nan leta. Men kèk egzanp :

- ◊ « 'Gason se boul lò, fanm se moso twal'. Pawòl sa a parèt kòm tit... yon rapò yo te ekri nan peyi Kanbòdj sou konpòtman seksyèl ak pwoblèm VIH. Li vle di : fanm tankou yon moso twal blan; li tache trapde nan kontak seksyèl. Nan pawòl sa a, nou wè ak ki violans y ap eseye pase karaktè fanm anba pye, paske tach y ap pale a se yon tach rendong ki mal pou soti ; gason li menm, ki se boul lò, li mèt al nan kontak seksyèl san pran souf, l ap toujou rete byen klere, byen pwòp. » [12]
- ◊ « Fanm dwe mete *purdah* sou yo (*purdah* se yon wòb ki kouvri tout kò yon moun, soti nan tèt, rive nan pye). Konsa, yo pa p eksite gason ki, alaverite, se ti jezi..., paske, lè je yon gason tonbe sou kò yon fanm, li gen dwa tounen kadejakè, san l pa vle. Si medam yo pa vle sibi kadejak, se pou yo pran prekosyon yo, olye yo plede akize gason. » – diskou yon depite peyi Malezi, pandan yon deba lachanm sou refòm ki dwe fèt nan lwa sou kadejak yo[13]
- ◊ « Ti fi a te 'an chalè' » – deklarasyon yon jij peyi Kanada, pandan l t ap lage yon malandren yo te mete nan prizon, poutèt li te fè atak seksyèl sou yon timoun 3 zan, nan lane 1991[13]
- ◊ « Yon gason pa p janm frape madanm li san rezon; kanmèm, manmèzè te fè yon bagay ki merite baton. » – pawòl yon sitwayen peyi Nikaragua ki se jij nan kasasyon, pandan yon chita tande ki t ap fèt an publik, nan lane 1996[14]
- ◊ « Bat fanm se koutim peyi isit ; tout moun fèmen je sou sa... se tan n n ap pèdi, lè n ap plede fè pawòl anpil sou kesyon sa a. » – deklarasyon yon depite peyi Papwazi Nouvèl Gine pandan yon deba lachanm sou yolans andedan kay[13]
- ◊ « Fòk Pwofesi yo akonpli. Yolans sou fanm se yon siy ki montre kontra latè prêt pou l fini ; nou pa ka fè anyen kont sa. » pawòl yon pastè peyi Kenya ki te chita sou 2 Timote 3, vèsè 1-5, pou l di charabya l yo.[15]
- ◊ « ... depi w poze fanm lan dezoutwa kesyon sou lavi (seksyèl) li, w ap wè si se li ki antò, paske nan piò ka yo, se fanm lan ki fè gason an poze lapat sou li » – deklarasyon yon sibstiti komisè gouvènman nan vil Meksiko [16]
- ◊ « Èske w ti fi ? Si w pa vyèj, poukisa w bezwen vin pote plent? 'Sa k fèt la' se yon bagay nòmal. » – repons yon fanm te jwenn anba bouch yon sibstiti komisè gouvènman nan peyi

Pewou, lè I te al pote plent pou kèk polisyé malpouwont ki te fè kadejak sou li, apre yo te fin arete I [13]

- ◊ « Pase pou m ta papa yon masisi, m ta prefere gen yon ti bèf kòm pitit. Yon bèf ka bay lèt, men sa yon masisi ka itil ou ? – pawòl yon sitwayen peyi Kenya ki gen 30 lane [17]
- ◊ «[ Si m te nan peyi Dubay], m pa ta p janm pase tout mizè sa a ; lè m ap mache nan lari, timoun pa ta p plede rele m *msenge* [sa vle di : masisi, pèsis, nan lang swayili] » – pawòl yon jennomm nan peyi Kenya ki gen 30 lane [17]

**Inegalite (fòs kote) ki chita sou késyon « genre »** se tout sitiyasyon kote yo anpeche fanm jwi menm dwa ak gason pou yo jwenn enfòmasyon, pou yo pran desizyon yo vle pran, pou yo posede byen nan kay ak byen nan kominate a (teren, lajan, pwovizyon) ; zafè 2 pwa 2 mezi sa a malmennen medam yo, yon lòt bò, nan kalite sèvis sosyal ak laswenyay y ap resevwa oswa tou, lè zòt refize pran ka yo, poutèt yo se fanm. Men kèk egzanz nan sa k gen arevwa ak SSR :

- ◊ « Pafwa manmzèl konn pa vle, men alafendèfen, li toujou bat ba. Lè konsa, sèl sa m gen pou m fè, se kenbe la kin, ba l presyon, jiskaske l dakò. » – pawòl yon sitwayen peyi Meksik [17]
- ◊ « Se devan lalwa m marye ak madanm mwen ; si, malgre l pa vle, m fòse l kouche avè m, nou pa ka rele sa kadejak. Fanm la, pou l itil gason ; li dwe fè tout sa gason vle, pwen final ! » – deklarasyon yon sitwayen peyi Tanzani ki gen 47 lane [17]
- ◊ « Si yon fanm pa ak règ l epi l pa malad, li pa gen okenn dwa pou l refize koupe, paske nou marye pou n fè pitit e se konsa pitit fèt. Nou pa marye ak medam yo, pou yo rete nan kwizin tout lasent jounen. Alòs, kouman m fè pa gen dwa frape l la, si l pa vle kouche avè m ? Ma p bat li menm ! » – pawòl yon mouche k ap pran lapawòl toutan (yon lidè opinyon) nan peyi Gana [18]
- ◊ « Kèlkeswa ki kalite moun yon fanm ye, kèlkeswa jan l bati, kabès li piti anpil. Pou yon fanm fè planin, fòk mari l la, ap siveye. Pa gen lòt solisyon! » – pawòl ki soti nan bouch yon lepè k ap viv nan peyi Gana [18]
- ◊ « Kapòt fanm ap fè jenn fanm ak manman pitit k ap viv san mari yo vin pi epav. Bagay sa a pi mal pase kapòt gason: li ba medam yo plis mwaven pou yo 'penyen lage'. Nou pral preche san pran souf kont afè kapòt fanm lan... » – yon monpè ki se kire yon pawas nan peyi Kenya [19]
- ◊ « M di mari m li ta pi bon, dapre sa doktè a te di m, si l ta sèvi ak kapòt. Doktè a te menm fè m kado dezoutwa pou lakay. Mouche a te mande anraje ; li di m konsa: ki moun ki te ba w pèmisyon vini ak salopri kapòt sa yo isit la ? » – yon dam nan peyi Kenya [20]
- ◊ « Vwazen an t ap mache pran fanm douvan je tout moun, men gen kèk zanmi ki te di madanm lan, tanpri, pa fè bri ak sa. Sa pa gen lontan, manmzèl te pran kouray li ak 2 men, li besè byen ba pou l di nonm lan pwoteje tèt li pou l pa pran VIH. Gran mèsi chen se kout baton : li te resevwa yon bèl rakle kòm rekompans pou konsèy sa a. Malveyan an te tèlman bat li, manmzèl tou pèdi je dwat li. » – yon fonksyonè leta nan Darèsalam, peyi Tanzani [17]
- ◊ « M te aprann Antonyo konn al nan kontak ak lòt fi, men misye te di m li toujou mete pwotèj, lè l avè yo. Lòt jou, se premye fwa m te pran chans mande l mete kapòt, lè l te vle kouche avè m. Pito m pa t di sa ! Malgre m te ansent gwo vant, malveyan an pa t pè toupizi m ak kou. » – yon fanm nan vil Meksiko [17]
- ◊ « Nan òganizasyon nou an, nou ba medam yo enfòmasyon sou tout métòd planin ki egziste [nan peyi Nikaragua], san n pa bliye métòd natirèl yo... M kwè jounen jodi a, se gress ak piki 3 mwa k ap mennen, alòske anvan se te ligati. Anpil fanm prefere pran piki a, paske li pi fasil pou yo fè sa, san mari yo pa konnen. Li nesesè pou yo fè sa anba chal, paske reliyion katolik ak konpòtman towo gwonde gason genyen (matchis) kontinye jwe gwo wòl nan rapò fanm ak gason. » – Direktè yon ONG nan peyi Nikaragua ki rele IEC [21]
- ◊ « Lè sa a, m t ap akouche premye pitit mwen. M pa t janm konnen si yon kreyen vivan te ka soufri nan eta sa a. M te mande si pa t gen anyen yo te ka fè pou ban m yon souf ak doulè a, men pase m te kite pawòl sa a soti nan bouch mwen, pito m te mòde lang mwen 3 fwa. Jinekològ la te gade m byen move epi l di : 'Madanm, pou pifò manman, se ti bebe a k pase anvan !' » [22]

**Sansiblite sou késyon « genre »** se kapasite yon moun genyen pou l'rekonèt kijan baryè lasosyete mete nan mitan wòl fanm ak wòl gason, prejje ak inegalite (fòs kote) ki chita sou késyon « genre », ka gen move enflyans ak move konsekans sou lavi moun ; nou wè sa chak jou nan eksperyans moun ap fè, nan sante seksyèl ak sante repwodiksyon, nan pwogram ak pwojè yo mete sou pye pou fanm, gason, ti gason ak ti fi ka jwenn yon lavi miyò.

**Vyolans sou fanm se :** « Tout zak vyolans yon moun sibi, poutèt se fanm li ye; rezulta yon zak konsa gen dwa se yon gwo zòbòy oswa yon gwo doulè nan kadav kò, yon gwo zòbòy oswa yon gwo doulè nan domèn seksyèl oubyen sikolojik ; yo fè vyolans sou yon fanm tou, lè yo fòse I fè sa I pa vle, lè yo wotire dwa grammoun li nan men I, kit yo fè sa devan je tout moun, kit yo fè sa san moun pa wè ». (*Deklarasyon pou Eliminasyon Vyolans sou Fanm Asanble Jeneral Nasyonzini te adopte nan lane 1993*)

Atik 113 nan *Platfòm pou Aksyon* medam yo te adopte nan Katriyèm Konferans Mondyal Fanm (Beijing) [Peken], 1995 deklare karebare vyolans sou fanm gen ladan tout sa n pral di la yo, men se pa sa sèlman :

- vyolans fizik, seksyèl ak sikolojik ki fèt andedan yon fanmi, ladan yo : kou, maspinay seksyèl sou ti fi andedan kay la ; vyolans pou késyon dòt (nan sèten peyi, lajan oswa byen fanmi dwe ba gason k ap marye ak pitit yo) ; kadejak mouche fè sou madanm ; eksizyon (mechanste yo fè ti fi, lè yo koupe klitoris yo) ak lòt vye koutim ki fè fanm mal ; tout zak vyolans ki fèt sou moun nan kay la, menm si se pa mouche a ki fè I sou madanm lan ak tout lòt fòm vyolans ki makònèn ak eksplwatasyon ; tout bagay sa yo rele « vyolans domestik », sètadi vyolans andedan yon fanmi.
- Vyolans fizik, seksyèl ak sikolojik ki fèt nan kominate a an jeneral, ladan yo : kadejak, maspinay seksyèl ak tizonnay plis zak entimidasyon fanm sibi nan travay yo, nan enstitisyon kote moun al meble lespri yo ak nepòt lòt kote ; komès fanm ak biznis kote yo fè fanm tounen machandiz
- Vyolans fizik, seksyèl ak sikolojik leta fè oswa tolere, kèlkeswa kote sa rive a.

### **Definisyon tèm ki gen rapò ak sante seksyèl ak sante repwodiksyon (SSR)**

**Sante repwodiksyon:** "Menmsi yon moun pa malad epi I pa p soufri, nou pa ko ka di I gen sante reprodiksyon; pou yon moun gen sante repwodiksyon, fòk: nan tout sa ki gen arevwa ak sistèm repwodiksyon an, ak fason sistèm sa ap fonksyone epi travay kòm sa dwa pou I bay rannman, moun lan anfòm nèt nan tout kò I, nan lespri I ak nan fason I ap viv andedan sosyete a. Kidonk, sante repwodiksyon an ranmase kapasite yon moun genyen pou I jwi lavi I nòmalman nan bon jan aktivite seksyèl san danje, ansanm ak kapasite I genyen tou pou I fè pitit; sante repwodiksyon gen rapò tou ak libète yon moun genyen pou I chwazi si I vle ak si I pa vle al nan kontak seksyèl, kilè I ap fè sa epi ak ki rapidite (chak konbyen tan). Dènye pawòl sa a montre kijan gason ak fanm gen dwa pou yo jwenn enfòmasyon epi òganize fanmi yo jan yo vle , dwa tou pou yo chwazi kijan y ap kontwole pouvwa fè pitit yo, depi lalwa pa gen pwoblèm ak metòd yo vle itilize a; yo gen dwa tou pou yo jwenn san okenn pwoblèm metòd planin san danje, ki bay bon rannman, ki pa twò chè epi ki ka bon pou tout moun; lòt dwa yo genyen ankò, se dwa pou yo jwenn swen sante kòrèk pou ni gwosè, ni akouchman, pase san pwoblèm, epitou pou madanm ak mouche ka gen tout kalte chans posib pou yo mete sou tè a timoun ki an sante. Kòm laswenyay nan domèn sante repwodiksyon dwe tonbe daplon ak definisyon sante repwodiksyon, nou ka di: laswenyay nan domèn sante repwodiksyon se tout metòd, teknik ak swen ki ka ede yon moun jwenn lasante ak byennèt nan domèn repwodiksyon, akòz itilite metòd, teknik ak swen sa yo nan prevansyon ak tretman tout pwoblèm ki gen arevwa ak sante repwodiksyon. Laswenyay nan domèn sante repwodiksyon voye je tou sou sante seksyèl ki pa vini sèlman ak konsèy plis swen sante nan domèn repwodiksyon ak nan domèn maladi seksyèlman transmisib, men tou ki pèmèt

yon moun fè pwogrè nan lavi a ak rapò entim li ak lòt moun." (*Pwogram pou Aksyon ki te soti nan okazyon CIPD* , paragrap 7.2 ; Konferans Entènasyonal sou Popilasyon ak Developman, Lekè, kapital peyi Ejip, 1994)

**Dwa repwodiksyon** "rasanble kèk nan dwa moun ki parèt aklè nan konstitisyon pifò peyi sou latè, nan kèk dokiman entènasyonal sou dwa moun ak kèk lòt dokiman tout peyi ki manm Nasyonzini te antann yo pou yo siyen. Dwa sa yo gen kòm baz dwa nimewo 1 fanm ak gason k ap viv ansanm genyen menm jan ak tout lòt moun an jeneral, yon bò, pou yo deside lib e libè ki kantite pitit y ap pran reskonsablite fè ansanm ak ki kantite tan y ap tann, apre chak akouchman, anvan yo fè lòt pitit, yon lòt bò, pou yo jwenn enfòmasyon ak mwayen pou sa, epitou pou yo jwenn yon nivo sante seksyèl ak sante repwodiksyon wololoy. Nan dwa repwodiksyon yo, gen tou dwa pou moun pran desizyon yo vle nan domèn repwodiksyon, san yo pa sibi okenn diskriminasyon, presyon oswa vyolans, menm jan sa ekri nan dokiman sou dwa moun yo. Pandan y ap jwi dwa sa yo, madam ak mouche ansanm ak tout lòt moun an jeneral pa gen okenn dwa pou yo vag ni sou nesesite timoun yo – kit se sa k fèt deja, kit se sa ki nan wout toujou – , ni sou devwa yo nan kominate a. Respè pou dwa sa yo – ki se dwa tout moun alawonnbadè- dwe sèvi kòm fondasyon pou tout politik ak pwogram leta ansanm ak tout politik ak pwogram kominotè nan domèn sante repwodiksyon; ladan yo:pwogram planin yo tou. Angajman sa a mande tou pou n travay san pran souf pou gason ak fanm gen bon jan rapò kote youn respekte lòt, kote youn ak lòt egal ego, epi, espesyalman, pou jenn ti fi/jenn ti gason jwenn kit se mwayen pou yo meble lespri yo, kit se lòt sèvis k ap pèmèt yo pran reskonsablite yo pou yo jwi lavi seksyèl yo yon fason ki kòrèk." (*Pwogram pou Aksyon ki te soti nan okazyon CIPD* , paragrap 7.3 ; Konferans Entènasyonal sou Popilasyon ak Developman, Lekè, kapital peyi Ejip, 1994)

**Dwa seksyèl** gen ladan yo "dwa moun genyen pou yo mete kontwòl epi pran desizyon lib e libè, san yo pa jwe ak reskonsablite yo, sou tout sa k konsène aktivite seksyèl , kidonk, sou tout sa konsène sante seksyèl ak sante repwodiksyon tou ; fòk sa fèt san presyon, san diskriminasyon, san vyolans. Pou moun jwi dwa seksyèl yo kòm sa dwa, fòk rapò ant gason ak fanm pa chita sou okenn paspouki, kit se nan kontak seksyèl, kit se nan domèn repwodiksyon, kidonk, fòk gen respè total kapital pou tout sa ki nan kò ak lespri chak moun ; sa vle di: fòk gen respè youn pou lòt, fòk chak moun bay dizon I, epi, nan konpòtman seksyèl ak konsekans konpòtman sa yo, fòk gen pataj reskonsablite". (Platfòm pou Aksyon, paragrap 96, Katriyèm Konferans Mondyal Fam, Beijing [Peken], Lachin, 1995)

### **Dwa seksyèl ak dwa repwodiksyon**

Federasyon Entènasyonal pou Planin Familyal (IPPF) te pibliye yon dokiman sou dwa seksyèl ak dwa repwodiksyon, yon dokiman ki te fèt dapre sa ki ekri nan plizyè desizyon ak akò entènasyonal [23]. N ap site tout dwa sa yo ansanm ak kèk esplikasyon k ap montre sa yo vle di:

- ◊ **Dwa pou moun jwenn Pwoteksyon pou Lavi yo**, sa vle di: lavi okenn fanm pa dwe menase akòz gwosès oswa avòtman nan move kondisyon
- ◊ **Dwa pou moun gen Libète ak Sekirite**, sa vle di: okenn moun pa gen dwa rachonnen pati entim fanm, fòse fanm fè pitit, annile pouvwa fanm genyen pou l fè pitit (esterilizasyon) oswa fòse fanm jete pitit
- ◊ **Dwa pou moun jwenn Pwoteksyon kont Kraze Zo ak Maspinay**, sa vle di: fòk tout gason, tout fanm, tout jenn ti fi ak jenn ti gason jwenn pwoteksyon kont vyolans, eksplwatasyon ak move tretman
- ◊ **Dwa pou moun jwenn Enfòmasyon ak Fòmasyon**, sa vle di: tout moun, fanm kou gason, dwe jwenn enfòmasyon sou sante seksyèl ak sante repwodiksyon ; ladan yo : enfòmasyon total kapital sou avantaj, danje ak rannman tout métòd planin, pou yo ka pran desizyon y ap pran yo lib a libè, sou baz enfòmasyon konplè yo gen nan men yo ak konesans yo rive ranmase

- ◊ **Dwa pou moun gen Libète pou yo Panse**, sa vle di : dwa pou tout moun vag sou tout vye esplikasyon “sentre-bas” sou pawòl Labib ak lót liv legliz, tout vye kwayans, tout vye filozofi ak vye koutim zòt itilize pou anpeche yo panse lib e libè sou fason yo dwe pwoteje sante seksyèl yo, sante repwodiksyon yo, e latriye...
- ◊ **Dwa pou moun jwenn Pwoteksyon kont tout Fòm Diskriminasyon**, pou yo ka santi yo Lib epi Egal ak tout lót moun, sa vle di: nan domèn seksyèl ak domèn repwodiksyon, tout moun dwe gen:
  - Dwa pou yo chwazi si y ap gen aktivite seksyèl oswa si y ap vag sou bagay konsa; kidonk, pa ka gen kontak seksyèl, si se pa tou 2 moun yo ki bay dizon yo pou sa
  - Dwa pou yo fè eksperyans epi viv chwa seksyèl yo tèt kale, san yo pa sibi okenn vyolans, diskriminasyon ak presyon , depi rapò y ap devlope yo se rapò ki chita sou egalite, respè ak jistis
  - Dwa pou y al nan kontak seksyèl ak moun yo vle, san yo pa sibi okenn diskriminasyon pou sa
  - Dwa pou yo separe eksperyans seksyèl y ap fè ak kesyon fè pitit (repwodiksyon)
  - Dwa pou yo pa neglige egzije anpil sekirite (pou yo ka pwoteje tèt yo kont VIH/ EST) ak anpil pwoteksyon (pou yo ka pwoteje tèt yo kont gwochè malè), chak fwa yo pral nan kontak seksyèl
- ◊ **Dwa pou moun jwenn Pwoteksyon pou Lavi Prive yo**, sa vle di: nan sant k ap bay laswenyay ak lót sèvis nan domèn sante seksyèl ak sante repwodiksyon, règ jwèt la se: “je wè, bouch pe”, epitou nan zafè repwodiksyon, chak moun, fanm kou gason, gen dwa fè pwòp chwa pa l, san pesonn pa foure bouch nan sa
- ◊ **Dwa pou moun Deside si y ap marye oswa si yo pa p marye, anvan yo òganize yo pou yo kontwi yon fanmi, si sa enterese yo**
- ◊ **Dwa pou moun Deside si y ap fè oswa si yo pa p fè pitit, epi kilè y ap fè yo**
- ◊ **Dwa pou moun jwenn Laswenyay ak Pwoteksyon pou Sante yo**, sa vle di : tout moun ki pral nan sant k ap bay laswenyay ak lót sèvis nan domèn sante seksyèl ak sante repwodiksyon gen dwa pou yo jwenn kalite swen ki bon yo ; pesonn pa gen dwa fòse yo swiv okenn vye tretman ansyen tan ki ka deranje yo
- ◊ **Dwa pou tout moun jwenn Avantaj pa yo nan Pwogrè Lasyans**, sa vle di : tout moun ki pral nan sant k ap bay laswenyay ak lót sèvis nan domèn sante seksyèl ak sante repwodiksyon gen dwa pou yo jwenn yon ti lòsyè nan teknoloji tounèf ki egziste, jounen jodi a, nan domèn sante repwodiksyon, depi teknoloji sa yo pa gen danje, depi yo bay bon rannman, depi tout moun ka aksepte yo.
- ◊ **Dwa pou moun Reyini epi Patrisipe nan Aktivite Politik Lib e Libè**, sa vle di : tout moun gen dwa batay pou chak kominate ak chak gouvènman ka rezève yon bon plas nan pwogram yo pou sante seksyèl, sante repwodiksyon, dwa seksyèl ak dwa repwodiksyon

**Dwa jenn ti fi/jenn ti gason genyen nan domèn sante seksyèl ak sante repwodiksyon :** dwa sa yo, yo rekonèt yo nan paragrap 107e ak 107 g ki nan Platfòm pou Aksyon Katriyèm Konferans Mondyal Fanm lan, Beijing (Peken), Lachin, 1995, kote gouvènman ak ONG te reyini pou yo :

- ◊ « 107e : Prepare epi simaye, nan yon seri kanpay louvri je sou lasante, nan laprès, nan bon jan enstitisyon k ap bay konsèy ak nan sistèm lekòl la, enfòmasyon klè k ap ede fanm ak gason, sitou jenn ti fi ak jenn ti gason, ranmase konesans sou lasante, espesyalman enfòmasyon sou aktivite seksyèl ak zafè repwodiksyon ; fòk enfòmasyon sa yo di tou : timoun gen dwa pou yo jwenn enfòmasyon, fòk tout moun respekte lavi prive yo ak aktivite pèsònèl yo, fòk tout moun toujou mande yo konsantman yo nan tout sa k ap fèt pou yo, fòk finalman tout moun respekte yo kòm moun ; fòk enfòmasyon sa yo di ki dwa, devwa ak reskonsablitè paran oswa lót moun, lalwa pèmèt fè levasyon timoun, genyen, pou yo trase wout pou timoun y ap okipe yo ka jwi, firanmezi y ap grandi, tout dwa yo genyen dapre sa Konvansyon sou dwa timoun yo di ; sa dwe tonbe daplon tou ak Konvansyon sou eliminasyon tout diskriminasyon kont fanm lan. Nan tout desizyon ki ka gen konsekans sou timoun, premye bagay ki pou devan, se byennèt timoun lan menm ;
- ◊ 107 g : Rekonèt tout bezwen espesyal jenn ti/jenn ti gason genyen epi mete sou pye pwogram kòrèk, paregzanp, nan domèn fòmasyon ak enfòmasyon sou kesyon sante

seksyèl ak sante repwodiksyon ak tou sou maladi moun ka pran nan kontak seksyèl ; fòk pwogram sa yo tonble daplon, kit se ak dwa timoun yo, kit se ak dwa, devwa ak reskonsabilite paran yo genyen, dapre sa paragrap 107 e a di »

### **Enfòmasyon sou vyolans**

Se toutan jenn fanm ak jenn gason ka gen pou yo kontre sou wout yo ak divès fòm vyolans [24] tankou:

- ◊ maspinay sikolojik ki conn vin sou fòm : jouman, imilyasyon, entimidasyon, ‘pèsekisyón’ (yon mo yo itilize anpil nan peyi Azi yo, lè y ap esplike kijan jenn ti fi conn sibi tizonnay pandan y ap mache nan lari) ; zòt conn fèmen fanm nan kacho tou osnon anpeche yo jwenn bagay yo plis bezwen (tankou manje, paregzanp), elt.
- ◊ Maspinay fizik : zòt conn frape fanm, ba yo kout pye, redi yo nan cheve, kole dan sou yo, voye asid sou yo oubyen sèvi ak lòt teknik pou touye fanm, poutèt kesyon dòt ki twò pitit (dòt se lajan oswa byen fanmi fanm, nan sèten peyi, dwe ba gason k ap marye ak pitit yo) ; gen moun ki touye fanm tou, swadizan pou « lave lonè yo », epi nan kèk peyi, yo gen abitid rachonnen pati entim fanm (eksizyon)
- ◊ Vyolans seksyèl ki se zak yon malandren komèt : lè I fòse yon fanm kouche avè I pou lajan ; lè I fè kadejak sou fanm li rankontre, lè I fè kadejak sou madanm li, lè I mete ansanm ak sanzave parèy li pou y al fè kadejak sou fanm ; lè I komèt zak ensès (kouche ak fanm nan fanmi I), lè I fòse fanm fè pitit san yo pa vle, lè I ap ranmase jenn fanm pote ba lòt malandren pou lajan.

### **Kèk chif estatistik :**


- ◊ Nan pifò sosyete sou latè, ant 15 al pou 50% fanm sibi maspinay fizik anba men yon mennaj oswa yon mari, pou pitit, yon fwa nan lavi yo [25].
- ◊ Lè n gade nan tout peyi sou latè, nou jwenn se jenn ti fi ki pa ko gen plis pase 16 lane ki viktim ant 40 al pou 60% krim maspinay seksyèl [26].
- ◊ Jenn ti gason viktim maspinay selsyèl tou. Nan rechèch ki fêt nan 19 peyi ki nan divès zòn sou latè, yo jwenn ant 7 al pou 34% ka sa yo nan mitan jenn ti fi, ant 3 al pou 29% nan mitan jenn ti gason [27].
- ◊ Nan lane 1998, se moun ki gen ant 15 ak 44 lane ki te viktim 69% sasinay (omisid) ki te fêt ; nan mitan viktim sa yo, sou chak 6 gason, te gen yon fanm. Nan pifò ka yo, ni viktim yo, ni asasen yo, se jenn ti gason yo ye [28].
- ◊ Nan sa k gen arevwa ak oryantasyon seksyèl (etewoseksyèl, masisi, madivin, elt..), prejje ki chita sou kesyon « genre » ka lakòz gwo zak vyolans. Paregzanp, dapre yon rapò ki soti nan peyi Angleterre, 50% madivin, masisi ak biseksyèl (moun ki fè bagay ni ak fanm, ni ak gason), ki pa gen plis pase 18 lane, déjà sibi atak fizik [29].
- ◊ Chak jou, gen 288 jèn sou latè ki touye tèt yo, akòz, nan pifò ka yo, pwoblèm ki gen rapò ak SSR, tankou : maspinay fizik, vyolans seksyèl, chirepit youn ak lòt, aktivite tafya ak dwòg, EST/VIH, gwosès malè, avòtman nan move kondisyon, oswa pwoblèm tèt chaje ki makònèn ak koze oryantasyon seksyèl [30].
- ◊ Jounen jodi a, gen apeprè 30 peyi sou latè kote yo kontinye ap rachonnen pati entim fanm (yo rele sa eksizyon). An jeneral, viktim yo se timoun pitit oswa jenn jenn ti fi ; mòd operasyon sa a ka gen move konsekans sou sante jenn ti fi, nan plizyè domèn : doulè petefyèl, lè sa fêt san anestesi ; san k ap koule san rete ki ka lakòz anemi ; endispozisyon ; tetanòs ; lafyèv ak enfeksyon. Pi devan, medam yo ka gen : gwo doulè, lè yo règ yo vini ; ekoulman nan kanal pipi yo ; kis ; tranche k refize sispann, lè y ap akouche ; pwoblèm sikolojik ak pwoblèm seksyèl [31].

Atik 19.1 Konvansyon sou dwa timoun yo, ki te jwenn ratifikasyon I nan pifò peyi sou latè, oblige gouvènman yo pwoteje kit se timoun, kit se jenn ti fi ak jenn ti gason, kont zak maspinay. Men sa I di :

« Leta, ki siyen dokiman sa a, ap pran tout dispozisyon nesesè, nan lachanm, nan administrasyon publik, nan enstitisyon k ap okipe kesyon sosyal ak kesyon

edikasyon, pou l pwoteje timoun kont tout fòm donmajman oswa maspinay fizik oubyen mantal, tretman vagnè oubyen negligans, move tretman oswa eksplwatasyon, ladan yo : maspinay seksyèl, tout pandan timoun lan sou kont paran l, sou kont moun lalwa rekonèt kòm reprezantan paran l oswa nenpòt lòt moun k ap okipe l ... »

### Men kèk move konsekans divès fòm vyolans ka bay:



## **Enfòmasyon sou gwochè twò bonè, gwochè malè ak avòtman**

Chak ane, gen apeprè 10% nan akouchman ki ap fèt sou latè kote manman ptit la se yon jenn ti fi. Anpil fwa, se yo k chwazi fè ptit la. Men, daprè sa OMS pwouve, laj kote yon fanm gen plis chans pou l fè ptit san danje se ant 20 al pou 24 lane ; se sa k fè, lè yon jenn ti fi, ki pa ko rive nan laj sa yo, pran yon gwochè, li mete sante l nan yon sitiyasyon malèpandye [32]. Sa k fè sa, se paske, yon bò, chapant kò anpil jenn ti fi, ki pa ko gen 18 lane, poko fin byen devlope, yon lòt bò, kanal kote ti bebe a gen pou l soti a pa fin devlope nonplis, toutotan yon fanm pa ko gen 20 lane apeprè. Nan konplikasyon yon gwochè twò bonè ka bay, nou jwenn : anemi ; enfeksyon bakteri lakòz ; akouchman anvan lè ; tranche difisil ki derefize sispann, poutèt basen jenn ti fi twò piti ; timoun ki fèt tou mouri ; ak fistil (maladi kote pati, ki separe twou chouchoun lan ak twou dèyè a, dechire). Nou jwenn 2 al pou 5 fwa plis lanmò akòz konplikasyon nan gwochè pamì jenn ti fi ki pa ko gen 18 lane yo, lè n konpare yo ak sila yo ki gen ant 20 al pou 29 lane.

Jenn ti fi (ak jenn ti gason tou) dwe jwenn enfòmasyon kòrèk, pou yo ka devlope kapasite yo pou yo refize al nan kontak seksyèl, lè yo santi yo pa ko pare, epi fòk yo jwenn tou tout sèvis k ap ede mete barikad pou bare wout gwochè twò bonè ak gwochè malè. Nan travay louvri je sa a, fòk yo jwenn enfòmasyon total kapital sou metòd planin k ap pi bon pou yo nan sitiyasyon yo ye a (ladan yo : enfòmasyon sou avantaj ak dezavantaj metòd sa yo pou moun ki gen pwoblèm VIH/EST). Yo bezwen tou enfòmasyon sou gress planin espesyal pou ka dijans ki ka ede yo bloke yon gwochè malè, lè yo gen konpòtman seksyèl brave danje oswa lè metòd y ap itilize a lage yo nan wout.

Lè yo pa t rive bloke yon gwochè malè, gen anpil anpil jenn ti fi ki derefize kenbe ptit la, poutèt :

- ◊ gwochè la se rezulta yon kadejak oswa yon zak ensès (se yon malandren nan fanmi yo ki ansent yo)
- ◊ yo pa santi yo ka pote ptit, fè ptit epi okipe ptit
- ◊ yo gen laperèz devan reyaksyon papa yo/manman yo ak kominate a, an jeneral, ka genyen
- ◊ yo gen laperèz akòz opòtinite yo ka pèdi nan sa k konsène fòmasyon yo ta vle pran ak djòb yo ta vle jwenn

Rezulta: chak ane, se plis pase 4 milyon 4 san mil jenn fanm ki fè avòtman; anpil fwa, se byen ta y al fè sa, nan moman kote gen plis danje pou sante yo. Toupatou sou latè, piò jenn ti fi, k ap fè avòtman, fè sa nan move kondisyon, poutèt, anpil fwa, se an kachèt operasyon an fèt. Lè konsa, jenn ti fi sa yo kouri al jwenn yon seri endividé ki pa gen ni konpetans, ni enstalasyon ki gen bon kondisyon ijyèn, pou yo fè avòtman ; jenn ti medam yo konn itilize tou kèk metòd makawon, ki se malèpandye pou lasante, pou yo « jete » ptit la poukont yo. Dapre kalkil ki fèt nan tout peyi sou latè, sou chak 3 fanm, ki entènè lopital pou pwoblèm konplikasyon apre avòtman, youn ladan yo se yon jenn ti fi ki pa ko gen 20 lane[33] ; nan rechèch ki fèt nan bout kontinan Afrik ki anba dezè Saara a, yo jwenn ant 30 al pou 80% jenn ti fi nan tout moun ki antre lopital akòz konplikasyon nan avòtman[34].

Lalwa nan anpil peyi sou latè rekonèt avòtman gen dwa fèt, lè se pou pwoteje sante fanm ansent lan, oubyen lè gwochè la se rezulta yon kadejak oswa yon zak ensès (lè se yon malandren nan fanmi fanm lan ki ansent li). Men jouk jounen jodi a, ti medam, ki nan sitiyasyon sa yo, kontinye ap fè avòtman nan move kondisyon, paske politik sante, ki egziste nan divès peyi, pa pèmèt pwofesyonèl sante yo jwenn bonjan preparasyon, oubyen tou paske gen lòt baryè ki anpeche fanm jwenn swen kòrèk ki san danje. Menm nan peyi kote lalwa prèske pa janm rekonèt dwa pou moun fè avòtman, tout jenn fanm gen

dwa pou yo jwenn laswenyay, lè y ap soufri ak konplikasyon ki soti nan yon avòtman ki fèt nan move kondisyon. Se devwa tout gouvènman, ki te siyen nan lane 1994, *Pwogram pou Aksyon* ki te soti nan Konferans Lekè a (CIPD), pou yo fè yon jan pou tout fanm ki fè avòtman jwenn laswenyay.

Dòktè Gro Harlem Brundtland, ki te direktris OMS, fè reskonsab sektè sante yo sonje obligasyon yo genyen, lè I deklare : « Chak ane ...se jenn ti fi ki fè youn sou chak 4 avòtman nan move kondisyon ki fèt sou latè. Se yon devwa moral nou genyen, pou n bare wout soufrans sa a ak tout dega li lakòz yo » [26]. Laswenyay apre avòtman dwe gen ladan I tretman pou nenpòt kalte konplikasyon, konsèy sou metòd planin ki ka bare wout lòt gwo sès malè, konsèy sou lòt swen SSR moun lan ka bezwen, tankou sipò pou moun ki viktim zak vyolans ak tèsVIH/EST.

Nan peyi kote lalwa rekonèt avòtman, fòk jenn ti fi yo konnen yo gen posiblite pou yo fè sa. Nan peyi Lewòp Lwès yo, kote jenn ti fi gen chans jwenn edikasyon seksyèl total kapital, kote yo gen posiblite pou yo jwenn kapòt ak lòt metòd planin, epitou kote lalwa rekonèt dwa yo pou yo fè avòtman, kit se kantite avòtman ki fèt, kit se kantite pwoblèm konplikasyon apre avòtman, yo bese byen ba. Li enpòtan pou n fè tout moun sonje avòtman se yon operasyon byen senp, san danje, lè se pwofesyonèl konpetan k ap fè I kòm sa dwa nan kondisyon ki pa depaman ak lasante. Nan peyi Etazini, paregzanp, chans pou ti medam, ki gen ant 15 al pou 19 lane yo, mouri nan gwo sès ak akouchman 20 fwa plis pase chans yo genyen pou yo mouri nan avòtman [35].

#### **Deklarasyon enpòtan ki soti nan dokiman entènasyonal :**

- ◊ « Nan kèleswa sitiyasyon an, fòk fanm jwenn bon jan swen sante pou yo fè fas ak konplikasyon avòtman lakòz. San grata tèt, yo dwe ofri yo tout konsèy moun ki fè avòtman bezwen, enfòmasyon ak metòd planin k ap ede yo bare wout lòt gwo sès malè. » (*Pwogram pou Aksyon*, konferans Entènasyonal sou popilasyon ak Devlopman, 1994, paragraf, 8.25)
- ◊ « ...Nan tout sitiyasyon kote lalwa pa anpeche moun fè avòtman, se nan bon kondisyon pou sa fèt » (*Pwogram pou Aksyon*, konferans Entènasyonal sou popilasyon ak Devlopman, 1994, paragraf, 8.25)
- ◊ « Nan rapò yo, peyi manm yo dwe di kijan yo ba medam yo laswenyay gratis ti cheri, pou tout danje al bwa chat, kit se nan gwo sès, kit se nan akouchman, kit se nan swen apre akouchman. Anpil fann kontre ak danje lanmò oswa danje pou yo kokobe akòz pwoblèm ki makònèn ak gwo sès, poutèt yo pa gen ase lajan pou y al chèche swen yo bezwen, ladan yo : laswenyay anvan, pandan ak apre akouchman. Komite a fè peyi manm yo sonje yo gen devwa pou yo garanti dwa medam yo genyen pou yo fè pitit san danje, pou yo jwenn swen obstetriks prese prese ; se pou peyi yo mete pi gwo kantite resous nan sèvis sa yo. (*Rekomandasyon Jeneral* 24.27, ventyèm sesyon Komite Nasyonzini pou swivi Konvansyon sou Eliminasyon kont tout fòm Diskriminasyon kont Fanm).

#### **Enfòmasyon sou VIH/EST ak SIDA**

Nan lane 1998, dapre kalkil ONUSIDA ak OMS te fè, plis pase lamwatye enfeksyon VIH yo te fèk dekouvri yo – apeprè 7000 chak jou – te parèt nan mitan jèn ki gen ant 10 al pou 24 lane ; yon lòt bò, youn, pou pi piti, sou chak 3 nan 333 milyon ka EST – ki ka trete – ki parèt chak ane, se nan mitan jenn fanm/jenn gason ki pa ko gen 25 lane yo te dekouvri yo [26].

#### **Jenn ti fi ak tout jèn yo, an jeneral, fè pati gwoup ki pi vit trape EST ak VIH. Paregzanp :**

- ◊ Nan kò jenn ti fi ki pi piti yo, twou ki la pou pwoteje chouchoun lan ak kòl matris la pa ko fin byen devlope, li pa ko fin pare ; se poutèt sa, nan travay bare wout viris, li pa ko ka bay tout rannman I dwe bay.
- ◊ Anpil fwa, jenn ti fi al nan kontak seksyèl ak gason ki pi gran pase yo epi ki gen pi lontan, natirèlman nan prèske tout ka yo, depi y ap fè eksperyans seksyèl ; ak tout eksperyans sa yo, patnè sa yo gen anpil chans pou yo te déjà trape yon EST oswa VIH, yon seri

enfeksyon yo ka lage trapde nan kò tout jenn ti fi ki al nan kontak seksyèl avè yo san pwoteksyon.

- ◊ An jeneral, jenn ti medam yo pa vrèman gen kapasite pou yo bay dizon pa yo nan desizyon mennaj yo ap pran, yon bò, akòz prensip sosyal ki chita sou koze « genre », yon lòt bò, akòz difikilte yo genyen, kòm « tikatkat », pou yo ranmase karaktè yo.
- ◊ Jenn ti fi, ki pa gen chans al lekòl, ki pa gen ni kapasite, ni opòtinite, pou yo jwenn travay k ap peye yo kòm sa dwa, ki pa ka jwenn okenn sipò bò kote fanmi yo, gen anpil chans pou yo tonbe nan vann kò yo pou lajan, pou lòt bagay ki gen valè oswa nenpòt sa yo bezwen. Akòz sèks yo ak ti laj yo genyen an, yo ka gen anpil difikilte nan negosyasyon yo ta vle fè, pou yo evite konpòtman seksyèl brave danje.

### **Jenn ti gason tou ka lage 2 bra pandye devan VIH/EST. Paregzanp :**

- ◊ Lè yo nan laj sa a, gwo presyon y ap pran nan men jenn ti gason parèy yo ansanm ak prensip sosyal ki chita sou koze « genre » konn pouse yo chèche anpil mennaj, pou yo ka montre tout moun kijan yo gen « gason » sou yo.
- ◊ Jenn ti gason ka gen anpil difikilte tou pou yo sèvi ak kapòt. Paregzanp, timidite ka fè yo wont al achte oswa al mande kapòt. Nan travay refleksyon ki t ap fèt ak yon seri gwoup nan peyi Afrikdisid, nou te dekouvri kijan gen kèk jenn ti gason ki derefize sèvi ak kapòt, paske yo pè pou lawont pa anvayi yo, si – mande Bondye padon ! – kapòt la ta chape soti nan kòk yo, poutèt li twò gwo pou yo [36].
- ◊ Anpil kote sou latè, yo kontinye lonje dwèt sou masisi ki toujou ap viktim tout kalte diskriminasyon ; se sa k fè jenn ti gason, ki masisi, gen anpil difikilte pou yo kite oryantasyon seksyèl yo parèt aklè ; konsa, yo mal pou jwenn enfòmasyon yo bezwen sou SSR, yo mal pou pran dispozisyon yo dwe pran, pou koupe zèb anba pye danje k ap menase SSR yo.
- ◊ Jèn k ap pran dwòg pèdi nan kapasite yo genyen pou yo pwoteje tèt yo kont enfeksyon VIH, pou 2 rezon : dwòg fè yo ba tèt yo plis manti sou swadizan kontwòl yo gen sou tèt yo, dwòg fè yo plis anvi brave danje – paregzanp, yo pa p pè al nan kontak seksyèl san pwoteksyon ; lè yo dwoge, y ap pataje, san gade dèyè, sereng oswa lòt bagay y ap foure nan kò yo, sa k ap pèmèt viris la fè vòl dirèk pou I tonbe nan san yo. Dapre kalkil ONUSIDA fè, 80% nan dwoge, ki enfekte tèt yo ak sereng kontamine, se gason yo ye [37].

Lè jenn ti fi/jenn ti gason trape VIH, yo pran anpil tan, anvan yo devlope maladi SIDA. Nan peyi kote malad yo ka jwenn tretman antiretwoviral la, yo gen dwa viv anpil ane. Men nan peyi pòv yo, enfeksyon ki mache ak maladi a ka mennen malad yo trapde nan peyi san chapo. Dapre kalkil ONUSIDA, paregzanp, nan 8 peyi afriken ki gen, pou piti, 15% nan granmoun yo ki enfekte ak VIH, youn sou chak 3 jenn ti fi ak jenn ti gason, ki gen kounye a 15 lane, gen pou yo mouri ak maladi SIDA [38].

Nan menm kout kat la, jenn ti fi/jenn ti gason ki, jounen jodi a ap viv ak VIH/SIDA, gen pou yo goumen ak yon seri pwoblèm malouk nan lavi yo ; pwoblèm sa yo soti depi nan nesesite pou yo kontinye meble lespri yo, pase nan nesesite pou yo jwenn travay (se sou kesyon sa a, yo ka gen plis difikilte, akòz enfeksyon opòtinis k ap fè ale-retou sou yo), rive nan desizyon yo ka vle pran pou yo marye epi konstwi yon fanmi.

Jenn ti fi/jenn ti gason ki trape yon EST gen pou yo goumen tou ak anpil lòt pwoblèm. EST ki pa trete (jenn ti medam yo pi vit gen pwoblèm sa a, paske, kòm gen sentòm ki konn kache kò yo andedan, yo konn fè anpil tan, anvan yo dekouvri yo) ka lakòz lòt pwoblèm SSR. Paregzanp, yon enfeksyon klamidya ki pa trete ka dechouke pouvwa yon fanm genyen pou I fè ptit ; yon pwoblèm konsa ka fè yon jenn fi mal pou jwenn gason ki vle marye avè I oswa, si I te deja marye, divòs oubyen separasyon gen dwa mete pye trapde. Viris ki bay maladi ki rele Papiyòm lan, yon EST ki, nan kèk zòn sou latè, gen abitid atake jenn ti fi, ka ogmante chans yon fanm genyen pou I fè kansè kòl matris. Si yon jenn fi ansent, pandan I ap soufri ak yon EST, li gen plis chans pou I devlope yon gwosès ekstra-iteren (yon gwosès, kote ti bebe a kòmanse devlope andeyò matris la), plis chans pou I trape yon enflamasyon nan basen k

ap fè ale-retou sou li, plis chans tou pou l fè fòs kouch oswa pou ti bebe a fèt tou mouri [26].

### **Kesyonè sou tèm ki gen arevwa ak SSR**

Kesyonè sa a se ptit yon zouti Komisyon Popilasyon peyi Filipin (POPCOM) te itilize pou l te ka konnen ki lide differan moun, k ap pran desizyon, ak pèsonèl POPCOM lan genyen sou pwoblèm ki makònèn ak sante repwodiksyon [39]. Se yon zouti ki pèmèt yo mezire sansiblite pèsonèl la genyen sou pwoblèm sante repwodiksyon jounen jodi a ; yo sèvi avè l tou nan preparasyon politik ak pwogram y ap gen pou yo mete sou pye. Nenpòt moun ka ranpli kesyonè a. Nou gen dwa pase men ladan, selon bezwen òganizasyon nou an ; nou ka itilize l, pou n chèche konnen ki antant ki egziste nan mitan mamm òganizasyon nou an, sou tout kesyon jeneral ki merite n voye je sou yo, ak tout kesyon ki konsène jenn ti fi/jenn ti gason espesyalman :

1. Daprè ou, kisa sante repwodiksyon vle di ?
2. Daprè ou, kiyès nan sijè sa yo ki gen rapò ak pwoblèm sante repwodiksyon nan peyi a ? Kiyès ladan yo ki konsène jenn ti fi ak jenn ti gason ? (Fè yon kwa sou tout sa w kwè ki enpòtan yo)
  - ◊ Sante/posibilité jenn ti fi ki fèk ap fòme genyen pou yo ansent
  - ◊ Sante jenn ti gason/developman pouvwa fè ptit yo
  - ◊ Maladi/Mòtalite matènèl
  - ◊ Laswenyay anvan ak apre akouchman (swen prenatal ak swen pòsnatal)
  - ◊ Sante fanm
  - ◊ Sante gason
  - ◊ Possibilité ti bebe ak timoun ki pi gran yo genyen pou yo chape
  - ◊ Sante seksyèl
  - ◊ Aktivite seksyèl
  - ◊ Oryantasyon seksyèl
  - ◊ Pouvwa fè ptit
  - ◊ Planin
  - ◊ Kalite swen
  - ◊ Avòtman
  - ◊ Nitrisyon
  - ◊ Ligati/Vazektoni (Esterilizasyon)
  - ◊ Esterilite (pwoblèm moun ki pa ka fè ptit)
  - ◊ VIH/SIDA
  - ◊ EST
  - ◊ Enfeksyon nan aparèy repwodiksyon
  - ◊ Gwosès malè/gwosès san preparasyon
  - ◊ Pwoblèm règ
  - ◊ Chanjman lakay timoun k ap fòme
  - ◊ Menopoz (sitiyasyon fanm ki arete)



Oryantasyon seksyèl se yon sijè enpòtan pou SSR  
(yon afich .....)

- ◊ Vyołans lakay ak vyołans seksyèl
  - ◊ Lòt pwoblèm
3. Èske yo ta dwe fè kou edikasyon seksyèl ak edikasyon familyal pou jenn ti gason? E pou jenn ti fi?
- |      |       |                      |
|------|-------|----------------------|
| ◊ Wi | ◊ Non | ◊ Sa depan, De kisa? |
|------|-------|----------------------|
- (Si repons lan se Wi, reponn kesyon k ap vini an ; si repons lan se Non oswa Sa depan, pase nan kesyon 6)
4. A ki laj jenn ti gason ta dwe kòmanse swiv kou edikasyon seksyèl ? E jenn ti fi ?
  5. Kisa pou yo ta mete nan pwogram edikasyon seksyèl ak edikasyon familyal la ? Fè yon kwa sou tout sijè nou wè k nesesè yo.
    - ◊ Koze « genre » ak rapò ant famn ak gason
    - ◊ Fizyoloji ak anatomi repwodiksyon
    - ◊ Chanjman lakay timoun k ap fòme
    - ◊ Oryantasyon seksyèl
    - ◊ Mastibasyon (laponyèt, « Dieu seul me voit », elt.)
    - ◊ Kilè pou moun kòmanse al nan aktivite seksyèl ?
    - ◊ Dezavantaj sa genyen, lè moun al nan kontak seksyèl twò bonè
    - ◊ Kilè pou moun marye ?
    - ◊ Dezavantaj sa genyen, lè moun marye twò bonè
    - ◊ Abstinans (lè moun pa al nan kontak seksyèl ditou)
    - ◊ Monogami (yon sèl madanm, yon sèl mari)/fidelite
    - ◊ Avòtman
    - ◊ Esterilizasyon (ligati/vazektomi)
    - ◊ EST
    - ◊ Enfeksyon nan aparèy repwodiksyon
    - ◊ VIH/SIDA
    - ◊ Vyołans lakay ak vyołans seksyèl
    - ◊ Lòt sijè
  6. Èske gason gen dwa al nan kontak seksyèl, anvan yo marye ? E fanm ?
  7. Èske ti medam ki pa ko marye yo ta dwe jwenn enfòmasyon sou metòd planin? E jenn ti gason ki pa ko marye?
  8. Èske entitisyon k ap bay konsèy sou planin familyal yo ta dwe resevwa jenn ti gason ki pa ko marye? E jenn ti fi ki pa ko marye yo?
  9. Èske jenn ti gason ki pa ko marye yo ta dwe jwenn metòd planin pou yo swiv? E jenn ti fi ki pa ko marye yo?
  10. Èske w panse kapòt se yon metòd planin familyal ki bon pou gason? E pou fanm?
  11. Èske w panse kapòt fanm se yon metòd planin familyal ki bon pou medam yo? E pou gason?
  12. Èske w panse tout jenn ti fi ta dwe gen posiblite pou yo jwenn grenn planin espesyal pou ka dijans ?

13. Èske w panse tout jenn ti gason ta dwe gen posiblite pou yo fè tès epi jwenn tretman « je wè, bouch pe » pou EST ? E ti medam yo ?
14. Èske w panse jenn ti gason ta dwe gen posiblite pou yo fè tès « je wè, bouch pe » pou SIDA ? E ti medam yo ?
15. Kisa k fèt, pou kantite gwosè s malè ak gwosè s san preparasyon yo ka manyen bese ?
16. Dapre sa k di nan *Pwogram pou Aksyon Konferans Entènasyonal sou Popilasyon ak Devlopman* ki te fèt nan lane 1994, tout fanm gen dwa pou yo jwenn laswenyay, lè yo fin fè avòtman ( kitaj ak/oswa tretman, lè se fòs kouch oswa avòtman nan move kondisyon yo fè), menm lè lalwa pa pèmèt moun fè avòtman lib e libè. Èske w panse òganizasyon w lan ta dwe ba fanm ak jenn ti fi, ki fè avòtman, rekòmandasyon, pou y al chèche laswenyay ?
17. Èske w panse yon fanm – yon jenn ti fi tou – ta dwe jwenn posiblite pou l fè avòtman nan bon kondisyon, san l pa tonbe nan kontravansyon ak lalwa, lè :
  - ◊ gwosè s la se rezulta yon kadejak
  - ◊ lavi l an danje
  - ◊ sante l an danje
  - ◊ timoun lan ka fèt ak enfimite oswa donmajman
  - ◊ manmzèl pa vle kenbe timoun lan, akòz pwoblèm ekonomik li genyen
  - ◊ li pa vle kenbe pitit la, poutèt li pa marye
  - ◊ li pa vle kenbe pitit la, paske li se jenn ti fi k ap viv nan lari
  - ◊ li pa vle kenbe pitit la, paske towo gwonde k ap viv avè l la ap plede bat li ; konsa, li pè pou l pa fè fòs kouch, oubyen tou li pa vle leve pitit li nan yon kay kote vyolans se sèl kòk chante
  - ◊ li pa gen okenn rezon pou sa
  - ◊ Èske gen lòt rezon pou yon fanm ta jwenn posiblite pou l fè yon avòtman nan bon kondisyon, san l pa tonbe nan kontravansyon ak lalwa ?
18. Nan divès fòm vyolans fanm ak ti fi ap sibi chak jou, sou kiyès ladan yo ou plis konn tande moun pale ? Sou kiyès ou plis konn li (nan liv, jounal, elt.) ?
19. Nan divès fòm vyolans k ap fèt sou gason ak ti gason, sou kiyès ou plis konn tande moun pale ? Sou kiyès ou plis konn li (nan liv, jounal, elt.)
20. Kisa òganizasyon w lan ta ka fè pou l koresponn ak tout pwoblèm vyolans ki gen move konsekans sou jenn ti fi/jenn ti gason ?

### **Ankèt sou sansiblite moun sou koze « genre » : Ki degré sansiblite sou kesyon « genre » ki egziste nan travay w ap fè a ?**

Lis kesyon sa a, yo te fè l nan entansyon pou yo te ede moun, k ap prepare pwojè, ak teknisyen, k ap prepare deplòtonnay pwojè sa yo, mete sou pye yon seri politik ak pwogram batay kont VIH/EST ak SIDA ki sansib sou kesyon « genre » [40] ; nou fè yon pase men ladan, pou n ka ajoute kèk sijè sou SSR. Tou dabò, se pou w gade ki domèn ki antre nan aktivite w ap mennen an. Apre, pou chak kesyon, reponn wi, enpe oswa non.

### **Ankèt**

- ◊ Èske w chèche wè tout konsekans inegalite (fòs kote) nan kesyon « genre » genyen sou divès domèn nan sante seksyèl ak sante repwodiksyon (SSR) ?

- ◊ Éske rechèch ou yo chita sou pwoblèm ki gen yon enpòtans espesyal pou jenn ti fi ak jenn ti gason ?
  - kontwòl sou malèpandye ki menase fanm
  - posiblite pou fanm pran desizyon nan divès sitiyasyon
  - dwa pou fanm kontwole pouvwa fè pitit yo
  - reyalite ki ankouraje gason kite fanm bay dizon yo, lè y ap pran desizyon sou kesyon fè pitit
  - èske timoun ka pran VIH nan lèt manman?
  - metòd medam yo ka itilize pou yo pwoteje tèt yo kont VIH/EST ak gwo sès malè
  - reyalite ki ka ankouraje gason ak fanm brase lide sou reskonsablitè yo tout genyen pou yo fè prevansyon kont VIH/EST ak gwo sès malè
  - reyalite ki ka ogmante kapasite gason oswa fanm genyen, pou yo mete barikad pou bare EST/VIH ak gwo sès malè
  - posiblite gason oswa fanm genyen, pou yo jwenn swen sante ki nesesè pou yo
  - kadejak ak vyolans
  - travay seksyèl (travay fanm ki sètoblije ap vann kò yo pou yo pa mouri grangou)
  - konpòtman seksyèl ki ouvri pòt ba VIH
  - wòl fanm genyen pou I «okipe moun» ak konsekans sa genyen sou pwodiksyon ak edikasyon
  - reyalite ki ka ankouraje gason bay kout men nan travay k ap fèt lan kay ak nan “okipe moun”
  - dwa pou moun eritye byen
- ◊ Éske w chèche wè ki sous enfòmasyon ki pi bon pou divès gwoup, daprè sèks ak laj moun ki ladan yo?
- ◊ Éske w itilize sous enfòmasyon sa yo, pou w pibliye rezulta ankèt w ap fè yo oswa pou w simaye lòt kalte enfòmasyon?
- ◊ Éske w chèche konnen ki baryè ki anpeche fanm ak jenn ti fi patisipe nan aktivite ki nan pwogram w ap mete sou pye yo?

### **Pou moun k ap prepare pwojè, planifikatè ak teknisyen k ap mete pwogram sou ray**

- ◊ Éske tout moun, k ap mete pwogram yo sou ray, pare pou yo abòde tout pwoblèm ki chita sou koze “genre”?
- ◊ Éske gen jenn ti fi ak jenn ti gason ki patisipe nan preparasyon pwogram ak politik n ap mete sou pye yo, èske n mande yo dizon yo, lè n ap pran desizyon?
- ◊ Éske jenn ti fi ak jenn ti gason dakò ak objektif pwogram yo?
- ◊ Éske nou bat chatbari kont vyolans sou fanm ak ti fi nan entèvansyon nou yo (aksyon politik, pwogram fòmasyon, batay pou gen pase men ki fèt nan lwa peyi a) ?
- ◊ Éske pwogram yo konsidere kijan 1) diferans ki egziste ant wòl fanm ak wòl gason, 2) enposiblite pou moun gen men-leve sou resous yo bezwen, ak 3) entèdiksyon pou yo bay dizon yo, lè zòt ap pran desizyon pou yo, fè jenn ti fi ak jenn ti gason pèdi nan kapasite yo genyen pou yo pwoteje pwòp tèt yo?
- ◊ Éske pwogram yo konsidere diferans ki egziste ant eksperyans lavi gason ak eksperyans lavi fanm?
- ◊ Éske pwogram yo fè diferans ant bezwen gason genyen ak bezwen fanm genyen nan domèn lasante, nan chak etap nan lavi yo?

- ◊ Èske pwogram yo ap plede pou yo ka mete, nan lekòl yo, yon kou sou sante seksyèl ki gen kesyon "genre" lan kòm baz, kòm fondasyon ?
- ◊ Èske pwogram yo ankouraje madanm, mouche, manman, papa, jenn ti fi ak jenn ti gason chita ansanm pou yo brase lide sou pwoblèm ki plötönen ak sante seksyèl?
- ◊ Èske pwogram yo ankouraje mesye yo konprann devwa yo genyen pou yo di mennaj yo oswa madanm yo si yo gen VIH nan san yo (si yo sewopozitif)?
- ◊ Èske pwogram yo ankouraje tout gason, kit yo granmoun, kit yo jèn, bay dizon yo sou kesyon gwosès , san yo pa blye dizon madanm yo ak dizon pa yo dwe gen menm pwa nan balans lan?
- ◊ Èske entevansyon nou yo chèche fè gason konprann, pi plis chak jou, devwa yo genyen pou yo pran swen fanmi yo?
- ◊ Èske pwogram edikasyon ak komunikasyon nou yo ankouraje gason bay kout men nan travay lan kay ak nan tout lòt reskonsablite ki tonbe, an jeneral, sou do fanm?
- ◊ Èske pwogram yo ankouraje kit se asosyasyon k ap feraye nan domèn byennèt sosyal, kit se ONG, kit se anplwayèz ak anplwaye yo, pou yo kontinye, san pran souf, ba timoun ak malad laswenyay, oubyen fè demach pou yo jwenn laswenyay?

### **Aktivite ki nan pwogram yo**

- ◊ Èske n òganize aktivite yo nan lokal kote ni jenn ti gason, ni jenn ti fanm , ka ale san pwoblèm? Èske n fè reyinyon yo nan lè ki bon pou ni fanm, ni gason?
- ◊ Èske n gen moun ki la pou voye je sou timoun, pandan dewoulman aktivite yo ak reyinyon yo?
- ◊ Èske n kreye sitiaysyon pou jenn ti fi ak jenn ti gason ka santi yo alèz pou yo bay opinyon yo, di sa yo santi, di kisa yo bezwen, lib e libè ?
- ◊ Èske n eseye fè yon jan pou jenn ti fi ak jenn ti gason ka chita ansanm pou youn koute lòt, pou youn reflechi sou pwoblèm lòt, yon fason k ap pèmèt bagay yo vanse ?

### **Aktivite « voye konpòtman seksyèl san danje monte » : kisa n ap fè nan domèn sa a ?**

- ◊ Èske n bat chatbari dèyè prensip « 2 pwa, 2 mezi » pou fanm ak gason an, nan sa k gen arevwa ak : a) aktivite seksyèl jenn timoun ap mennen, b) kontak seksyèl sanzatann (lè moun fè yon « chap », c) zafè adiltè ?
- ◊ Èske n chèche ede moun rezoud pwoblèm yo genyen ak itilizasyon kapòt, kit pwoblèm sa yo konsène gason , kit yo konsène fanm ?
- ◊ Èske n aprann moun – kit se gason, kit se fanm – sèvi ak kapòt ?
- ◊ Èske n ap travay pou jenn ti fi ak jenn ti gason ka jwenn kapòt san pwoblèm ?
- ◊ Èske n ede ni gason, ni fanm, devlope ladrès yo genyen pou yo egzije, nan negosyasyon, konpòtman seksyèl ki san danje ?
- ◊ Èske n ankouraje medam yo ba tèt yo valè (fè yo gen plis konfyans nan tèt yo, ranfòse oto-estim yo) ?
- ◊ Èske n òganize n pou n fè fas kare ak pwoblèm maspinay seksyèl ?
- ◊ Èske n ankouraje, nan domèn rapò moun ak moun, atitud ki ka ede ni fanm, ni gason, satisfè bezwen seksyèl yo ?

### **Laswenyay : kisa n mete nan pwogram yo?**

- ◊ Èske n fè tout sa n kapab, pou ni jenn ti gason, ni jenn ti fi – san okenn paspouki – jwenn tout kalte sèvis SSR ki egziste ?
- ◊ Èske n fè yon jan pou sant ki okipe kesyon planin familyal yo atire jenn ti gason epi ba yo bèl akèy?

- ◊ Éske n ankouraje jenn gason jwe yon wòl ki pi aktif nan pran swen fanmi yo?
- ◊ Éske n ap chèche solisyon pou pwoblèm ki makònèn kit se ak koutim sosyete a, kit se ak lwa sou eritaj yo, lè yo pase anba pye dwa fanm, dwa jenn ti fi/jenn ti gason ak dwa timoun?
- ◊ Éske n ap chèche solisyon pou pwoblèm ekonomik k ap malmennen jenn ti gason ak jenn ti fi?
- ◊ Éske n òganize n pou gwo wòl ti fi ap jwe nan travay lan kay ak pwoblèm razè, k ap kraze fanmi yo, pa anpeche yo al lekòl?
- ◊ Éske n pèmèt jenn ti gason antre, kòm volontè, ni nan travay n ap fè ak kominote a, ni nan travay n ap fè nan sidatoryòm yo (kay espesyal pou moun ki gen pwoblèm VIH/SIDA) ?

Senkyèm pati:

## Lòt aktivite andiplis

Yon fason espesyal, n ap mande pou animatè/z yo fè premye aktivite ki nan pati sa a, pandan yo nan etap preparasyon ak planifikasyon atelye a. Si n jwenn yon ti tan andiplis pou n planifye yon atelye espesyal, nou gen dwa tou fè tout lòt aktivite nou jwenn nan pati sa a. Yon lòt bò, aktivite sa yo ka sèvi kòm baz, kòm fondasyon, pou aktivite swivi yo.

### Ki atitud ak prensip nou genyen ? Yon aktivite pou animatè/z yo (inè edmi)

#### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo dekouvri ki atitud yo genyen anfas koze sa yo : aktivite seksyèl, repwodiksyon, dwa moun genyen nan domèn seksyèl ak nan domèn repwodiksyon [41]

#### Teknik n ap itilize

Chak patisipan ap kòmanse reflechi poukout yo ; answit, tout pastisipan yo ap chita ansanm pou yo brase lide

#### Materyèl nou bezwen

Gid sipò ak kesyon yo, kreyon

#### Ti resèt pou animatè/z yo

- ◊ Ba chak patisipan yon kreyon ak yon gid sipò ki gen ladan kesyon nou pral jwenn yo; mande yo pou yo pran 20 minit pou yo reponn kesyon yo, san yo pa bezwen ekri twòp pawòl.
- ◊ Apre sa, mande pou yo chak chwazi yon asosye (chak gwoup yo ap gen 2 patisipan : yon fanm + yon gason), pou yo reflechi ansanm pandan 20 minit sou repons yo bay yo. Lè travay la fini, se tout patisipan yo nèt ki pral brase lide sou repons chak gwoup yo.
  1. Si w ap swiv yon metòd planin oswa w sèvi ak kapòt, èske w panse sa pèmèt ou jwi lavi seksyèl ou pi byen ? Poukisa ? Kijan ?
  2. Si w pa p swiv okenn metòd planin epi w pa sèvi ak kapòt, èske w ta renmen kòmanse (fè sa) ? Poukisa ?
  3. Èske w panse fanm ak gason ki pa gen pitit manke « matirite » oswa manke « moso » ?
  4. Èske w te deja trape yon EST ? Si repons lan se wi, èske l te fasil pou ou, pou w te jwenn tretman ? Èske tretman an te fèt kòm sa dwa ?
  5. Èske w viktim move tretman anba bouch moun oswa move tretman anba men moun deja ? Kijan w te santi w ? Kisa w te fè nan sitiyasyon sa a ?
  6. Èske w panse yo dwe pale ak jenn ti fi/jenn ti gason non sèlman sou danje ki egziste nan aktivite seksyèl, ak prekosyon yo dwe pran nan lavi seksyèl yo, men tou sou plezi y ap jwenn nan sa ?
  7. Si yon pitit fi w oswa yon ti nyès ou, ki gen 13 lane, ta tonbe ansent, ki reyakson w ta p genyen ? Kisa w ta p fè ak sa ?
  8. Si yon pitit gason w oswa yon ti neve w ta gwòs ti mennaj li, ki reyakson w ta p genyen ? Kisa w ta p fè ak sa ?
  9. Si yon pitit gason w oswa yon ti neve w ta trape yon EST, ki reyakson w ta p genyen ? Kisa w ta p fè ak sa ?

10. Èske w konn yon moun ki te pèdi lavi l akòz yon pwoblèm ki gen rapò ak SSR ?  
Kisa w panse ki te ka anpeche sa rive ?

### Ranmase lide

- ◊ planin yo, eksperyans nou ak yon EST nou te trape) aji sou opinyon nou genyen sou konpòtman ak dwa lòt moun genyen. Men li enpòtan pou n konprann se pa tout moun ki nan menm sitiayson ; chak gress moun fè pwòp eksperyans pa l ; se poutèt sa, se chak moun ki dwe chwazi kisa k ap bon pou li, nan sitiayson espesyal l ap viv la.
- ◊ Fè yo konprann byen kijan posizyon nou genyen, paregzanp, sou kesyon « patènite » (èske gason dwe fè oswa èske yo ka chwazi pa fè pitit ?) ap aji kanmèm sou dispozisyon nou ka genyen pou n reflechi sou kantite chwa lòt moun ka fè sou kesyon oryantasyon seksyèl, sou dezisyon yo ka pran pou yo marye oswa pou yo pa marye, sou desizyon yo ka pran pou yo fè oswa pa fè pitit ak sou moman y ap chwazi pou yo fè pitit. Nou pa dwe fòse moun gen menm opinyon avè n, nou dwe ede yo jwenn, pito, tout enfòmasyon yo bezwen, pou yo ka pran, an granmoun, desizyon k ap bon pou ni pou yo menm, ni pou madanm yo (osnon mouche yo).
- ◊ Fè yo konnen : pase men ki fèt, nan anpil peyi sou latè, nan pwogram edikasyon seksyèl yo montre kijan, lè jenn ti fi/jenn ti gason jwenn enfòmasyon ak fòmasyon sou koze aktivite seksyèl, sa pa fè yo kouri al lage kò yo twò bonè nan fè bagay ; toutokontré, yo pran plis tan pou yo reflechi, anvan y al antre nan kontak seksyèl, epitou yo gen konpòtman seksyèl ki pi serye (yo egzije sekirite ak pwoteksyon nan kontak seksyèl yo).
- ◊ Fè yo konprann trè byen verite sa a : si, nan travay edikasyon seksyèl n ap fè ak jenn ti fi/jenn ti gason, nou chita sèlman sou danje ki makònèn ak aktivite seksyèl, san n pa di anyen sou plezi yo ka jwenn nan sa, y ap sisplèk enfòmasyon sa a manke moso (ann serye, si se malèpandye sèlman n ap jwenn nan aktivite seksyèl, poukisa tout granmoun sa yo plede fè sa san rete ?)
- ◊ Pou n fini, di patisipan yo : lè n ap reflechi sou ki kalte sèvis sante yon jenn ti gason oswa yon jenn ti fi bezwen, fòk nou gade kisa n ta swete pou pwòp pitit pa nou ak ti fanmi nou ; se konsa sèlman, n ap konnen si sèvis sa a ap pwoteje sante jenn ti fi oswa jenn ti gason sa a nan pi wo degré.

### Dega vye kwayans malatyong ka lakkòz (30 minit)

#### Rezulta n ap chèche

Se pou patisipan yo dekouvrir kijan vye kwayans malatyong sou aktivite seksyèl ka lakkòz pwoblèm SSR yo vin pi grav

#### Teknik n ap itilize

Tout patisipan yo ap fè egzèsis yo ansanm ak animatè/z yo

#### Materyèl nou bezwen

Bristòl ak pawòl yo (vye kwayans yo) ekri ladan

#### Ti resèt pou animatè/z

- ◊ Montre patisipan yo 10 nan vye kwayans malatyong nou pral jwenn yo, epi mande yo si yo ka bay kèk lòt egzanp bagay tout moun «konnen» sou koze aktivite seksyèl.
- ◊ Mande yo pou yo di ki pawòl ki laverite, ki pawòl ki manti.
- ◊ Si yo montre kèk nan pawòl yo ki, daprè yo, se laverite, esplike yo poukisa yo fè erè.
- ◊ Mande patisipan yo poukisa vye kwayans sa yo lakkòz ni gason, ni fanm, gen plis pwoblèm nan domèn sante seksyèl ak sante repwodiksyon.
  1. W ap avèg kanmèm, si w plede bat laponyèt.
  2. Kò ap pouse nan men w, si w plede bat laponyèt.
  3. Jenn gason, k ap bat laponyèt, ap tounen masisi kanmèm.
  4. Fanm pa konn fè «Dye-sèl-me-vwa» (Dieu seul me voit).

5. Depi yon moun ap voye nan dòmi, ou mèt konnen l malad.
6. Nan pran lang ak mennaj ou, ou gen dwa ansent.
7. Ou pa ka ansent premye fwa w al nan kontak seksyèl.
8. Ou pa ka ansent, si se kanpe w kanpe, lè w ap fè bagay.
9. Se sèl si w al nan kontak seksyèl aswè, w ap ka ansent.
10. Ou pa ka ansent, si jennom lan rale soti, anvan l voye.
11. Si yon fanm kouri fè twalèt deba l touswit apre l fin fè bagay, li pa p ansent.
12. Semans (espèm, dechay) yon jenn ti gason pa ko fin rèk ; se poutèt sa, li pa ka gwòs fanm.
13. Yon fanm ka ansent nan benyen nan pisin, nan rivyè oswa nan lanmè ak gason.
